# МАХ ДУГ



## ТУГЪАНТЫ МАХАРБЕГ – 140 АЗЫ

8
2021



**Чындз**



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2021

# МАХ ДУГ

**8**
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2021

# НОМЫРЫ ИС:

**ЦÆГÆРАТЫ МАКСИМ: 105 АЗЫ**
ЦÆГÆРАТЫ Максим. Хистæры фарн. *Радзырд*.......................................... 6
Максимы базырджын ныхæстæ................................................................ 19

**КАЛОТЫ ХАЗБИ: 100 АЗЫ**
КЪАДЗАТЫ Станислав. Сæрибары уари. *Критикон уац*.................... 22
КАЛОТЫ Хазби. Цард у мæлæтæн æвгъау. *Æмдзæвгæтæ*......................... 31

**ПРОЗÆ**
ДЖИМИТЫ Анжелæ. Бонæй-бонмæ. *Мæ фыды мысинæгтæ ............... 36*

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**
ЦОРИТЫ Ингæ. Цæргæбонты – гуылфæнты ныхмæ. Тугъанты Махарбеджы райгуырды 140 азы бонмæ. *Уац*........................................ 61

**«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ**

**ИКЪАТЫ Владимир: 85 АЗЫ**
ПЛИТЫ Серго. Бæркадджын поэтикон курдиат. *Уац*........................... 76
Мысынц æмдугонтæ............................................................................. 86
ИКЪАТЫ Владимир. Мæ фидæн мæм, иронау дзургæ, худы. *Æмдзæгæтæ*.................................................................................................. 89

**НОГ УАЦМЫСТÆ**
БЫРНАЦТЫ Барон. Саханджери æмæ Аминæт. *Радзырд*.................. 98

**КРИТИКÆ**
ХОЗИТЫ Барис. Слæуу дæ хæхты асы ’мбæрц, Ирыстон! *Уац*................ 112

**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**
ЕГАР. Фæдзæхстытæ.............................................................................. 121

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
ЕЗЕТЫ Андрей. *Таурæгътæ*................................................................ 124

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**
СКЪОДТАТИ Эльбрус. *Радзырдтæ*....................................................... 130

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ**.............................................................. 143

# ЦÆГÆРАТЫ МАКСИМ: 105 АЗЫ



(1916 – 1990)

*ЦÆГÆРАТЫ Максим*

# ХИСТÆРЫ ФАРН

*Радзырд*

Хъæуы цæгатварс Змæстдонæн йæ иу къардиуæй иннæмæ йæ цыппæртæ ныссагъта «Дзандары хид». Кæддæры хъæдын хидæн йæ кой йæ хъæр дæр нал и, кæстæртæ йæ хъуыды дæр нал кæнынц, уæддæр ма йæ ном баззад. Хистæртæ куыд дзурынц, афтæмæй уæды заманты тынг фыдуаг уыди Змæстдон. Цæй хид æмæ цæй æндæр! Барæг дзы иннæрдæм ауайынмæ йæ ныфс нæ хаста. Æрмæстдæр-иу йæ «уæзданыл» куы уыди, уæд – къабæзтыл, тæнджыты... Уый дæр – ас адæм, лæгтæ. Йæ ивылды рæстæг сывæллон йе 'мгæрæтты ауайа – аба-бау! Фæлæ æдзух адæмы хъахъхъæнын кæй бон у! Æмæ æнæ фыдбылыз æрцæугæ дæр нæ уыди – кæм фос, кæм та «æрра барæг – донысгарæг»... Ноздзжын адæймагæн та фурд – уæраджы сæрмæ.

Æмæ абухта, бæстæ йæ сæрыл хаста Змæстдон уалдзæджы фыццаг къæвдатæй сæрды фæстаг бонтæм. Йæ сæрты цъиу батæхын нæ уагъта районмæ, горæтмæ. Рæбыны хъæутæ – дæ тæккæ фындзы бын, æмæ сæм арвы кæрæттыл зил, æхсæвæддæйыл сæм араст у. Зымæг дæр афтæ. Иннæ дæттæм кæс, æмæ-иу кæмдæр ихы бын ныхъхъус сты. Дзоныгъты, уæрдæтты, фистæгæй сыл дыууæрдæм кодтой. Змæстдонæн та зымæг дæр зымæджы хуызæн нæ уыди – æдзух йæ сæрмæ бæзджын цъæх мигъ бадти. Их уымæ дæр лæбурдта былгæрæттæй, фæлæ йæ ссæндгæ цыди, йæ сæрты-иу сабузта.

Стæй иу фæззæг колхозы тракторист Фидараты Дзандар йе 'мбæлттимæ стох кодта Змæстдоны ныхмæ. Дон ахæмтыл ахуыр нæ уыд, æмæ Дзандары трактор цалдæр фæлдæхты скодта. Змисы бынæй йæ къахын бахъуыд. Хъæдын могортæ та бынтон йæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты – изæрæй йын райсоммæ дæр нæ лæууыдысты. Фæлæ Дзандар йе 'мбæлттимæ фæстæмæ æгадæй аздæхынмæ нæ хъавыд. Ноджы хъæуы адæм... Фæсте сæ ничиуал баззад. Дур, астымы пыхс – ницæуыл уал ауæрстой. Æмæ фæуæлахиз сты Змæстдоныл...

Кæд æмæ кæд уыди уый – хæстæн йæ кой дæр нæма уыд. Азæй-азмæ æмпъызтой хиды, зылдысты йæм. Ныффидар, ныддæвдæг уый дæр. Æрмæст ацы уæззау машинæтæ... Иуахæмы сын нал бафæрæзта, мæгуыр...

Æмæ ныр йæ бæсты бетонæй астæрд могортыл æрæнцад дæргъæй-дæргъмæ хид. Абухы, йæхи могортыл хойы Змæстдон. Хæрдмæ фехсы йæ уылæнтæ. Кæддæр зæронд хиды сæрты куыд гæппытæ кодта, æвæццæгæн æй ныр дæр афтæ фæнды. Фæлæ кæм... Æгæр фидар æй ныссагътой, æгæр бæрзæндты систа йæхи. Æмæ цыма йе 'нæхъаруйыл басаст, уыйау ныссабыр Змæстдон.

«Дзандары хид»... Ном хæссынæн. Ном дарынæн... Кæд æмæ кæд ахицæн, кæддæр хъæумæ фыццаг тракторыл чи æрцыди, уыцы Дзандар! Уæвгæ, адæймаг йæ номæн цæры. Бæргæ, хæсты фæстаг нæмгуытæй йыл иу хæрхæмбæлд куынæ фæуыдаид Берлины къуындæг уынджы. Æз цыппар азы дæ фæдыл куы зилын, зæгъгæ, йæ зæрдæйы иннæрдæм куынæ ахызтаид. Уый дæр æстæм майы... Райсомы хурыскастыл... Йæ иунæг хъæбулыл хъуыды кæнгæйæ...

...Æмæ лæууы ныр йæ фыды хидыл. Дзандар гуыбыны кæй ныууагъта, уыцы иунæг фырт. Кæсы, мæй йæхи доны уылæнты куыд найы, уымæ. Дон йæхинымæр цæуылдæр хъуыр-хъуыр кæны. Рагуалдзæджы улæфтæй улæфынц быдыртæ. Суанг дон дæр. Æвæццæгæн, кæмдæр хæстæг малусæг йæ тæф æгасæй дæр дымгæйы æвджид бакодта. Рæбыны хъæуты уынгтæй искуы-иу хатт ферттивынц машинæты тарст рухсытæ. Хиды `рдæм дзы ничи здæхы. Æрмæст æрдæгыл фескъуыйынц лæппуйы хъуыдытæ. Æрдæгыл скъуыйой, уый та йæ фæндгæ нæ кæны. Ахæм æхсæв у ацы ’хсæв. Æвæццæгæн, йæ царды сæйрагдæр æхсæвтæй иу. Йæ фыды хидыл дæр уымæн лæууы. Йе 'мбæлттæй дæр йæхи уымæн расайдта. Цы ’рцыди, ууыл хъуамæ иунæгæй æртæрхон кæна. Фыды ном дæр ацы быдырты райгуырди. Ныр та йæ иунæг фырты рад у. Райсомæй фæстæмæ. Уæвгæ нæ, æрдæбоны æмбырдæй фæстæмæ...

«Мæ фыд Дзандар. Йæ кæддæры ахуыргæнинаг Хохты Хох. Ныр та – Хохы ахуыргæнинаг... Уыцы къæдзæхты раз хылычъи дурæй баззайынæн бирæ нæ хъæуы, – хъуыды кæны йæхинымæр лæппу æмæ фестъæлфы, йæ цæстытыл ауайы изæры æмбырд...

Хох ницы дзуры. Цыма куывды кæнæ чындзæхсæвмæ цыди, уыйау йæхи рацарæзта. Æнæуый дæр хæрзконд у, фæлæ ацы изæр... йæ хæрзиуджытæ цырагъы рухсмæ судзынц. Бæзджын урс сæрыхъуынтæ, рæсугъд æлвыд сауæмхæццæ рихитæ. Йе 'рдæгцъынд сау цæстытæ халас æрфгуыты бынæй хæлар каст кæнынц. Æрмæст цæсгом... Цыма дзы иу туджы цъыртт дæр нæй, уыйау цырагъы мынæг рухсмæ бынтондæр йæ хуыз фæцыд. Сцола Хох. Æмæ куыд нæ! – æртæ мæйы нæ рахызт хуыссæнæй. Æртæ мæйы фæтох кодта йæ зæронд цæфтимæ. Уæлдайдæр уыцы æнæхайыры схъис... Махар нæ уыд, уæд нæма сыстадаид. Фæлæ кæстæр… Кæстæрæн фæндаг дæттын хъæуы... Æмæ, цыма йæ цæфтæй хъæрзгæ дæр никуы скодта, уыйау бады. Æнкъардæй, æнæ исты дзургæйæ. Кæд æй сыстын нæма хъуыди? Ды та цы зæгъдзынæ, зæгъгæ йæм куы 'рхатыдтой, уæд йæ гæххæтт бакæсын кодта.

«Кæддæр, мæ тæккæ фыдуагыл ма уыдтæн, афтæ мæ тракторыл йæ фарсмæ сбадын кодта Дзандар, – фыст уыди Хохы гæххæтты. Цыма йæхи хъæбул уыдтæн, афтæ мæ барæвдыдта, баузæлыд мыл. Хæстмæ куы цыди, уæд йæ трактор мæ бæрны бакодта. Цыппор æртыккæгæм азы сæрды йæ ныууагътон... Хæстмæ алыгъдтæн. Уым дæр мæ рох нæ уыдысты Дзандары дзæбæхтæ.

Ныхас Махарыл цæуы... Фæндзæм аз иумæ кусæм, æмæ дзы тынг разы дæн. Йæ фыды кадыл къæм абадын нæ уадзы. Йæ уд-йæ дзæцц адæймагæн хорз фæуын. Искæй зынæй йæхи нæ аласдзæн. Кад ын ис хъæубæсты»...

Махарæн йæ хид къоппæй акалд. Хох æм цы зæрдæ дары, уый зыдта, фæлæ ахæм æппæлæн ныхæстæ ныффысдзæн, уый æнхъæл нæ уыди. Æмæ, Хохимæ кæрæдзимæ куы фемдзаст уæм, зæгъгæ, йæ къæхты бынмæ ныккаст, ныфсæрмы. Хох раздæрау æнцад бадти, кæмдæр сусæгæй йæхимæ хæцыд, нæ сарæхстæн, лæппуйы тыххæй дзæбæхдæр ныхæстæ зæгъын хъуыди, зæгъгæ.

«Мæн уырны, нæ колхозы коммунисттæ мемæ кæй сразы уыдзысты æмæ сæ рæнхъытæм кæй райсдзысты Дзандары фырт Махары. Махар уый аккаг у...»

Хохы гæххæтты фæстаг ныхæстæ æмдзæгъды бын фесты, дзæбæх нал райхъуыстысты.

Фермæйы хъугдуцджытæй ма дыууæйы райстой партийы рæн-

хъытæм. Стæй, æмбырд фæуынмæ хъавыд, афтæ колхозы сæрдар Бабег сыстад, иуцасдæр, стъолыл цы гæххæтты гæбаз лæууыд, уымæ æдзынæг фæкаст, стæй загъта:

– Хохты Хохы курдиат... Мæскуымæ йæ цæуын хъæуы... Операци кæнынмæ. Гъемæ, цалдæр хатты курдиат æрбалæвæрдта, ме 'нæниздзинад æвзæр кæй у, уымæ гæсгæ мæ мæ куыстæй суæгъд кæнут, зæгъгæ. Куры, цæмæй йын йæ бæсты Фидараты Махары ныууадзæм... Кæмæ уæ цы фæндон уыдзæн?

Адæм ныхъхъус сты. Цыма улæфгæ дæр нал кодтой. Сæрдары ныхæстæм хорзау нал фæци Махар дæр. Хох йæ гæххæттытæ цавæрдæр профессормæ кæй арвыста, йæ рахиз сины сæрмæ ма цы нæмыджы схъис баззад, уый та ногæй кæй «скуыста», уый зыдта, фæлæ афтæ тагъд фæраст уыдзæн, уый æнхъæл нæ уыди. Стæй йæ бæсты...

Сыстад Махар. Размæ рацыд. Къуыхцытæгæнгæ райдыдта:

– Æз зæгъдзынæн... Хохты Хохы механизацигонд звенойы уæнгты номæй... Мах æппындæр разы не стæм Хохы курдиатыл. Æмæ фæндон хæссæм: ныууадзæм Хохы йæ бынаты. Мах кусдзыстæм йæ бæсты дæр. Нæ йын фегад кæндзыстæм йæ ном... Уымæн, æмæ... Уæвгæ дзы дардыл ныхæстæ цæмæн хъæуы? Хохты Хох чи у, уый сымах мæнæй хуыздæр зонут...

Адæммæ бакæсын, алырдыгæй ныккалдтой:

– Дæ цæрæнбон бирæ...

– Гъе уый лæппу у, гъе!..

– Дæ мад дæ хуртæй бафсæдæд.

– Раст бакодтай. Мах фæндон дæр афтæ уыди, – Махарæн арфæ ракодта Бабег дæр.

Хохы цæстытæ доны кæй разылдысты, Махар ма уый бафиппайдта æмæ адæмы 'хсæнты уынгмæ ратындзыдта.

Уынг уыди талынг æмæ уазал.

...Æмæ лæууы ныр Махар йæ фыды хидыл, гæзæнхъæдыл æрæнцад, йæ цæстытæ бацъынд кодта. Доны хъуыр-хъуыр æнæхъæлæджы тракторты уынæрмæ рахызт. Уылæнтæ арф ауæдзтæй афæлдæхтысты быдырты. Мæйы фæлурс тынтæ сыл гæппытæ систой. Æфсæнты æрттывд, ауæдз куыд фæлдæхгæ цæуы, афтæ мæрыл скъуыдтæй зайы. Стæй кæйдæр къæхты фæлмæн уынæр.

Махар фестъæлфыд.

– Куыд тагъд рацыдтæ! Арфæ дæр дын нал ракодтон...

– Хох куы дæ... – æндæр йæ къухы ницыуал бафтыд Махарæн.

– Рæстæг хъуамæ хорз ахæсса, – хиды рагъхъæдыл йæ рæмбыныкъæдзтæй æрæнцад, арвмæ скаст, афтæмæй йæ улæфт аныхъуырдта Хох. – Кæсыс, мæй йæ сыкъатæ хæрдмæ куыд сыздæхта. Ноджы хæхтæй фæлмæн уддзæф дымы... Райсом куынæ уа, уæддæр иннæбон хурæн зæххыл æнæ атулгæ нæй. Исты ма нæ рох кæны?

– Æнхъæлдæн, ницы...

– Кæцы хуымтæй райдайын ис дæ зæрды?

Махар ницы дзуапп радта. Æмæ уæд Хох йæхæдæг загъта:

– Байраджы хизæнтæй хуызд æр уыдзæн. Уым зæхх донджындæр у. Æрæгмæдæр хус кæны.

Махар донмæ ныккаст, цыма уылæнты исты агуырдта, уыйау æдзæмæй лæууыд. Æрæджиау бафарста:

– Кæд цæуыс?

– Кæд лæппу билетыл фæхæст уа, уæд иннæбон-уыйиннæбон...

– Фыццаг зылд дæхæдæг куы 'ркодтаис. Афæдзы райдайæн. Фыццаг ауæдз... Стæй, иу далыс... Нæ мад мæ иу ран нал уадзы, дæхи хæдзары йын фæндараст зæгъ, зæгъгæ. Йæхæдæг дæм цæуинаг уыд...

– Бузныг ын зæгъ Разиатæн. Æнæуый дæр дзы гыццыл хорздзинæдтæ куынæ зонын, мыййаг. Мæнæ фæстæмæ куы сыздæхон, уæд кусартæн дæр æфсон уыдзæни.

– О, фæлæ... Дзыхæй дæр дæм нал сдзурдзæн...

Хох исдугмæ ницы сдзырдта, стæй Махары уæхскыл йæ къух æрæвæрдта, гыццыл ферхæцыд:

– Хорз. Бафидаудзыстæм. Разиаты куыд фæнда, афтæ бакæндзыстæм. Ныр та уал... Арфæ дын кæнын...

– Сæнайы цъупмæ мæ систат æмæ... Уæлдайдæр ды. Бауырнæд дæ, мæхи цы фæкодтаин, уымæн ницыуал зыдтон...

– Кастæн дæм... Æз цы, фæлæ иннæтæм хъуыстай? Адæмы цæст уынаг у. Æууæндынц дыл.

– Се 'ууæнчы аккаг куынæ разынон...

– Сарæхсдзынæ. Мæн уырны...

Махар, доны æрттивгæ уæлцъарыл дыууæ цыбыр ауыоны фæр-

сæй-фæрстæм куыд змæлыдысты, уымæ æдзынæг каст. Ауыæттæй иу йæ худ систа, йæ риуы æгънæджытæ суагъта, стæй хидыл хъавгæ цыдæй араст. Махар йæ фæдыл азылд, баййæфта йæ.

– Иунæгæй цæуыс? – Хиды кæронмæ куы рахæццæ сты, уæд та ногæй бафарста Махар.

– Лæппу мæ ныххæццæ кæндзæн, – дзуапп радта Хох. – Иунæгæй мæ нæ ныууадздзысты. Мæскуыйы – хæстæджытæ, зонгæтæ...

Мæй, æвæццæгæн, доны уылæнтимæ хъазынæй бафсæст æмæ йе 'взист дзыккутæ, цæмæй тагъддæр ахус уыдаиккой, уый тыххæй сæ дыууæ æрдхорды разæй фæндагыл айтыгъта. Хидыхъусæй суанг хъæуы кæронмæ. Ауыæттæ дæр сæхи фæндаджы галиу фарсмæ райстой æмæ сæ хицæутты фæзмгæ цыдысты. Доны хъуыр-хъуыр хиды бын баззад.

Хох дзырдта:

– Алы дуг дæр йæхионтæ домы. Кæддæр быдырты паддзах дзывыр æмæ гутон уыдысты. Ныр та – механизатор. Атæппæт быдырты иунæг паддзах. Бæстыл цы хæзнатæ ис, уыдоны хæзнадæр хор адæм йæ бæрны кæмæн бакодтой, уыцы паддзах. Æмæ уалдзæг хуымы кæрон гутон куы 'рсадзын, уæд мæ зæронд фыдыфыд мæ зæрдыл æрлæууы…

Мæгуыр, хохы ма куы цардысты, уæд бакуырм. Ацы быдыртæ йæхи цæстæй нал федта. Нал æрхæцыд гутоны къæдзыл. Нал ахъæр кодта ацы быдырты йæ фæллад галтыл.

Абоны хуызæн ма мæ цæстытыл уайы: иу райсом мæ боны цъæхты райхъал кодта:

– Фæгæпп кæн, мæ хур. Дæхи ахс, исты ахæр æмæ цом...

Æз æм хæрдмæ скастæн, фæрсын æй:

– Кæдæм, Дада?

– Балцы, Дадайы хур, балцы. Рæвдздæр...

Æз мæ хуыссæнæй фæгæпп ластон, тæрхæгæй нартхоры кæрдзыны къæбæр мемæ раскъæфтон æмæ йæ уæлхъус алæууыдтæн.

– Цом, – цыма нæ исчи куы фена, уымæй тарсти, уыйау мын мæ цонгыл ахæцыд, хъуызгæ æрхызт асинтыл. Иучысыл куы рауадыстæм, уæд мæм йæ сæр æргуыбыр кодта, мæ хъусы мын дзуры:

– Нæ хуымы гæбаз кæм ис, уый ма базондзынæ? Знон хуымонтимæ куы уыдтæ...

– Базондзынæн...

– Уæдæ мæ уырдæм ныххæццæ кæн. Хъуамæ йæм æз æмæ ды дзæбæх æркæстытæ кæнæм. Дыууæ боны цæуыл фæтухитæ кодтат, уыдон фенæм...

Над фæндаг къæдзтæмæдзтæгæнгæ нæ разæй цыди. Рагуалдзæджы быдыртæн сæ комытæф сæ сæрмæ тæнæг фæлмæй бадти. Дада сæрæн цыд кодта. Йæ цæстытæ – æрдæгцъынд, афтæмæй размæ касти. Худ æй цыма хъыгдаргæ кодта, уыйау ыл хæрдмæ схæцыд.

– Хох, мæ хур, цыма мæ хъустыл доны хæл-хæл уайы... Хæстæг, мыййаг, искуы ис?

– Дард нæу. Уæртæ бæлæсты бын...

– О-о-о, уый хорз у. Тынг хорз. Дон кæм нæ уа, уым цард дæр нæй. Нæ хуымы гæбазмæ йæ Хуыцау хæстæг куы фæкодтаид. Дæ хъус æм не 'рдардтай, тынг дард æм у?

– Нæхицæй дуканимæ цас ис, уый бæрц.

– Уæдæ уый бынтон хæстæг куы у, бынтон хæстæг...

– Хистæртæ нæм хæцыдысты, æндæр дзы нæхи бæргæ цынадтаиккам...

– Раст уæм хæцыдысты... Нырма найынмæ раджы у. Хæрзаг змæстæй цæуы...

– Цæй змæстæй, ахæм сыгъдæг уыди æмæ...

– Хох, мæ хур. Йæд та... Йæ бацæуæнтæ та куыд сты, йæ бацæуæнтæ? Уæрдон йæ цурмæ батылд, æви йæ искуы фæсвæд ныууагътат?

– Хуымы тæккæ кæрон, – хæрдмæ скастæн Дадамæ.

– Уæдæ, зæгъыс, лæгъз быдыр у, и?

– Лæгъз быдыр...

– Æнæ къуыпп, æнæ дзыхъхъ дæр кæм и, фæлæ кæд афтæ у, уæд... Куыд дзæбæх дымгæ кæны, – йæ къæхты бынæй ныуулæфыд зæронд æмæ йæ цыд фæтагъддæр кодта.

Уæдмæ хур скаст. Æртæх стын байдыдта. Уымæл кæрдæгыл нæ фæсмын дзабыртæ ныххуылыдз сты. Хъуыды дæр сæ не 'ркодтам. Æрмæст, чысыл фæстæдæр хуымы кæрон куы 'рбадтыстæм, уæд зæронд йæ дзабыртæ раласта, йæ хæлафы фадгуытæ уæраджы сæртæм сфæлдæхта, саумæрæй йæ армыдзаг систа, йæ къуызыртæ æнгуылдзты ’хсæн æй ауæрста, стæй фæстæмæ сыстад.

– Лæппу, йæ дæргъ кæцырдæм у? – Хуры ‘рдæм йе ’ргом аздæхта,

мæ дзуапмæ дæр нал банхъæлмæ каст, афтæмæй хуымы бæгъæв-вадæй бацыд, фæстæмæ ма ракаст æмæ загъта: – Мæ фæдыл цу. Йæ кæронмæ куы бахæццæ уæм, уæд-иу мын зæгъ.

Æз йæ фæдыл араст дæн. Фæлмæн саумæрыл ын йæ даргъ къахвæд-тæ нымадтон. Ауæдз куыд ахаста, афтæ йыл зæронды мæллæг къæхтæ ностæ уадзгæ цыдысты. Ранæй-рæтты-иу йæ фадхъултæм аныгъуылд. Фæстæмæ-иу мæм ракаст:

– Лæппу, цы дын бафæдзæхстон, уый дæ нæ ферох? Исчи нæ йæ хуымы куы 'рбаййафа, уæд цы зæгъдзæн?..

– Цу, Дада, цу. Нырма дард у...

– Дзæбæхдæр кæс, мæ хур, науæд... Нæ фарсмæ цы хуымтæ ис, уыдон, æвæццæгæн, бирæ цыбырдæр сты? – къахта мæ зæронд æмæ, цыма йæ къахвæдтæ æнæнхъæлæджы куы аскъуыйой, уымæй тарсти, уыйау хъавгæ цыдæй цыди. Йæ тæнæг былтæ змæлыдысты, йæ урс гагуытæй хурмæ комкоммæ касти, йæхинымæр Хуыцаумæ куывта.

– Хорз æй ныссыгъдæг кодтат. Иу дур дæр дзы никуыцæй зыны, – къахта мæ зæронд.

– Дурджын нæ уыд...

Зæронд ныххудти:

– Искуыдæр ма æнæдур зæхх вæййы?..

– Иу-цалдæр дзы уыди, æмæ сæ лæгтæ далæ хуымы кæронмæ ахастой, – дзуапп радтон æз.

– Æз дæр дын уыцы иугай дурты кой кæнын, æндæр дурджын куы уыдаид, уæд афтæ фæлмæн нæ уаид, – йæ ныхæстæ гыццыл дзæнгæрджытау зæлланг кодтой йæ хъуыры. Фæстæмæ мæм ракаст.

– Æвæццæгæн, бафæлладтæ?..

Зæронд, йе 'рфгуытæ – æлхынцъ, афтæмæй уайдзæфгæнæгау загъта:

– Цæмæй? Гутоны къæдзыл дын куынæ хæцын, мыййаг. Ахæм фæлмæн зæххыл... Къæхтæ дзы сæ фæллад уадзынц. Уый хорз, фæлæ ма дзæбæхдæр акæс, бирæ ма нæ хъæуы?

– Фынддæс-ссæдз къахдзæфы ма банымай æмæ раст арæнмæ бахæццæ дæ. Уым цæнды дуртыл дæ фæллад суадздзынæ, стæй уæд – доны былмæ... Хъусыс æм, йæ сусæг сыр-сырæй нæ йæхимæ куыд сайы...

– Хъусын æй, мæ хур, хъусын. Абæрæг кæндзыстæм уый дæр. Ардæмты кæм æрхæццæ стæм, уым ма нын уырдæм цас бауаинаг у? Уæлдайдæр... – Зæронд йæ къæхтæм ацамыдта. – Ацы хуызæнæй уæдæ хъæумæ дæр куыд ссæудзыстæм…

Зæрондмæ бакæсын, хуымы кæронмæ цас хæстæгдæр кодта, уыйас йæ къахдзæфтæ цыбырæйцыбырдæргæнгæ цыдысты. Цыма æппындæр зæххыл нал хæцыд, цыма кæмдæр уæлдæфы тахти, уыйау йæ цыргъ уæхсчытæ нымæтхуды кæрæттыл хæрдмæ схæцыдысты. Бæрзæй бæрæг дæр ын нал уыд. Стæй хуымы кæрон йæ зонгуытыл æрхауд, зæххæн æртæ хатты акуывта, йæ сусæг хæкъуырцц райхъуыст. Цы кодтай, Дада, зæгъгæ, йæ цурмæ базгъордтон. Уый мæм хæрдмæ скаст, йæ хъæлæс рызти, афтæмæй загъта:

– Лæппу, нæ фæрæдыдтæ? Кæд æндæр искæй хуымтæм æрбадзæгъæл стæм?

– Нæ, Дада... Нæхи хуым у.

– О, о, дæ рынтæ бахæрон. Фæлæ мæ нæ уырны... Атæппæт быдыртæ... – йæ улæфт тыхныхъуырд акодта, сыджытæй дыууæ армыдзаджы стыдта, хуры ‘рдæм азылд æмæ йæ мæллæг къухтæ хæрдмæ сдардта.

Диссæгтæ!.. Йæ тæнæг былтæ зыр-зыр кодтой, йæ куырм цæстытæй згъæлдысты... цæссыджы ставд æртæхтæ. Кæмдæр йе ‘нæдаст цæсгомы æнцъылдты ныгъуылдысты.

Мæ зæрдæйы тугтæ ныккалдысты уыцы райсом Дадамæ кæсынæй. Конд хуымы кæрон – зоныгыл, йæ мæллæг цæнгтæ – хурмæ ивæзт, йæ тæнæг былтæ зыр-зыр кæнынц, афтæмæй баззад мæ зæрдæйы.

Мæгуыр хæххон лæджы царды зæхх цы у, уый æрмæстдæр уыцы райсом бамбæрстон. Хæрз æрыгонæй. Мæ зæронд фыдыфыды зынгхуыст цæстытæй цы цæстысыгтæ згъордта, уыдонмæ кæсгæйæ...

Хох хъæрзæгау загъта йæ фæстаг ныхæстæ. Æрлæууыд. Йæ дæндæгты къæс-къæс ссыд. Йæ сины сæрмæ фæлæбурдта.

– Хæц мыл!.. – Тыххæйты ма сфæрæзта æмæ Махарыл бахауд.

Тæфсæгæй ризæгау рызти Хох Махары хъæбысы.

– Ма тæрс... Ныртæккæ. Ныртæккæ фенцайдзæн, – йæ зæрдæ рацæйтыдта, ных уазал хиды фæрдгуытæй аумæл, афтæмæй сабыр кодта Хохы Махар.

– Змæлгæ – нæ... Афтæ мæ бауадз... Æрмæстдæр иучысыл... –

Лæгъстæ кодта Хох æмæ Махары бæрзæйыл æрцауындзæг. – Фезмæлыди та...

– Нæ йæм арæхсын, æндæр æй мæхæдæг никъкъæрттытæ кæнин. Дохтыртæ афтæ тынг кæмæн тæрсынц, уыцы нуæрттæм дæр ын нæ фæкæсин. Алы бон мæлыны бæсты иу бон...

Хох йæ былтæ 'хсыдта. Йæ рысты комыл дæндагæй ныххæцыд. Йæ бон ын ницыуал баци æмæ йæ хъæрзын абухгæ донау срæмыгъта:

– Уыргтæн тæрсынц... Сæ тугдадзинтæм йæхи ласы... Схъисæй зæгъын... Ноджы нуæрттæ... Цыма сæм исчи кардæй æвналы... Хъусыс, æрмæст нæхионты раз мацы срæди. Æнæуый дæр мæтæй бахус сты...

Хохы буар йæ ризынæй не 'нцад.

– Чысыл ма бафæраз... Хъæумæ 'рбахæццæ стæм... – сабыр æй кодта Махар, æмæ уымæн дæр йæ буар рызти, размæ йын ницыуал æнтыст. Ноджы Хохы къухтæ бæрзæйыл бынтон æрлæмæгъ сты, кæмдæр фæсонтыл хъеллау кодтой, цыма Махармæ тагъддæр, зæгъгæ, æвзидгæ кодтой.

Æмæ рогæн скъæфта хъæумæ Махар Хохы. Æрмæст ын бахæццæйы хъомыс нал уыди. Ныхъхъæр кæнынмæ хъавыд, фæлæ... Хъæу æгасæй дæр фæфæдис уыдзысты.

Хъæрзы, æрмæст дзургæ ницы кæны Хох. Йæ цæстытæ бацъынд кодта, афтæмæй ныттымбыл Махары хъæбысы.

– Тынг ма дын риссы? – Фæрсы йæ Махар.

Хох ницы дзуры.

– Хæц, мæ бæрзæйыл фидардæр хæц, – лæгъстæ кæны Махар.

Ницы йæм дзуры Хох. Йæ цæнгтæ раздæрау ауыгъдæй лæууынц Махары уæхсчытыл.

Махар йæ тых-йæ бонæй ныххоста кæйдæр кулдуар.

– Куыд тынг æй хойыс, бинонтæ фæтæрсдзысты, – йæ сæрыл схæцыд Хох.

Махар ноджы тынгдæр ныххоста кулдуар...

Кæйдæр хъæлæба цыд. Мæй ма кæцæйдæр иунæг æрттывд фæкодта. Чидæр хæкъуырццæй куыдта. Иннæтæ йæ сабыр кодтой...

Хох йæхи нал æрæмбæрста. Ас адæмæй æхсæв-бонмæ йæ цæст ничи æрцъынд кодта. Хъæуы дохтыр цырагъау фæлæууыд

йæ уæлхъус. Стæй боны фæзындысты районæй. Æрхæццæ сты горæтæй. Аластой Хохы.

Махар сæхимæ дæр нал бацыд. Кæйдæр кæртмæ ма базгъордта, йæ цæсгомыл цалдæр армыдзаджы уазал дон скалдта æмæ тæхгæ-тæхын абадт кæйдæр машинæйы. Суанг изæрдалынгтæм фæкатай кодта горæты рынчындоны кæрты. Йæ цæстытæ куыд нæ рахаудысты уыцы рудзгуытæм кæсынæй! Куыд нæ бахаста йæ сæрыл уыцы æхгæд дуæрттæ! Уæдæ ныртæккæ исчи ракæсдзæн, уæдæ ныртæккæ исчи радзурдзæн, æппын кæрон бæрæг нал уыди рæстæгæн. Æмæ, уæвгæ цы йæ бон уыд? Йæ фырт Хайырбег, йе 'фсымæры дыуææ чызджы, йæ хæрæфырттæ... Уыдоныл дæр Махарæй хуыздæр бон нæ уыди. Уыдон дæр къаддæр нæ катай кодтой. Æрмæстдæр иунæг Асиаты бауагътой мидæмæ. Нал зыны уый дæр æддæмæ. Махаритæм æй нал æвдæлы. Иунæг каст уæд та куы ракæнид. Йæ фырт Хайырбег, мæгуыр, цы акæна, уымæн куы ницыуал зоны. Йæ удæй йæ мидæг куы ницыуал баззад. Иунæг каст æрмæстдæр...

Æппынфæстаг, дуар байгом. Чызджытæ Асиатыл сæхи ныццавтой.

– Афынæй... Цыма чысыл æнцаддæр у, – загъта Асиат æмæ Хайырбегмæ басидт. – Æз ахсæв ам баззайдзынæн. Сымах ацæут. Лæппу, ды-иу райсом раздæр рацу. Цыма уыцы мæскуыйаг дохтырмæ телефонæй адзурынмæ хъавынц. Дæ разы мидæггаг уаты стъолы лагъзы йа писмо, æмæ-иу æй демæ рахæсс. Æрмæст тагъддæр...

Райсомæй Хайырбег Махармæ дæр нал бадзырдта, афтæмæй æхсæвыцæстæй горæтмæ афардæг. Махар æм мæстæй фыхти æмæ, кæд исты машинæйыл фæхæст уаин, зæгъгæ, колхозы гаражы бамидæг. Уым æй баййæфта Бабег.

– Асиатимæ ныртæккæ телефонæй дзырдтон, дзæбæхдæр æй хоны. Ды лæуу, кæд ма дæ райсоммæ исты хъуыддæгтæ ис, уæд уыдонмæ фæкæс. Æз æм суайдзынæн, – загъта Бабег æмæ ныхасмæ дæр нал фæлæууыд, машинæйы абадт æмæ фæцагайдта.

Хъуыддæгтæн кæрон кæм вæййы! Махары зæрдæ бирæ цæмæдæрты æхсайдта, фæлæ се 'ппæтыл дæр Хохы тас фæтых ис. Уый нал хицæн кодта сæрæй, алырдыгæй рæхуыста зæрдæйы.

«Мæн тыххæй куынæ сыстадаид, уæд ын, чи зоны, æмæ ницы

уыдаид, – хæцыд йæхимæ Махар. – Ноджы ма хидыхъусмæ дæр фæцыд... Арфæ ракæнынмæ... Æз та дзы лидзгæ фæкодтон» ...

Цынæ хуызы хабар æрыхъуыст уыцы бон горæтæй! Чи дзырдта, йæ уыргтæй йын иу систой... Иннæты ныхæстæм гæсгæ йын операци скæнынмæ йæ ныфс ничи бахаста. Уыцы æнæхайыры схъис цавæрдæр магнитæй æндæрырдæм раластой, зæгъгæ, чи дзырдта, ахæмтæ дæр фæци, Ноджы цавæрдæр сусæг сусу-бусутæ... Стæй изæрырдæм Бабег æрцыд. Уый радзырдта:

– Мæскуыйæ йæм чи фыста, уыцы профессоримæ ныхас кодтой. Сразы... Ахсæв ратæхдзæн хæдтæхæджы... Куыд рабæрæг, афтæмæй Хохимæ хæсты иумæ уыдысты. Хох, дам, мæн мæлæтæй куы фервæзын кодта, уæд æз...

– Кæс-ма, дæ хорзæхæй, афтæмæй, дам, амонд нæй... Уæдæ уый циу?..

– Бæгуыдæр... Кæд ахæм стыр лæг у, уæд æй фервæзын кæндзæн...

– Хох дæр диссаг у, æвæдза. Йе 'рдхорды кой нын куыд никуы ракодта...

– Хуыцау хъуыддæгтæ хорз ауадзæд, æндæр ын мах Хохы куывды лæг фенын кæндзыстæм...

– Бæргæ, бæргæ...

– Æмæ, зæгъыс, уæдæ, Бабег, уыцы лæг ахсæв хæдтæхæджы ратæхдзæн, и?..

– Мæскуыйæ нæхи горæтмæ цастæ тæхинаг у?.. Уайтагъд ам æрбалæудзæн...

– Сахат, дыууæ сахаты...

– Цыппар сæ нæ уадзыс?..

– Цытæ дзурыс? Дыууæйæ фылдæр нæ бафæстиат уыдзæн...

– Уастырджи – йе ’мбал...

Мæскуыйаг профессор æрмæст йæ койæ дæр цыдæр ныфсы цъыртт бауагъта, Бабегмæ чи хъуыста, уыдоны зæрдæты. Уæлдайдæр, Хох кæддæр мæлæты хъæлæсæй кæй рахаста, ахæм æрдхорд! Ницæуыл бацауæрддзæн. Фервæзын æй кæндзæн. Йæхиуыл йæ зæрдæ дары, æндæр нæ ратахтаид...

...Ирд, райдзаст райсом уыди уыцы райсом. Махары æртæ тракторы фæрсæй-фæрстæм æрлæууыдысты Байраджы хизæнты. Хох куыд бафæдзæхста, афтæ фыццаг тракторыл бадти Махар йæхæдæг.

Мотортæ скуыстой. Сæ уынæрмæ райхъал сты уалдзыгон быдыртæ. Стæй гутæтты æфсæнтæ аныгъуылдысты сау мæры. Фæд-фæдыл æрфæлдæхтысты ауæдзтæ. Топпы фатау сæ раст ахаста Махар. Кæд Хох хуымы кæрон нæ лæууыд, кæд ацы хатт йæ фæдыл нæ каст, уæддæр Махары уырныдта: æнæ `рцæугæ йын нæй! Уæлдайдæр, йæ мæскуыйаг æрдхорд кæм ссыди, уым... Фæзындзæн та хуымы кæрон, йæ къухаууонæй та акæсдзæн иу кæронæй иннæмæ. Ауæдз зылынтæй кæм фена, уырдæм та бацамондзæн:

– Лæппу, куы та ныдздзæгъæлтæ дæ...

Кæнæ схиздзæн тракгормæ. Дæрдтыл ахæсдзæн йæ цæстæнгас. Зына-нæзына бахуддзæн йæ мидбылты æмæ зæгъдзæн ныллæг хъæлæсæй:

– Уастæн, йæ бонæй уа бúдыр!.. Рæсугъддзинад уарзы. Æфснайд куы вæййы, уæд йæ хор дæр хæрзаддæр у. Хъусыс, уыцы ныхæстæ æз не 'рхъуыды кодтон. Дæ фыд Дзандар мын сæ дзырдта...

Гутæттæ къæс-къæс кодтой сау мæры уæзæй. Разæй, хъæуы сæрмæ, Гæмæх хохы фарсыл хурмæ ссыгъдысты бæлæсты цъуппытæ. Конд хуымы гæбаз сынтытæй байдзаг. Æрмæстдæр иунæг æхситт – æмæ уыцы иу пæррæст нылласынц. Арв базырты сыф-сыф свæййы æгасæй дæр. Ацы хатт уасгæ нæ кæнынц. Ног фæлдæхт мæры хъарм тæфæй сæ уасынмæ не 'вдæлы.

Хъæриуы хохы сæрмæ фæлурсæй, хуыздзыдæй баззад мæйы къæдз æхсырф. «Рæстæг хорз ахæсдзæн», – Махары хъусты тæлфынц Хохы ныхæстæ, æмæ йæм афтæ кæсы, цыма Хох хуымы кæронæи йæ фæдыл кæсы. Йæ мæскуыйаг æрдхорд дæр йемæ...

# МАКСИМЫ БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

– Адæмы се ’ппæты де знæгтыл куы нымайай, уæд дын æцæг знæгтæ суыдзысты.

– Хъæбулыл чи æруайы, уыцы цæф мадæн тынгдæр риссы.

– Ноззæй хæрзхуыз ничи кæны.

– Абон зынтæн цас фылдæр бафæразай, уыйбæрц дын райсом æнцондæр уыдзæн.

– Фæлмæн дзырд… ихы бын дæр нæ сæлы.

– Уæздандзинадæн уынджы ссарæн нæй.

– Зæрдæйы маст цасфæнды куы фембæхсай, уæддæр ын иу бон æнæ схаугæ нæй.

– Мæгуыр, цыфæнды мæгуыр куы уа, уæддæр рæдаудæр у.

– Зарæг зæрдæйы куы райгуыры, уæд йæ бауромын никæй бон у.

– Хæлардзинад, æфсымæрдзинад… Цæргæсы дыууæ тыхджын базырау сты уыдон.

– Ныхас топпы нæмыгæй тыхджындæр у.

– Дзыхы ныхасæй зæрдæйы ныхас тыхджындæр у.

– Искæй зондæй мыггагмæ нæ фæцæрдзынæ.

– Куыстыл афоныл куынæ сахуыр уай, уæд æм уый фæстæ астæу нал фæтасы.

– Амонд сырддонцъиуæй уæлдай нæу – иугæр дæ къухæй атахт, уæд ын æрцахсæн нал и.

– Амонд æрæгмæ куы æрцæуы, уæд ыл адæймаг æнувыддæр вæййы.

– Рыст зæрдæ хуры хъарм хуыздæр æмбары.

– Зæрдæйæ мæгуыр æппæтæй мæгуыр вæййы.

– Фыдзæрдæйæ хорз зарæг нæ гуыры.

– Сылгоймаг йæ фæлмæн ныхасæй фидауы.

– Чызг йæ цæгатæй рæвдыд куы нæ вæййы, уæд æгад у.

– Адæм дæм хъусынц æмæ сыл мæт кæныс, уæд ды тæхудиаг æмæ фæзминаг дæ.

– Уæлбæхæй цардæн аразæн нæй.

– Уарзондзинад кæм нæ уа, уым цард дæр нæй.

– Мæсты лæг йæхи дæр нæ уарзы.

– Адæймаг йæ удыхъæдæй фидауы.

– Адæймагæн йæ сæрыл сдзурæг куынæ вæййы, уæд æм алчидæр гæппæввонгæй бады.

– Адæймаг цы къуыппыл бада, уый хъуамæ бæрзонддæр хона…

– Адæймагмæ хорзæй цы и, уый хъуамæ йæ фæдыл ныууадза.

– Адæймаг хъуамæ йæ хорздзинæдтæй, йæ хъуыддæгтæй фæуæлахиз уа йæ фыдгултыл.

– Райсом хуры скаст чи нæ фена, уый æнæхъæн бон сафы.

– Зынтæй цы бон фæтæрсай, уыцы бон уыдзæни дæ мæлæты райдайæн.

– Дæ фарсмæ чи лæууа, уымæй бæрзонддæр куынæ уай, уæд дæ йæхицæй æгуыдзæгдæр хондзæн.

*Æрæмбырд сæ кодта Къуезерты Петр*

# КАЛОТЫ ХАЗБИ: 100 АЗЫ



(1921 – 1943)

*КЪАДЗАТЫ Станислав*

# СÆРИБАРЫ УАРИ

## ÆРВОН ФÆЛТÆР

*Нæ ивгъуыд айтынг ис æгæрон арвау,*
*Куыннæ, куыннæ йыл кæнон дис –*
*Уым баиу ысты хъарæг æмæ аргъау,*
*Уым – цинты хур, уым – дудгæ рис!*

*Цæхæртæ калы уыцы арвыл Марс,*
*Фыдæх нын хаста æмæ маст.*
*Фæлæ йыл Бонвæрнон дæр ис,*
*Æуусæнкæн, фарнæн уый сыгъдис.*

*(Къ.С.)*

О, цас диссæгтæ-риссæгтæ ис нæ дзыллæйы ивгъуыды! Цас дудгæ-уыраугæ хъæдгæмттæ – Ирыстоны зæрдæйыл! Цас къахыртæ – нæ адæмы уды! Фæлæ нын уæддæр нæ генофондæн, уыимæ йæ алæмæты уидæгтæн тæккæ æвирхъаудæр цæф ныккодта Фыдыбæстæйы Стыр хæст.

Мæнæ нын куыд загъта нæ ирон дзырды зæрингуырд Плиты Грис 1993 азы радиобакаст «Уацамонгæ»-йы: *«Дыууиссæдзæй фылдæр уыдысты æрыгон ирон фысджытæ, фашизмимæ тохы йæ цард нывондæн чи ‘рхаста Фыдыбæстæйы сæраппонд, уыдон. Æмæ сын иууылдæр, стæмтæй фæстæмæ, сæ уацмыстæ мыхуыр кæнын æз райдыдтон, журнал «Мах дуг»-ы редакцийы куыстон, афтæмæй. Мæнмæ гæсгæ, уыцы фæлтæр ирон адæмы культурæйы уыдысты тæккæ стырдæр, тæккæ тыхджындæр, тæккæ курдиатджындæр æмæ, тæккæ æхсызгондæр чи хъуыд, ахæм. Иууыл диссаг та уымæй уыдысты, æмæ куыддæриддæр ахуырад райстой, куыддæриддæр ныззарыдысты, ома, мæнæ ныр бавнæлдтам æвæджиауы хъуыддæгтæ аразынмæ, афтæ, се ‘намондæн, стæй æгас ирон адæмы ‘намондæн, ссыгъди хæст, æмæ сæ зарæг сæ хъуыры фæбадтис.*

*Калоты Хазби, Кочысаты Мухарбег, Баситы дыууæ ‘фсымæры, Наниты Васо, Плиты Зауыр... Кæуылты уыдысты, кæ!.. Цы ‘мдзæвгæтæ, цы зарджытæ райдыдтой фыссын! Тæлмац кæнынмæ дæр бавнæлдтой Пушкины, Лермонтовы.*

*Адæмы ‘хсæнмæ-иу куы рацыдысты, уæд сæ фезмæлд, сæ алы къахдзæф дæр – рæсугъд, уæздан. Сæ уацмыстæ – курдиатджын. Тынг зæрдиагæй архайдтой. Æмæ се ‘хсæн канд поэттæ нæ уыд, фæлæ, стыр критик суæвынмæ йæхи чи цæттæ кодта, ахæмтæ дæр. Зæгъæм, Годжиты Виктор. Хъыгагæн, се сфæлдыстад фаг ахуыргонд нæма ‘рцыд. Æрдæгфыст мын у уыдоны тыххæй уац «Иры булæмæргътæ».*

*Хъæдмæ хæстæг чи цæры, уыдон хорз зонынц: райсомæй 3 сахатыл булæмæргъ нытътъæлланг ласы, стæй та – иннæтæ. Æмæ æрдхæрæны концерт вæййы уый. Гъемæ булæмæргъты зарынмæ кæддæриддæр уыдоны æрымысын.*

*Диссаг уыдысты иумæ – кæрæдзийы куыд уарзтой, кæрæдзиуыл куыд хæцыдысты! Æмæ Фыдыбæстæ дæр афтæ уарзтой. Гъемæ рох никæд уыдзысты.*

*Æз дзы æппæты хуыздæр зыдтон Хазбийы, Мухарбеджы, Зауыры. Алагираг Цæгæраты Петка ма цымыдисаг уымæй уыд, æмæ уый æппæты фыццаг «Евгений Онегин»-ы ратæлмац кодта ирон æвзагмæ. Фæлæ йæ куыст фесæфт, тæлмацæн дæр йæ кой – нал, Петка йæхæдæг дæр фесæфт хæсты быдыры.*

*Афтæ мæм кæсы уæддæр, цыма се ‘ппæтæй курдиатджындæр уыдысты Калоты Хазби æмæ Кочысаты Мухарбег».*

Гъе афтæ. Æмæ хæстон поэтты тыххæй – нæ фыццаг хатдзæг:

*Цы лæппутæ уыдысты!*
*Куыд рухсгæнгæ цыдысты!*
*Фыццаг ныхасыл аскъуыди сæ ЗАРÆГ,*
*Фæлæ уæддæр цæры-нæры йæ АЗÆЛД.*

*(Къ.С.)*

# НАЛХЪУЫТ-НАЛМАСТÆ

Ехх-æвæдза, цы ис дзырды цинæй æхцондæр! Æмæ нын Калоты Хазби цы дзæбæх равдыста, ирон дзырды арв куыд æнæбын æмæ арф у, уый. Авд рухсы бадæд йæ номæвæрæг – цыма развæлгъау зыдта, цы нæртон гуырд басгуыхдзæн, уый. Гъемæ адæймаг куыннæ цæуа дисы, ном Хазби мæнг кæй нæ кæны, ууыл. Калойы-фырт æдзух æлвæст уыди æрдын босау, болат фатыгау – фидар, æхсæрдзæнау – ныфсхаст.

*Цы ‘взаг, цы рухс, цы сурæттæ, цы сусæг! –*
*Йæ бæрны йын сæ бакодтой æнустæ.*

Афтæ у, æвæдза. Æппæты растдæр, сыгъдæгдæр, ныфсджындæр æмæ рæдаудæр чи у, уый Арвæн свæййы зынаргъдæр, æмæ йæ уымæн скæны цырагъдар. Гъемæ афтæмæй Иунæг Стыр Хуыцау Калоты Хазбийæн радта уыцы хæрзтæ: суадонæн – йæ сыгъдæг, арвæн – йæ арф, хурæн – йæ цæхæр, уидæгтæн – сæ тых. Æмæ уый фæрцы йæ дзырд уарийау тæхы сау мигъты сæрты, æрвæрттывдау нæм йæ хъуыды хæссы уæларвон рухс. Хазбийы алы рæнхъ дæр – зырнæйзылд, æмбисонды налхъуыт-налмас:

*«Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...»*
*«Æз лæгæй лæджыхъæд домын...»*
*«Гъей, кæм дæ, сæрибар дуджы уари!..»*
*«Æхсæв дæ дзыккутау куы ‘рхауы...»*
*«Æз кувдзынæн дæуæн æхсæвæй-бонæй,*
*Куыд кувы дымгæйæн бæлас...»*
*«Ма хъæрз, зæхх...*
*О бафæраз бæллæхы!*
*Уалæ скæсæны сырхдзыкку бон фæзынд».*

Гъе уыдон уын – фæйнæ хъуыдыйы Калоты Хазбийы ‘мдзæвгæтæй, фæлæ иунæг иу рæнхъæй дæр цастæ и зæгъæн, цастæ и равдисæн! Поэт æрдхæрæны зиумæ рахоны ног, бынтон æнахуыр метафорæтæ, эпитеттæ, абарстытæ.

# ЙÆ СЫГЪЗÆРИН АХСТОН

Суадонæн, дам дæ кæд йе ‘цæг ад бозонын фæнды, уæд йæ сæрмæ фæцу. Æмæ мах дæр, Калоты Хазбийыл дзургæйæ, куыннæ хъуамæ акæсæм йæ уидæгтæм.

*Йæ артуд кæцæй?*
*Йæ фæрныг къæсæй,*
*Йæ хистæрты кадæй,*
*Йæ сыгъзæрин мадæй,*
*Къостайы дзырдæй,*
*Йæ фендджын фыдæй.*

*Йæ артуд кæцæй?*
*Æгъуыстаг æрдзæй,*
*Къæдзæхриу хæхтæй,*
*Быдираг бæрзæй,*
*Йæ рагбонты тавсæй,*
*Фыццаг сусæг уарзтæй...*

*(Къ. С.)*

О, фæрныг фæндаг райдайы фæрныг къæсæрæй. Хазби райгуырди 1921 азы августы Захъайы. 1924 азы сæ бинонтæ ралыгъдысты бындырмæ, Къостайыхъæумæ. Ам Хазби каст фæци авдазон скъола, уый фæстæ ахуыр кодта Цæгат Ирыстоны пединституты.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд фæстаг курсы студент бархийæ ацыд тохы быдырмæ.

Поэтæн, дам, сабидуг у йæ дыккаг зæрдæ. Калоты Хазбийы цардуалдзæг базонынæн нын фæахъаз сты йе ‘фсымæр Харитоны мысинæгтæ. Уыдон «Нæ хæстарыд, нæ хурвæлыст æфсымæр», зæгъгæ, ахæм сæргонды бынмæ рацыдысты журнал «Мах дуг»-ы 2001 азы 6-æм номыры:

*«Нæ фыд Алыксандр фæцис Æрыдоны семинар. Иу аз диакъонæй акуыста Захъайы аргъуаны, стæй уæд скъола сарæзта, цыппаразон, церковно-приходская кæй хуыдтой, ахæм. Уырдыгæй бирæтæ ацыдысты стыр фæндагыл, арфæйагæй-иу мысыдысты Алыксандры скъола. Нæ фыд дзы йæхæдæг куыста ахуыргæнæгæй. Бинонты хъуыддаг бакодта революцийы размæ, æрхаста Хъесаты чызджы. Нæ мад*

*Аминæт уыд æмбисонды кусаг – Алыксандр æмæ, дам-иу, Аминæт хос фылдæр ныккарстой, цыппæргай лæгтæ кæмæ уыд, уыдонæй.*

*Фыццагдæр сын райгуырд Ханджери, тынг фæллойуарзаг. Дыккаг у Барис, сси хъуыстгонд этнограф, куыста Уæрæсейы Наукæты академийы. Æртыккаг уыд Солтан, ссис инæлар.*

*Солтаны дæле – Хазби, нæ фыды уарзондæр хъæбул, махæн та нæ хурвæлыст æфсымæр.*

*Хазби æнахъомæй дæр спорты ‘рдæм рæвдз уыд – кафгæйæ-иу йæ къухтыл слæууыд. Æхца-иу ын аппæрстой, систа-иу æхца йæ былтæй.*

*Хазби хылгæнаг нæ уыд, фæлæ хъæбысæй хæцын уарзта. Ахуырмæ уыд зæрдæргъæвд, ныв кæнынмæ дæр иттæг дæсны – скъолайы къулы газетæн кодта сатирикон нывтæ.*

*Цыппæрæм къласы районы газеты цæуын райдыдтой Хазбийы уацхъуыдтæ фæллойы раззагдæрты тыххæй, стæй уæдмæ – «Рæстдзинад»-ы дæр. Фæстæдæр та – йе ‘мдзæвгæтæ».*

## ПОЭЗИЙЫ РЫНДЗМÆ

*– Поэзи цъитийæ цы дары?*
*– Æрмæстдæр ирдгæйы æхцон…*

*– Поэзи сау мигътæй цы дары?*
*– Æрмæст æрвæрттывды æхсон…*

*– Æмæ йæм мæргътæй та цы и?*
*– Æрмæст сæрибар тахты цин…*

*– Цы дары уалдзæгæй та уæд?*
*– Уый дары уалдзæгæй æппæт!..*

О, æцæг поэзи дæр уалдзæгау ныфсдæттæг у, базыртæсадзæг. Хазбийы уацмысты уалдзæг ссис ног царды фæлгонц. Поэты зæрдæ «цины арт суагъта сæрибар уалдзыгон ныхæстæй».

«*Хазби у хур æмæ уалдзæджы зарæггæнæг*, – фыста Джыккайты Шамил. – *Хуры темæ æнусон у. Хазби йæ фæлгъауы ног хуызы – уый у сæрибар æмæ æнусон царды нысан. «Æз уалдзæджы мæ риуы ссардтон» – зæгъы поэт. «Судзын» Хазбийы лирикæйы свæйййы куыст æмæ сфæлдыстады символ».*

Æцæг курдиат фæлæгæрды æвæды. Калойы-фырт йæ иу фыстæджы загъта: *«Æз Хазби дæн æмæ Хазбийæ баззайдзынæн. Кадвæлгъау нæ дæн. Кæд мæм хорзæй исты ис, уæд, нæ поэттæ куыд нæ фыссынц, уымæ тырнынад.*

*Уадз æмдзæвгæ гæлиртæ дæр уæд, фæлæ хъуамæ уа оригиналон. Иударон ныхас чиныгкæсæгæн æнæуынон у».*

Æрсдон уалдзæджы цинæй Бибыцау цъенгæ ихкъæйтæ куыд стоны æмæ сæ йæ сæрыл куыд ахæссы, афтæ нæргæ-уыраугæ уыд Калоты цæхæрцæст гуырды поэтикон хъару, фæлæ уæддæр йæхиуыл никуы фервæссыд:

*Гъей, ныхæсты ныфс, мæнæй цæй дард дæ!*
*Гъей, цæй тыхджын дæ, зæрдæйы рад!..*
*О нæ зæхх, цæрынæн мæ ныййардтай*
*Æмæ мын дæ урс æхсырæй ратт!*

*Мæн хъæуы дæуæй поэты хъару*
*Æмæ ‘ндон фæттæ æппæт дзырдтæн.*
*Гъей, кæм дæ, сæрибар дуджы уари,*
*Рахæсс-ма дæ базыртæ мæнæн!*

# НÆРТОН ЗÆРДÆЙЫ ДЗУАПП

Поэзи у зæрдæйы дзуапп царды тымыгътæн. Фæлæ ирддæрæй, æхххæстдæрæй уыцы «зæрдæйы дзуапп» райхъуысы карз тохы заман. Æмæ сабыр царды дæр лæгæй лæджыхъæд чи домдта, уый хæсты быдыры тохмæсидæг фидиуæг поэт басгуыхт:

*– Гъей, уардзæн тагъд. Туджы къæвда ныууардзæн тагъд!..*
*Фидар лæуут, сæрибар уарзджытæ, мачи фæтæрсæд!*

*Арв куыд нæры, афтæ не цæвы. Мачи фæ-тæр-сæ-æ-æд! Уæ гæрзтæм, ног дуджы цæут!*
*Æгас цæуæд фæстаджы хæст, Мæлæтон хæст æгас цæуæд!..*

Гъе афтæ Калоты Хазби æвдудон басгуыхти тохы цæхæры, уымæн æмæ йын æгæрон ныфс лæвæрдтой йæ дзыллæйы фарн æмæ нæртон дзырды рагрухс, рагсæууон равг. О, сæйрагдæр уый у – Калойы-фырт

хæстон темæ райхæлдта ног хуызы æмæ йæ уацмыстæй тæрккъæвдайау æнхъæвзы æнахуыр диссаджы рухс.

Сармадзантæ арвау куы фæнæрынц, уæд музæтæ гоби-сæццæйæ фæлæууынц æмыр-хъусæй. Фæлæ Хазбийыл уæлон зындоны гуылфгæнгæ арты дæр дзырдвидыцы бардуаг йæ зæрдæ не сивта. Цыма-иу уыцы дудгæ-уыраугæ сахат Музæ аргъауы Пакъуындзæйау йе уæхскыл абадт æмæ-иу ын йæ хъусы бадзырдта йæ тæмæссагдæр зæгъинæгтæ:

*Митыл мæйы æртхутджытæ хъазынц,*
*Зæхмæ ивæзы бæлæсты фист.*
*Уæ мæ пыхцылсæр! Быдыр – дæ уазæг.*
*Нал та уромын*
*зæрдæйы рис...*
*Ниуы бæстæ зындоны цæхæры.*
*Лентау сау уадздзаг –*
*фæндаджы тар...*
*Мигъты уæлæ*
*зынг æвзæгтæй сдæры*
*Хъæуы сæрмæ*
*æнæрмынæг арт.*

*Æз цæуын*
*мæлæты фыддæрадæн.*
*Немыцаджы туг*
*мæ джебогъæй фæтагъд...*
*Мæн цæрын фæнды,*
*фæуром-ма дæ тахт,*
*Сау нæмыг!..*
*Æрра дæн...*

Цæй, куыд? Ис ма æгъуыстагдæр хуызы зæгъæн? Калоты Хазби цыма халонау йе уæны каст, афтæ федта йæ кæрон 1943 азы Курскы æрдæгкъæлæты тæккæ æвирхъаудæр тохы. Мæлæты тугæйдзаг цæстытæм кæсгæйæ, хæсты сау хъургъæй судзгæ æхсидæвтау калдта йæ риссæгтæ-дудæгтæ, æрдхæрæны æмдзæвгæтæ-иу сæ фестын кодта, афтæмæй. Цыма Хазбийы дадзинты цы сыгъдæг нæрæмон туг гуылф

кодта, уый йæ рæнхъыты дæр сæххæтт ласы, афтæ йын хъусыс йæ зæрдæйы цавд дæ зæрдæйы хъустæй. Æмæ дæм алæмæты рухс рауылæн кæны йæ нывæфтыд ныхасæй. Чысыл шедевр и схонæн мæнæ ацы 'мдзæвгæ. Æрмæстдæр аст рæнхъы, фæлæ мидисæй сты дурнад, хурваг:

*Æхсæв дæ дзыккутау куы 'рхауы,*
*Йæ тарф фынтыл куы вæййы зæхх,*
*Æмæ фæлмæсты цæстыхаутау*
*Куы суымæл кæны хъæды 'ртæх,*
*Уæд æз мæхинымæр фæзæгъын:*
*Тæхуды, фен ма дæ æрмæст,*
*Æрбад дæ уæлрудзынг æртæхау,*
*Æртæхау рудзынгыл æрлæс!..*

22 азмæ ахæм диссæгтæ сфæлдис! Оххай-гъе, куыд цыбыр уыд Калоты поэты цардвæндаг! Уагæр ма фæстæдæр цы хæзнатæ балæвар кодтаид нæ дзырдаивадæн!

# ÆНУСТÆМ – ЦАРДÆГАС, ÆРЫГОН

Калоты Хазбийы райгуырдыл æххæст кæны 100 азы, æмæ кæд уыцы æнусæн йæ цыппæрæм хай дæр нæ фæцард, уæддæр ын нæ бон у фидарæй зæгъын:

*Дæ чиныг – мæ къухты,*
*Мæ сæрмæ – дæ уд.*
*Куы тæхы зынг дугты*
*Дæ хъандзал æфсургъ.*
*Дæ дзырдтæ – зæриндаг,*
*Дæ хъуыды – цæхæр,*
*Æрвæрттывд – йæ уидаг,*
*Ирыстон – йæ сæр.*
*Кæстæрæй дæр – хистæр*
*Дæ курдиат, дæ мон.*
*Мæлæтæн йæ <u>ХИСТЫ</u>*
*Дæ хъæлæс – нæртон.*

*(Къ. С.)*

О, Калоты Хазбийæн у ацы номарæн. Хорз ныхас – зæрдæйы дæгъæл. Поэты ныхас та – фидæны дæгъæл. Алцыдæр, дам, ацæуы, фæлæ, æнусон рухс цы дæтты, уымæн ацæуæн нæй, уый баззайы фидæны фæлтæртæн. Поэзийы алæмæтæй се 'мыдзаг æмдзæвгæтæн мæлæт нæй, сæ автор сын радта æнусон цæрæнбон. Ис æй æндæр хуызы дæр зæгъæн: Хазбийæн йæхицæн цæрынæй цы нæ бантыст, уый йæ уацмысты хай фæци, æмæ йæ нæрæмон уды хъæбултæ цæрдзысты тъымы-тъыматæм. Цæрдзысты æмæ адæмы зæрдæйы таудзысты рæстдзинад, уарзт æмæ лæгдзинады æвæджиауы мыггæгтæ.

«Хорзæй баззай, Ир…Ма ферох кæн!» – фæдзæхста тохдзауты номæй Хазби. Æмæ йæ зæрдæйыл хъустæ кæмæн ис, уыдон хъусынц уыцы ныстуан. Уыдонæй рох нæу табуйаг фæлтæры сгуыхтдзинад, æмæ архайынц, цæмæй йæ зоной кæстæртæ дæр.

Хъодзаты Æхсар йæ чиныгæн хæстон фысджыты тыххæй ном радта уыцы æнусон арфæйæ – «Хорзæй баззай, Ир».

Бæркад та бафтаудзыстæм нæ номдзыд ахуыргонд Абайты Васойы хатдзæгæй: «*С поэзией Хазби Калоева я был знаком раньше по сборнику «Хуры тын» (1956). Но в новом издании его образ выступает более полно и рельефно и покоряет своим обаянием. Сколько благородства и целомудрия в его письмах! Вот пример для нашей молодæжи! И так рано погиб...*»

P.S. *Дæтты мын уыцы цин æууæнк –*
*Хазбийы ном нæ кæны мæнг.*
*Фæлæ ма уæд Ыстыр Хуыцау,*
*Дæ цæст куыннæ бауарза, ау,*

*Нæртон Хазбитæн цард-цæрæнбон,*
*Цæмæй Рæстдзинады бæрæгбон*
*Нæ зæххыл ивыла æнустæм*
*Æфсармæй, Уарзтæй æмæ Рухсæй.*

*(Къ.С)*

# ЦАРД У МÆЛÆТÆН ÆВГЪАУ

*КАЛОТЫ Хазби*

* * *

Уый федтон æз... Дыууæзæрастæу
Нæ рæзты донгуыронмæ ‘рцыд
Æмæ фæллад цæстыты кастæй
Цæуылдæр сусæгæй хæцыд.

Æз ын йæ сагъæстæ æмбæрстон,
Фæлæ мын ме ‘фсæртæ ныббаст.
Уый хордта низ, йæ туг ын нозта,
Æмæ йæ рæсугъддзинад саст.

Фæлæ фæци... Йæ цард ныууагъта,
Фæтахт фæстаг хуры тынау...
Мæ зæрдæ сау дзæнгæрæг цагъта:
«Куы нæ йæ федтаин фæлтау...»

*1940 азы 21 июль, Хъæни*

* * *

Комы уазал сау æхсæв æрхуыссыд,
Арвæй рахауд мигътæм уæлæ мæй...
Цæй, фыссон, æмæ йæм ныр цы фыссон,
Исты йæ, мыййаг, мæ мæт куы нæй.

Дон фæйлауы... дон мæстыйæ ниуы,
Къæйтыл райсом – урс фынкæй тæмæн...
Сауцæст, саудзыкку цæры мæ риуы,
Сауцæст басаста мæ тых мæнæн.

Зæрдæ – сайд, фыдуаг сæнттæ нæ сысынц,
Зæрдæ ацыд, ахицæн мæнæй...
Цæй, фыссон, æмæ йæм ныр цы фыссон,
Исты йæ, мыййаг, мæ мæт куы нæй.

*1940 аз*

## ДИДИНÆГ ФЕДТОН

Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...
Дидинæг худти, йæ сæрæй куывта,
Уалдзыгон райсом йæ рæууон æнгасæй
Бæстæн æрвыста йæ цинад, йæ пъа...
Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...

Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл,
Дидинæгау мæм æркасти мæ цард.
Рæзын æз дæр æмæ хуримæ хъазын,
Быдырты гауыз – мæ хуыздæр хæлар.
Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...

Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл,
Йе 'рттиваг къуырфы мæ зæрдæ ныххауд.
Йе 'рттиваг цупал мæ былтæм æртасыд,
Бамбæрстон: цард у мæлæтæн æвгъау.
Дидинæг федтон æз иу саст бæласыл...

*1940 аз*

## ФÆЗЗÆГ

Мæнæ донгуырон æрхуыссыд
Хъамыл быр бæхсныг-æндæхтæй.
Дард ныгуылæнмæ рæхыстæй
Ивæзынц фæлмæцыд мæргътæ.
Хъæдæй булæмæргъ нæ зары.
Арс цæгъды йæ бæзджын лыстæн.
Дард кæрдæгджын зæхх Хъызлармæ
Фыййау фескъæры йæ фыстæ.
Мигътæ 'мбæрзынц арв бæстонæй.
Дымгæ хъæды пакъуы калы.
Æмæ зилы хъæугæроны
Райсомæй-изæрмæ халон.

## ФÆСТАГ САЛАМ

Бæлас йе 'ртæх тауы зæххыл,
Уады 'нкъуысынæй фæллайы...

Асæргъыг кæнон мæ бæхы
Æмæ дард быдыртæм уайон.

Нæй мын фæсвæндагмæ здæхæн,
Карз тохы цæры мæ амонд...
Ма мæм хъамбул кæн фыдæхау.
Цæй, дæ фæндырæй æрцамон.

Æз æркъул кæнон мæ саргъыл,
Бæлæсты ныххырхон кардæй...
Гъей, зæгъут-ма, цавæр аргъæй
Балхæндзæн лæг амонд царды?

Æз лæгæй лæджыхъæд домын,
Хорзы агурын æмбалæн...
Сау æфсургъы чи уромы!..
Уалæ ‘рхауы боны стъалы...

Ды цæрдзынæ ам нæ фæстæ...
Ратт фæстаг салам ныр махæн...
Ницы мæ хъæуы, æрмæстдæр
Бахуд!..

*1941 азы 14 июль, Елхот*

* * *

Уый уыд уагъылыйы дидинæгау рæсугъд æмæ фæлыст. Лæууыди доны был æмæ уылæнты æнцад фæлгъуыдмæ касти. Уыдон фынæй уыдысты нырма, фæлæ уæддæр ратас-батас кодтой, хъуызæгау цыдысты былмæ, æмбæхстысты дурты бынты æмæ, цыма боны рухсæй тарстысты, уыйау каст адæймагмæ.

Кæцæй фæци ацы æвзонг чызг? Цæмæн æдзынæгæй кæсы донмæ? Кæд хæлæг кæны, мыййаг, уылæнтæм æмæ йæ доны рæсуг буарыл асимын фæнды...

Ды рæсугъддæр дæ уылæнтæй!..

Уый йæ риуы дзаг сулæфыд, йæ сæр бæрзонд систа æмæ цæф сæгуытау ныуурынæргъыдта æмæ дард, арвы цъæх, стæй хъæды фæлмхуыз дарæс кæм иу кодтой, уырдæм йæ цæстæнгас арвыста.

О, зонын, зонын æз... Ды бæлццон дæ, дæу бафхæрдта знаг, æмæ ныууагътай дæ сабыр цард. Фæхицæн дæ, зынаргъдæр дын чи уыд, уыдонæй, æмæ дæ фæззæджы фыдуаг дымгæ æрыскъæфта æнæзонгæ ранмæ.

О æнкъард чызг! Цæмæй дын баххуыс кæнон? Мæ бон куы ницы у... Æри уæдта дæ хъыгдзинады ‘рдæг. Æз æй нывæрдзынæн мæ риуы æмæ, цалынмæ дæ былтæ худæндзаст рызт бакæной, уæдмæ йæ хæсдзынæн мемæ.

«О, дæлдзæх фæуай, калмы зæрдæ, дæлдзæх фæуай!..» – ныууынæргъыдта та уый æмæ уылæнтыл йæ мылазон цæстæнгас æрæвæрдта.

Уыдон райхъал сты, систой сæ урс базыртæ æмæ, цæстысыг калгæ, дуртæм тахтысты.

Æз мæ къухтæ стымбыл кодтон, ныттынг сты мæ нуæрттæ, æмæ цалдæр дзырды сæхи атыдтой ме ‘лхъывд дæндæгты ‘хсæнæй: «Тæхуды, куы бафидин мæ хæс мæ бæсты раз æмæ куы ‘рхауин, кæнæ сымахау, о мæстыгæр уылæнтæ, куы ныппырх уаин!..»

*1941 азы сентябрь, Камышин*

* * *

Зымæг…<br>
            Иу хъæмпын хæдзар –<br>
                            фысым…<br>
Цырагъ амарди…<br>
            Адджын фынтæ…<br>
Бадын иунæг æз...<br>
            Мæнæ фыссын<br>
Чъизи сыфыл<br>
            мæ судзгæ хъыгтæ.<br>
Зæрдæ дзуры:<br>
            тæхуды, нынцъух<br>
Тохы размæ<br>
            нæхимæ «сæнæй»!<br>
Адон, ацы хъахбайтæ<br>
            ‘дзух...<br>
Адон аккаг<br>
            фыдæбæттæ нæй!

Райсом – туджы пырхæнтыл
нæ цыд.
Бирæ нал баззад бонрухсмæ, нал.
Уæ, нæ зæхх, æз дæу тыххæй хæцын!
Уæ, фæу мын тыхст сахаты ‘мбал;
Суазæг мæ кæн,
айс мæ,
мыййаг...
Нæй хъысмæтыл æууæндæн, нæй...
Ой, сæдæ царды ратдзæни знаг
Ацы сæры былдыхъы тыххæй!

*1943 аз, Калинины фронт*

* * *

Бон нæма фæзынд
сæууон æртæхы,
Фесæфт хъамылы
æххормаг сынт.
Æз кæуын...
Æрзоныг кодтон зæххыл
Æмæ йын йæ риуæн
пъа кæнын.
Ма хъæрз, зæхх,
мæ уд фæрыст дæ мастæй!
Базæронд мæ лæппуйы буар...
Тугæй нал зыны
да фætæн астым,
Судзгæ ‘мбисæндтæ –
нæмгуыты уард!..
Ма хъæрз, зæхх...
О бафæраз бæллæхы!
Уалæ скæсæны сырхдзыкку бон фæзынд.
Дымгæ тадзы райсомы æртæхы...
Худы туджы ‘ртæхты
хуры тын...

*1943 аз, Калинины фронт*

# ПРОЗÆ

*ДЖИМИТЫ Анжелæ*

## БОНÆЙ – БОНМÆ

*Мæ фыды мысинæгтæ*

Директор мын æхцайы кой куы скодта, уæд æм ницыуал бауæндыдтæн сдзурын. Рацыдтæн æмæ комбайны алыварс æрзылдтæн, цы гыццыл аиппытæ ма дзы раиртæстон, уыдон аиуварс кодтон. Митя фæзынд æмæ мын бацамыдта, кæуылты цæуын хъæуы, уый. Уымæн æмæ уæд арæзтой æфсæнвæндаджы сæрты хид, æмæ цæуын хъуыд Бесланы цæгатвæрсты уæрдонвæндагыл. Цы къанæуттæ дзы уыд, уыдоны сæрты нæ уыд хидтæ. Митяимæ комбайны бак байдзаг кодтам бензинæй, цыдис дзы 90 литры.

Араст дæн æнæ Митяйæ. Цыдтæн сабыр, фæлæ-иу комбайн мæ коммæ нæ каст. Цалдæр хатты мын-иу фæндагæй рахизырдæм ахызт – фæндаг уыд уæрдæтты фæтæн, уыйадыл лыгъд фæлмæн зæххы 'рдæм. Уалынмæ схæццæ дæн иу ранмæ, дондзæуæн къанаумæ. Уыдис дзы хид хæтæлæй конд, æмæ йын бæргæ сбарстон къæцæлтæй йæ дæргъ, фæлæ мæ хъуыддаг нæ ацыд. Къæцæлтæ уыдысты дыууæ стыр цæлхыты æхсæнæй даргъдæр, æмæ мæ уый фæсайдта. Æз хæтæлыл батардтон, мæ бынмæ цы цалх уыдис уый, æмæ иннæ цалх фæбырыд хæтæлы кæроныл. Афтæмæй комбайн никъкъул иуырдæм æмæ нал цыди размæ. Машинæтæ æмбырд кæнын райдыдтой дыууæрдыгæй, фæлæ дзы æххуысгæнæг нæ разынд.

Уалынмæ фæзынд МТС-ы машинæ – артагласæг. Йе скъæрæг, хидмæ æввахс чи лæууыд, уыдонæн загъта, иуварс-ма ацæут, зæгъгæ. Ацыдысты, æмæ мæм йæ машинæ хæстæг æрбатардта. Бæндæн мын бабæттын кодта фæсте, æмæ, дам, æз куы ахæцон, уæд ды дæр фæстæмæ цæуынил бацархай. Сласта мæ цъыфæй, стæй бæндæн райхалын кодта дыууæрдыгæй æмæ ахызт хиды иннæ фарсмæ. Æз та бæндæн бабастон комбайныл разæй, йæ машинæйыл та – фæсте, æмæ мæ уæд хиды фале фæкодта. Бузныг ын загътон, æмæ уый æрмæстдæр бахудт.

Изæры схæццæ дæн, кæдæм мæ хъуыд, уырдæм. Уым лæууыд иу бæхуæрдон. Цы лæг дзы бадт, уый мæ баурæдта æмæ мын бамбарын кодта, бригадир кæй у, уый, æмæ, дам, мæнæ ацы хуымæй райдайæм.

Дæу, дам, хъæуы рабарын 50 метры мæнæ æфсæнвæдагæй, æмæ, уый куыд цæуы, афтæ ды дæр цу. Бригад, дам, ис уæртæ нæ тæккæ коммæ, æмæ уым сæмбæлдзыстæм.

Ацыдис, æз та рабарстон 50 метры хуымы кæронæй æмæ бараст дæн кæрдгæ. Раздæр хъæмпæмбырдгæнæнæн йæ бын байгом кодтон, цæмæй зæххыл хæлиу кæна хъæмп. Иу-дыууæсæдæ метры куы ацыдтæн, уæд цæлхыты бын дон ауыдтон. Рахызтæн æмæ размæ ацыдтæн иуцасдæр, фæлæ доны арф уæлдай фылдæр нæ кодта. Уымæ гæсгæ кæрдын райдыдтон. Иу-ссæдз метры ма куы ацыдтæн, уæд мæ комбайн æрлæууыд. Фæстæмæ рацæуон, зæгъгæ, бæргæ ацархайдтон, фæлæ змæлгæ дæр нал скодтон. Мæ хабар куы бамбæрстон, уæд фæндагмæ рацыдтæн æмæ бæласы бын æрбадтæн. Машинæтæ иууылдæр цыдысты уæлæрдæм, Беслæны ‘рдæм цæуæг нæ уыд.

Ахъуыды кодтон:

– Ау, Черменæй куы цыдтæн нæхимæ фистæгæй, уæд ныр хæстæгдæр куы дæн. Иугыццыл куы рауадтæн, уæд мæ æрæййæфта абоны артагласæн машинæ. Ницы мæм сдзырда шофыр, афтæмæй машинæ разылдта, стæй мæм дзуры:

– Абад æмæ цом.

Сбадтæн, æмæ мæм дзуры:

– Æз та дæ раласдзынæн, æмæ дæлæ фæндагыл бацу бригадмæ. Уым æхсæвиуат бакæндзынæ, стæй райсомæй, хур куы скæса, уæд ацæудзынæ, уæлæ МТС-ы раз цы бригад ис, уырдæм. Уым хорз бригад кусы, адон та дæ тухæнæй мардзысты.

Раласта мæ суанг фæндагмæ æмæ ныхъхъæр кодта:

– Митя мын бафæдзæхста, Æхсармæ мын-иу фæкæс.

Цы дын бавæййы Митя, зæгъгæ дæр ма мæ бафарста.

Бацыдтæн бригадмæ, æмæ дзы иу зæронд лæджы йæ хæрæгуæрдон уæгъдгæнгæйæ баййæфтон. Комбайн ацæуын æввонг баурæдтон æмæ уыцы сабыр доны мæхи найын байдыдтон. Зæронд лæг мæм бирæ фæкаст æнæдзургæйæ, стæй, куы сыстад, уæд ма мæм рахъæр кодта, цы фанерæй конд мусонджы цард, уырдыгæй:

– Бирæ ма най дæхи, кæннод фæрынчын уыдзынæ.

Æз та æнхъæлмæ кастæн, уæдæ мæм бадзурдзæн, мæнæ фæйнæ къæбæры ахæрæм, зæгъгæ.

Талынг кæнын райдыдта, æмæ мæхимæ хæцын райдыдтон, цæуылнæ

сæхгæдтон хъæмпæмбырдгæнæны бын. Фæлæ фæкомкоммæ дæн, цы æрнай кодтон, уымæ. Мæ быны мæ хæдон бакодтон æмæ бахуыссыдтæн бункеры, сæр ын нæ уыд, ныры хуызæн.

Райсомæй, æхсæвгæс нæма рабадт, афтæмæй мæ уæлæдарæс сыгтæй ссыгъдæг кодтон. Мæхи тагъд-тагъд анадтон æмæ уæллаг бригады балæууыдтæн. Бригады змæлæг нæ сæййæфтон. Мæ бензинæй фæхъуыд 40 литры бæрц, æмæ боцкъайæ рауагътон æртæ ведрайы, æмæ, уыдон куы ныккодтон, уæд иу бæхуæрдонджын фæзынд, зæрондгомау лæг дзы бадт.

Цы кусыс ам боцкъатимæ, зæгъгæ мыл хъæртæ кæнын байдыдта.

Æз ын бамбарын кодтон, бензин мæ кæй хъæуы, фæлæ кæцы боцкъайы ис, уый нæ зонын. Уый та мыл схъæр кодта:

– Дæу ницы хъуыддаг ис, мæнæ хыгъдхæссæг куы 'рбацæуа, уæд дын йæхæдæг ныккæндзæн.

Уалынмæ фæзындысты бригады кусджытæ. Бригадир мæм æрбацыд æмæ, дам, мæнæн афтæ куы загътой, дысон комбайн кæмдæр карста хъæбæрхор, Цыргъ обауы раз.

Æз ын мæ хабар радзырдтон, æмæ уый худæгæй мард. Бадзырдта хыгъдхæссæгмæ æмæ йын загъта:

– Ныккæн ын бензин, æз Солтанæн зæгъдзынæн, æмæ ам кусдзæн.

Æз мæхи фæразæй кодтон æмæ, зæгъын мæ иу ведра йедтæмæ нæ хъуыди, зæгъгæ, æмæ амæй изæрмæ æнæ уый дæр бакусдзынæн.

Стæй бригадир фездæхт фæстæмæ æмæ йæм дзуры:

– Ма йын кæн бензин, дæлæ Солтан цыдæр тагъд скъæры йæ бæх, æмæ уый дзæгъæлы нæу.

Уыцы Солтан комкоммæ комбайнмæ æрбацыд, æмæ, цалынмæ йæ бидаркæйæ хызтис, уæдмæ æз йæ размæ бацыдтæн. Мæстыхуызæй мæ æфхæры, фæлæ йын мæ хабар куы радзырдтон, уæд фæсабыр æмæ бригадирмæ бадзырдта. Мæнмæ та равдыста цыдæр гæххæтт, кæм уыд фыст цыппар нымæцы æмæ, дам, адонæй æндæр макæмæн кæн, цы æрнай кæнай, уый. Йæхæдæг гæххæтт айста æмæ йæ бригадирмæ радта.

– Ацу, кæнæ арвит искæй, æмæ ацы бестаркæтæ иннæ бригадæй скæн.Агроном, афтæ схуыдта иу лæппуйы, загъта:

– Ацы лæппумæ дæ цæст фæдар, цалынмæ йæ комбайнæр Митя цæуы, уæдмæ.

Агроном мæ акодта хуыммæ æмæ мын рабарста йæ сардзинæй –

дыууæ къалиуæй конд дзаума, 2 метры се 'хсæн – цас хъæуы, уыйас. Уалынмæ фæзындысты бестаркæтæ дæр. Райдыдтон кусын, æмæ-иу бункер нæма байдзаг, афтæмæй-иу бестаркæ мæ фарсмæ цæуын райдыдта. Сæ номыртæ фыст уыдысты йæ иннæрдыгæй фарсыл, æмæ мæнмæ нæ зындысты. Агрономæн загътон уыцы хабар, æмæ йæ къух ауыгъта. Афтæ ластой хор хордонмæ, фæлæ, изæры цы уыдзæн, уымæн æз ницы зыдтон. Æз архайдтон æрмæстдæр, цæмæй хъæмпимæ къаддæр гагатæ уа, ууыл. Агроном мыл худæгæй мард, дæуæн, дам, цы уæлдай у, æхца дын МТС куы фиды, уæд.

Иу-цыппæрдæс сахатыл æрбаластой хæринаг, æмæ мæ баурæдтой. Æркодтой мын, цы æрбаластой уыдонæй алцыдæр, фæлæ мæ ныфс нæ бахастон хъæрмхуыпмæ, стæй, тæбæгъы цы дзидзайы комдзæгтæ уыд, уыдонмæ, фæлæ хæмпус дзул ног тынд джитъритимæ бахордтон.

Бон мыл тыххæй ахицæн, мæ бензины бæрц цы авг æвдыста, уымæ бакæс-бакæс кæнынæй. Гыццыл ма дзы цыдæртæ зынд, афтæмæй комбайн, бензины боцкъатæ кæм лæууыдысты, уым хæстæг баурæдтон. Кусæг адæм иууылдæр ацыдысты хъæумæ. Æз ацыдтæн Хуымæллæджы донмæ Чермены хъæуы хиды дæлемæ. Астæумæ дон ссардтон æмæ мæхи фæнадтон. Бригадмæ куы `рбацыдтæн, уæд къуымты азылдтæн æмæ дзы хæринаг не ссардтон. Уалынмæ фæзынд æхсæвгæс. Хъæртæ мыл нал кодта, фæлæ мæ рафæрс-бафæрс systa, кæмæй дæн, кæцæй дæн, сывæллонæй комбайныл цæмæн сбадтæн, ахуыр цæуылнæ кæнын, куы базæронд уай, уæд мæнау хъалагъурæй кусдзынæ, зæгъгæ.

Талынг кæнын райдыдта æмæ, иу-дыууадæс азы йыл цыдаид, ахæм чызг дыууæ уæззау кашолкæимæ æрбацыд. Лæг сæ мидæмæ бахаста æмæ мæм бадзырдта:

– Мæнæ дын хуын æрбахастой.

Уæд мын æй загъта, чызг кæй уыд мæ мадырвадæлтæ Гусалтæй. Æз ын тагъд ацафтид кодтон йæ хæссинæгтæ æмæ йæ акодтон, фæндаг кæм фæзилы хъæуы ‘рдæм, уыцы ранмæ. Хъалагъур æртæ уæливыхы, гогыз, арахъхъ стъолыл æрæвæрдта æмæ алы сидты дæр хуын æрбарвитæджы ном ардта. Афтæмæй фæбадтыстæм æмбисæхсæвмæ. Чи дзы баззад, уыдонæй йын загътон, цæмæй дзы райсом бригады 'рбацыдмæ мацы ныууадза. Æз бахуыссыдтæн хъæмпыл. Æхсæвы цыппар бедрайы бензин ныккодтон æмæ та бафынæй дæн.

Афтæ мæ æрбаййæфтой кусджытæ. Æппæты разæй мæ райхъал

кодта хыгъдхæссæг. Дæхæдæг, дам мæм фæкæс бензин кæнынмæ, ме 'мбал кæй нæй, уый тыххæй. Цас хъуыд, уыйас ныккодтам.

Уалынмæ фæзынд Солтан дæр. Уый мæнмæ бадзырдта æмæ мæ бафарста, кæцон дæ, зæгъгæ. Æз ын дзуапп радтон, æмæ та мæ бафарста, йæ ехсæй хæрдмæ амонгæйæ:

– Уæлæ дын уыцы хордон цал хаты байдзаг знон?

Æз ын загътон, кæй сæ нæ нымадтон, уый, уымæн æмæ дæлæ уыцы лæг уыд мæ разы. Уæд уый агрономы фæрсы:

– Ацы лæппу цал бункеры ныккарста?

Уый йын загъта:

– Алы цыдæн дæр бункер æмæ æрдæг.

– Æмæ цал цыды акодта?

– Мæнмæ 9 зылды фыст ис.

Солтан смæсты. Æмæ, дам, уæдæ бестаркæтæ фæйнæ цыды йедтæмæ куынæ бакодтой.

Æрбацыд артагласæн машинæ, æмæ мын йæ шофыр фехъусын кодта, Митя, дам дæм изæры ссæудзæн. Æз ын балæгъстæ кодтон, цæмæй Митя тагъддæр ссæуа, зæгъгæ. Шофырæн радзырдтон, 90 литры бензин мын изæрмæ нæ фаг кæны, æмæ йæ куы базоной, уæд цы зæгъдзынæн? Митяйæн, дам, зæгъ, йæ карбюратор ын саразын хъæуы, зæгъгæ. Æз дын æй фендзынæн, зæгъгæ, йемæ фæцархайдта, фæлæ, дам, мæ машинæйы æндæрхуызон карбюратор лæууы, æмæ йын йæ бон ницы бацис скæнын.

Солтан мын бафæдзæхста, цæмæй уыцы цыппар бестаркæтæй уæлдай макæмæн кæнон. Цалынмæ иу зылд кодтон, уæдмæ Митя дæр æрбахæццæ. Бирæ мын фæамыдта карбюраторы хабæрттæ æмæ, алцытæ куы ныффидар кодта, уæд мын загъта:

– Мацæмæ-иу дзы бавнал, æмæ изæры бæрæг уыдзæн, бензин ма бирæ хæры æви нал. Бирæ куы схардз кæнай, уæд мæнæ ацы болт дыууæ зылды æркæндзынæ мидæгырдæм...

Радзырдтон ын, цалдæр хатты изæрыгæтты кодтон бензин, уый. Уый худæгæй мард.

Алы изæр дæр-иу фыццаг изæры хуызæн æнæ хуын никуы уыдыстæм æхсæвгæсимæ. Ныр мæ бон у зæгъын, хуынтæ нæм кæцæй цыдысты, уый. Мæнæ мæм цы цыппар бестаркæйы фидаргонд цыдысты, уыдонæй дыууæйы хицæуттæ уыдысты мæ мадырвадæлтæ. Уым мæ мадыфсымæр нæхи хъæуæй куыста МТС-ы, æмæ мæ уый тыххæй базыдтой.

Митя куы ацыдис, уæд цыма комбайны мотор сабырдæр райдыдта кусын, афтæ мæм фæкаст, фæлæ дзæгъæл урæд нæ бакодтон, суанг изæрмæ нæ ныууагътон мæ куыст, суанг ма талынгмæ дæр куыстаин, фæлæ мæ агроном нæ бауагъта, мæнæ, дам, ацы бирæгътæ талынджы æрмæстдæр сæхи куыст кæндзысты æмæ хор сæхимæ балæууын кæндзысты, – ацамыдта мын бестаркæты хицæуттæм.

Фæлæгъстæ йын кодтон, дыууæ зылды тыххæй ма ам цы лæууын, зæгъгæ, фæлæ – ницы.

Изæрæй хъалагъуримæ бирæ фæбадтыстæм гогызы мардыл. Райсомæй иу зылд куы 'ркодтон, уæд мын МТС-ы сæйраг агроном – бæрзонд лæг – загъта:

– Лæппу, ам куы фæуай, уæд дæ дард цæуын хъæуы, æмæ уæхимæ зæгъ.

Æз æй бафарстон:

– Змейкæмæ æви Иранмæ?

Уый мын загъта:

– Зилгæмæ.

Бафарста мæ директоры номæй, куыд мæм кастысты амы хицæуттæ, уымæй: кæм хордтай, дæ фæллад кæм уагътай. Фæстаг зылд куы кодтон, уæд загътон агрономæн:

– Фæстаг бункер мæхи у, æмæ йæ дæуæн æмæ æхсæвгæсæн кæм æркæнон, уый мын зæгъ.

Уый йæхи батылдта:

– Сыбырмæ мæ нæма фæнды.

Æз æй, хæстæгдæр мæм цы бестаркæ уыд, уым ныккодтон æмæ йын йæ хицауæн загътон:

– Иу минут дæр мæ лæууын нæ бауагътат æмæ уæ цыппары фæуæд мæ хай.

Уыдон кæрæдзимæ бакастысты æмæ ныххудтысты. Дыууæйæ мæм дзы æрбацыдысты, æмæ дзы иу афтæ куы зæгъид:

– Мах дæ зонæм.

Мæ мадыфсымæры ном мын загътой, уый, дам, ам æппæты дæр зоны æмæ нын уый радзырдта дæ хабæрттæ.

Бригадмæ бацыдтæн æмæ, бензин ныккæнон, зæгъгæ, бригадиры бафарстон. Уый мын нæ лæвæрдта, æнæ хыгъдхæссæгæй, дам дын куыд радтон. Уæд æм иу тракторист сдзырдта:

– Ратт ын дыууæ бедрайы, мæныл та æртæ ныффысдзынæ.

Уæд трактортæ куыстой фætæгенæй. Хæсты рæстæджы цы трак-тортæ фæзынд, уыдон-иу скусын кодтой бензинæй, æмæ-иу фондз минуты куы акуыстой, уæд-иу райдыдтой кусын фætæгенæй. Мæнæ ныр газæй чи кусы, уыцы машинæты хуызæн. Уыцы трактористæн афæдзы фаг уыдаиккой, фæлæ сæ мæнæн бахай кодта. Мæ фыдыфсымæр Гыдтойы загъдау, хуыздæр адæм фылдæр сты.

Ныккодтон дыууæ бедрайы бензин æмæ араст дæн нæхимæ. Ныр фæндаг зыдтон, стæй комбайны хабæрттæ дæр хуыздæр базыдтон æмæ, Зилгæйы хъæугæронмæ куы ныххæццæ дæн, уæд уым лæууыд тачанкæ дыууæ бæхы ифтыгъдæй. Рахызт дзы скъолайы æфсæддон хабæртты ахуыргæнæг Аликкаты Дзыбо. Ныр уыд колхозы сæрдар. Йæ фыццаг фарста уыд:

– Кæцы дæ?

Æз ын загътон:

– Олгинскæйæ.

Уый мын загъта, цæмæй сæ фæстæ цæуон, цæмæй ма фæдзæгъæл уон. Æз æнхъæлдтон, зæгъгæ, ацæудзæн сосайыл, нæ дуæртты, æмæ нæхимæ бауайдзынæн.

Араст дæн сæ фæстæ æмæ сæ нал æййæфтон. Стæй та моторы фæздæг-цæуæн хæтæл йе 'мбисæй уæлæмæ фæсаст æмæ фæсте аззадтæн. Уый æрцахста радиойы телтæ, æмæ сæ иу тигъæй иннæ тигъмæ мæ фæдыл фæластон. Рагæпп кодтон æмæ хæтæл телтæй суæгъд кодтон, сæвæрдтон æй мемæ æмæ соса фæндагмæ ссыдтæн. Дзыбоиты сæййæфтон Цæлыччы къанауы сæрты хиды раз. Кæм уыдтæ, зæгъгæ мыл хъæртæ кæнын райдыдта. Нæ фæстæ цу, зæгъгæ та стырындз сты.

Колхозы куыста МТС-æй æртæ бригады: 8-æм, 9-æм, 10-æм. Ссыдыстæм 9-æм бригадмæ. Бадзырдта бригадирмæ æмæ йын загъта:

– Мæнæ дын Олгинскæйæ комбайн æмæ, цалынмæ иннæ комбайнтæ цæуой, уæдмæ фæндæгтæ бацæттæ кæнут æппæт къæлеткæты дæр. Мæнæн та загъта:

– Дæу дардæй æрбарвыстой, æмæ дæ куыстыл хорз бацархай.

Æз ын загътон:

– Мæнæй аразгæ дзы ницы у, уым мын уыд 4 бестаркæйы, ам та иу дæр нæ уынын.

Уый мын уайдзæфау куы зæгъид:

– Ам дын Олгинскæ нæу, махмæ машинæ ласы, – æмæ кæмæндæр бабар кодта:

– Ацу рæвдз æмæ машинæ ракæн.

Мæ комбайнмæ схызт мæ мадырвад. Уый уыд бригадиры æххуысгæнæг æмæ араст стæм мæнæуы хуыммæ. Рабарста, цал метры хъуыд, уыйас, æмæ, дам, райдай кусын. Æртæккæ дын уыдзæн машинæ, зæгъгæ, ацыд. Гусалты Узæир мæн хорз зыдта æмæ, ныртæккæ машинæ æрбакæндзæн, зæгъгæ, кусын райдыдтон. Бункер куы байдзаг, уæд сахатмæ æркастæн. Стæй бункеры сæрмæ схызтæн. Кæсын, æмæ комбайны фæстæ – барæг æд хъыримаг, – Пысхацъæты лæг. Æз бацин кодтон æмæ йæм йæ номæй сдзырдтон:

– Беккызæ, ацу æмæ Хъанымæт-шофыры ссар, æмæ рæвдз рацæуæнт, кæннод æй зæхмæ ауадздзынæн.

Беккызæ ма йæ иу цæстæй ныккæстытæ кодта æмæ ехс хæрдмæ фæкодта. Уый та цы у, зæгъгæ йæ афарстон.

Уый мын афтæ куы зæгъид:

– Иу гага дæр ма дзы æркал уæдæ!

Сахатмæ æркастæн æмæ, дæс минутæй фылдæр кæй фæлæууыдтæн, уый куы бамбæрстон, уæд скусын кодтон мотор æмæ ма йын иу хатт загътон:

– Æз кусынмæ æрбацыдтæн æмæ мын бадзырдмæ гæсгæ фондз минутæй фылдæр лæууæн нæй, мæ мыздæй мын æй аппардзысты, ацу æмæ Хъанымæты ссар æмæ йæ ракæн.

Уый та мæм ехсæй фертхъирæн кодта. Æз араст дæн кæрдгæ сындæггай, уымæн æмæ бункер уыд дзаг. Куыддæр Беккызæ комбайны фæстæ цæуын райдыдта, афтæ æз галиу къухæй æвдæлон кæнæн нук фегом кодтон, æмæ хъæбæрхор зæххы балæууыд. Фæтагъддæр кодтон мæ цыд, фæлæ дард нæ ацыдтæн. Беккызæ хор зæххы куы ауыдта, уæд бæхы ныцъцъыччытæ ласта æмæ мын ехсæй мæ галиу къух æрдаудта. Ехсы цæф зыдтон мæ фыдæй, гыццыл куы уыдтæн, уæдæй, фæлæ мыл уæд хæдон уыд, ныр та мыл ницы уыд мæ буарыл. Стæй йæ рыстæй нал арæхстæн комбайнмæ æмæ баурæдтон. Кæугæйæ йæм рахызтæн æмæ та йын загътон:

– Ацу æмæ Хъанымæты æрбакæн, мæн кусын хъæуы, æмæ сæ изæрмæ афтæ калдзынæн.

Сбадтæн æмæ, куыддæр араст кæнынмæ хъавыдтæн, афтæ та

ærбацæйтахт мæ фæстæ, æз ын йæ бæхы мукъутæн, мотор цæмæй кусын кодтон, уыцы даргъ æфсæйнагæй иу хафт авæрдтон. Уæд бæх хæстæг нал уæндыд, æмæ йæ комбайны размæ атардта. Æз нæ урæдтон, æмæ-иу бæхы сæрæн, æфсиртæ мидæмæ цы цалх тардта, уыдонæй хафт-хафт куы райдыдтон, уæд ын бынтондæр нал куымдта тæрын. Фæсте баззадысты, æмæ фæкарстон, сихоры хæринаг мын цалынмæ æрбаластой, уæдмæ. Хæринаг æрбаласта Узæир хæринаггæнæг сылгоймагимæ. Сылгоймаг мæ фæрсы, кæй лæппу дæ, зæгъгæ. Æмæ йын Узæир загъта, ай Олгинскæйæ у, зæгъгæ.

Афтæ баззадтæн се 'ппæтæн дæр олгинскæйагæй. Уыдон куы федтой хор зæххыл, уæд мæм Узæир хæцыд. Æрмæст æй уæд æрхъуыды кодтон, Митя мæм Олгинскæйы цы гæххæтт радта, уый. Уый бакастæн уыдонæн, уым та фыст уыдис цыбырæй: «МТС фервиты комбайн æд комбайнер æмæ æххуысгæнæг, колхоз та дæттынц комбайнæн иннæ хъæугæ кусджыты, хæринаг, артаг, хор æнæ къуылымпыйæ ласыны фаг. Комбайн дзагæй фондз минутæй фылдæр куы лæууа, уæд аххосджын у иваргонд», æмæ афтæ дарддæр. Сихор бахордтон æмæ изæрмæ уыцы хай фæдæн фæндæгтæ конд. Ныццыдтæн бригадмæ, æмæ уым разынд обкомæй æрвыст лæг. Уый мæм бадзырдта æмæ мæ бафарста:

– Кæцæй дæ?

Æз ын загътон:

– Олгинскæйæ.

Уый та мæ фæрсæгау акодта, дæ комбайнер Митя кæм ис, зæгъгæ.

Æз ын загътон:

– Уый вæййы фылдæр МТС-ы.

– Æмæ уæдæ ды афтæ сихортæм кусдзынæ, стæй абондæргъы дæр куы ницы бакуыстай.

Æз ын загътон, уыцы хай кæй фæдæн фæндæгтæ конд, стæй ма мæхицæн дæр мæнæ ацы тæлмытæ бакуыстон.

Уыдон дын цы сты, зæгъгæ, мæ бафарста. Æз ын загътон, Беккызæйы ехсы цæфтæ, зæгъгæ.

Уæд Узæир нæ размæ æрбахæццæ æмæ мæм дзуры:

– Цу æмæ дæ гæххæтт Рамазанмæ равдис.

Æз мæ гæххæтт радтон уымæ, æмæ йæ куы бакаст, уæд, йæ бидаркæйы цы лæг бадт, уый Дзыбойы агурæг арвыста.

Дзыбо йæхæдæг фæзынд, æмæ йæм Рамазан гæххæтт радта йæ къухæвæрдимæ. Мæнæн та загъта:

– Ды раст бакодтай, æмæ дæ кæд фæнды, уæд дын дæ къух бахъыгдарæджы къалатимæ арвитдзыстæм.

Уæд æм Узаир сдзырдта:

– Беккызæ тæригъæд у, сахъат у, æмæ йын æз æмæ Æхсар барæм.

Дзыбо мыл хъæртæ кæнынмæ хъавыд, фæлæ Рамазан фæраздæр ис, æмæ, дам, лæппуйы æфхæрыны бæсты рæвдз арвит бригадтæм, цæмæй иууылдæр рацæуой мæнæу æвгæнынмæ. Иу гага дæр хуымы куыннæ баззайа, афтæ. Уæхимæ куыд ацæудзынæ, зæгъгæ мæм куы сдзырдта, уæд ын Узæир загъта:

– Махмæ цæрдзæн.

Уыцы Хъанымæт плотниктимæ йæ машинæ цæттæ кодта æмæ æнхъæлмæ каст, уæдæ мæм ныртæккæ уыдзæн хабар, комбайнмæ рацу, зæгъгæ. Æмбисæхсæвмæ февгæдтой машинæты æмæ бестаркæты хор æмæ йæ хордонмæ фæластой. Иннæ хæйттæ кæрдгæйæ ницы къуылымпы уыд. Æрмæст иу райсом куы бацыдыстæм, уæд мæ бензинуат уыд дзаг бензинæй. Хыгъдхæссæджы бафарстон, æнæ мæн цæмæн ныккодтай бензин, зæгъгæ. Уый мын загъта:

– Дæ бак уæллоз æвæрд уыд, æмæ ма лæппутæ цалынмæ ам уыдысты, уæдмæ дзы ныккодтон.

Уый фæныхæстæ кодта, фæлæ мæнæн мæ комбайн, фæчыкк-фæчыкк кæнгæ, фæцыд. Иу рæстæг мæм Митя дæр фæзынд. Æмæ комбайн куы кусын кодтам, уæд мын мæ гуырысхо бензины хæрзхъæдыл бамбæрста æмæ мæ бафарста:

– Карбюратормæ бавнæлдтай, æви бензин нæ бæззы?

Æз ын загътон:

– Бак мын байдзаг кодтой æнæ мæхи. Исты хуызы йæ базон, афтæ цæмæн бакодтой, уый.

Изæры мæхи цыдæртæ кусæг скодтон комбайны æмæ æппæтимæ нæ рацыдтæн. Узæир-иу бæхуæрдонæй фæзынд, хъалагъур-иу куы ‘рбацыд, уæд. Хъалагур та дзы уыд иу зæронд лæг, æмæ уый уымæй размæ ласта артаг боцкъаты Беслæнæй бригадмæ æмæ иртæста, иттæг хорз фæтæген цы у, æмæ бензин цы у, уый дæр. Ласта-иу мах дуæртты æмæ нæм иу арæх бауад.

Куыддæр фæзынд, афтæ йæ бафарстон:

– Абон мын мæ комбайны фæтæген чи ныккодта?

Уый бахудт æмæ мын афтæ:

– Æз æй нæ уагътон, фæлæ дзы дыууæ бедрайы уæртæ уыцы боцкъайæ фæтæген ныккодта, цыппар бедрайы та бензин уæртæ уыцы боцкъайæ.

Райсомæй мæм хыгъдхæссæг бадзырдта, æмæ ныккодтон æхсæз бедрайы бензин. Уый мæм гæххæтт æрбалæвæрдта къух æвæрынмæ, æмæ æз æхсæз ахахх кодтон, йæ бæсты йын ныффыстон цыппар. Уый мыл схъæр кодта. Æз ын загътон:

– Знон хицау ам уыд æмæ мын мæ бензинæй йемæ аласта МТС-мæ, æмæ, дам, æмбис бензин уыд, æмбис та – фæтæген. Абон æрбацæудзысты, æмæ дæм уæд бæрæг уыдзæн, мæгуыр трактористы куыд сайын хъæуы, уый, стæй мотортæн цы зиантæ хæссыс, уый дæр.

Хорзау нал фæцис. Æцæгæйдæр уыцы бон æрцыдысты дыууæ сылгоймаджы æмæ алы боцкъайæ дæр ахастой фæйнæ гыццылы. Узæир мын изæры сусæгæй бамбарын кодта, знон, дам, демæ МТС-æй цы механик ныхæстæ кодта, уый, дам сæ æрæрвыста. Дæ зонгæ у уыцы лæг, зæгъгæ мæ бафарста. Æз ын загътон, уый у комбайнерыл нымад, зæгъгæ.

– Уæд ма йын зæгъ, æмæ дын æртæ цырагъы æрхæсса, æз дын рухс скæндзынæн, æмæ фылдæр кусдзынæ.

Уыцы бон мæ бабæрæг кодта МТС- ы парторг æмæ мæ фарста æппæты разæй мæ къухæй, стæй хæринагæй æмæ, дам, дæм амы кусджытæ цы цæстæй кæсынц. Разыйæ ацыд. Уымæн загътон:

– Мæнæ ма мын сæ бригадиры æххуысгæнæг цырæгътæ дæр сæвæрид, фылдæр, дам, кусдзынæ, зæгъгæ, æмæ Митяйæн куы зæгъис, уæд мын æртæ фарæйы куы 'рласид, уæд иттæг хорз уаид.

Иннæ бон Митя æртæ фарæимæ æмæ телтимæ, кънопкæтæ семæ, афтæмæй æрбалæууыд. Митя æмæ Узæир комбайныл иу разæй, иннæтæ фæсте бакодтой. Æртыккагыл бирæ фæцархайдтой, фæлæ йæ уæддæр сæвæрдтой бункеры фарсыл, алырдæм ын зилæн куыд уыдаид, афтæ.

Уыцы бон кæрдынмæ хъавыдтæн æрдæгталынгтæм, фæлæ хъалагъурты хицау фæзынд, æмæ, дам, талынгæй машинæ фæндагыл ацафтид кæндзысты, æмæ бауром. Беккызæйы тыххæй та, дам дын бузныг, къалатийы йæ кæй не сбадын кодтай.

– Фæлæ Узæиры та цæмæй зоныс?

– Нæ йæ зонын, фæлæ мæ сæхимæ цæрынмæ акодта.

Мæ цин фарæты тыххæй фæдзæгъæл. Фæндæгтæ конд куы фæдæн, уæд мæм Митя æрцыд æмæ мын загъта:

– Комбайнмæ базил æмæ дæ фæллад суадз иу-дыууæ боны. Уæдмæ колхозмæ æрбацæуздзысты иннæ комбайнтæ иууылдæр, æмæ семæ кусдзынæ.

Афтæ, дам мын загъта директор.

Æз базылдтæн комбайнмæ æмæ бригадирæн загътон:

– Мæнæ ма мæ ацы ног дизелыл ахсæв хуым кæнынмæ ауадз.

Уый уыд ног трактор, æмæ йæ радтой мæ мадыфсымæрæн, хистæр кæй уыди, уый тыххæй. Куы йæм базылдысты, уæд æй кусын кæнын райдыдта Узæир, æмæ йæ бæндæн цы цалхыл стыхтой йæ æрзылын кæныны тыххæй, уый куы стырындз, уæд йæ сæмæнæй атахт æмæ, иуцасдæр дардгомау цы хъæдæй конд вагон лæууыд, уымæн йæ иу фарсы куы батахт æмæ иннæ фарсæй куы атахт, уæд ма зæххы абырыд иу метр æмæ æрдæг. Уæдæй абонмæ йæм хæстæг ничиуал бацыд. Уыцы вагоны та хуыссыдысты гуымецæгтæ-трактористтæ, æхсæвы чи куыста, уыдон. Узæир мын загъта:

– Ацу уæхимæ æмæ дæ фæллад суадз, комбайнмæ æз фæкæсдзынæн.

Æртæ боны фæдæн нæхимæ, уæдмæ комбайнтæ æрæмбырд сты иууылдæр иннæ бригады, æмæ æз дæр уырдæм ацыдтæн. Æртæ дихы сæ акодтой, æмæ, дам, къордгай кусдзыстут, мæнæ, дам уын фæйнæ хæдтулгæ комбайны.

Мах уыдыстæм астæй æмæ карстам фæндаджы уæле, ам æй хуыдтой Мæхъхъæлы раз, ома, Мæхъхъæлы зæххытæ уыдысты нæ фарсмæ. Уæд мæхъхъæл ам нæма уыдысты, Дæллагхъæуы цардысты таулинтæ-гуымецæгтæ, ома дагестайнæгтæ. Æз кодтон фæндæгтæ, мæ фæстæ та авд комбайны кæрдгæ цыдысты. Афтæ бакуыстам авд-аст боны, æмæ ма æрмæстдæр Цæлыччы сæрмæ баззад иу хай. Уырдæм иууылдæр æрæмбырд стæм æмæ архайдтам йæ бафснайынил суанг изæрмæ.

Дзыбо, колхозы сæрдар, нæ фарсмæ цы æхсынæны зæхх уыд, уым тигъыл дынджыр тъæпæн ныссыгъдæг кæнын кодта. Æмæ дзы сарæзта стъæлттæ. Цалдæр дынджыр аджы æрбаласта, суг, стæй, стыр куывдæн цыдæриддæр хъуыд, уыдон. Æрбаласын сын кодта

фондзæй фылдæр балæттæ. Сæ бæрзæнд уыд метр æмæ æрдæг, æмæ сæ сæвæрдтой хæрдмæ хъилæй, се дзаг – Дзанафийы арахъхъæй. Комбайнертæ, уыдæттæ уынгæйæ, фæстиæттæ кæнын райдыдтой. Куы иуæн асæтты, куы – иннæмæн, æмæ та уырдæм фæраст фæййынц. Фæстагмæ ма дзы æз уырыссаг Тамуимæ баззадтæн. Уырыссаг баурæдта æмæ мын афтæ:

– Ды ацу уæртæ уырдæм, æз æй фæуыдзынæн карст.

Фæзылдтон комбайн æмæ фæцæуын. Фæстæмæ акастæн, æмæ уый дæр мæ фæстæ цæуы. Бæргæ æрлæууыдтæн, фæлæ мæм уый йæ къух батылдта. Сæвæрдтон комбайн кæронæй æмæ мæхи æхсынмæ бацыдтæн. Узæир мæ размæ фæцис æмæ мын куы зæгъид:

– Дæ фыд баддзæн хистæрæн, стæй хицауад дæр ам сты. Æмæ мæ газетæй къамисджытæм æмæ Митямæ арвыстой. Цæмæн сæ хъæуы, нæ зонын, фæлæ, дам сын афтæ зæгъ: «Фæссихор ацыд…»

Уыцы рæстæг, кæм карстам, уырдыгæй æрбацыд рог машинæ. Æмæ дзы цы лæгтæ рахызт, уыдонæй иу бацыд Рамазанмæ, обкомæй æрвыст лæгмæ, æмæ йын уырыссагау куы зæгъид:

– Цы бакуыстай, Сыбырмæ дæ æрфæндыд, цæмæн фехъусын кодтай, хортæ æфснайд фестæм, зæгъгæ? Уæртæ ма акæс уыцы æнæкарст быдырмæ, уæ агтæ дзæгъæлы æвæрд фесты.

Рамазан бадзырдта Дзыбомæ, æмæ, дам, цы бакæнон.

Уæд МТС-ы директор уырыссаг комбайнермæ бадзырдта æмæ йын цыдæртæ фæдзырдта. Уый йæ къухтæ тилын байдыдта, талынджы, дам æй куыд ныккæрдон, зæгъгæ?

Уалынмæ Митя дæр æрхæццæ директоры машинæйæ, æмæ йæ директор бакодта, газетæй чи уыд, уыдонмæ.Уыдон Митяйыл æрæмбырд сты, æмæ сæ Митя акодта комбайны размæ. Уым къамтæ истой. Уæдмæ комбайны размæ бацыдысты директор æмæ Рамазан. Директор бункеры сæрмæ фарæ куы федта, уæд мæм бадзырдта:

– Лæппу, ай худинаг куы кæнæм, уæд куыд ницы дзурыс. Æви дæ ныфс нæ хæссыс?

– Цæмæ? – бафарстон æз.

Уæд Рамазан фæразæй, æмæ, дам дын дыууæ зылды йедтæмæ куынæ у уыцы гæбаз. Уыцы ныхæстæ Рамазан нæма фæцис, афтæ Узæир комбайн скусын кодта æмæ мæм æрбацыд ахæм ныхæстимæ:

– Мæнæ къамисджытæ афтæ зæгъынц, фенын, дам ма нын кæнут,

хъæмп æмбырдгæнæны æнæ адæймагæй куыд амайут. Æмæ дзы мæкъуылтæ куыд уайы.

Митя дæр мæм æрбацыд, æмæ, дам, комбайн хуыммæ ракæн, йæ къам, дам ын исынц.

Мемæ сбадт Узæир, æмæ атардтон комбайн хуыммæ. Цалынмæ дыууæ мæкъуылы æппæрстон хъæмп, уæдмæ цыдисты мæ фæстæ æмæ къамтæ истой. Узæиримæ ма дыууæ зылды æркодтам, бацыдыстæм нæ бынатмæ, æмæ уæд райдыдта куывд. Цалынмæ мæ къухтæ æмæ мæхи æхсадтон, уæдмæ цалдæр сидты фæкодтой, фæлæ, зæгъын, мæ фыды фарсмæ фынгыл куыд æрбадон, зæгъгæ, фæстиаттæ кодтон.

Уалынмæ мæм комбайнмæ Узæир æрбацыд æмæ, дам, директор афтæ зæгъы, цæмæй скусын кæнон комбайн æмæ фарæты рухс фынгтæм саразон. Æз ын загътон:

– Комбайн скусын кæндзынæн, фарæтæ та ды сараз.

Афтæ бакодтам, стæй мын Узæир афтæ, директор, дам дæм дзуры.

Куыд æмбæлы, афтæ хистæрты раз æрлæууыдтæн æмæ мæм Рамазан агуывзæ дзагæй радта, æмæ сын цы загътаин. Бануазтон æй æмæ йæ дзагæй фæстæмæ раттынмæ хъавыдтæн Рамазанмæ, фæлæ мын уый амоны мæ фыдмæ, уый, дам, хистæр у, зæгъгæ. Æз, цæмæй дзы мæ маст сисон, уый тыххæй агуывзæ мæ къухы, афтæмæй Рамазанæн загътон:

– Нуазæн чи авæры, уымæ дæтгæ у фæстæмæ дæр.

Узæир ын йæ хъусы цыдæртæ адзырдта, æмæ мын уæд загъта, Узæирмæ ацамонгæйæ:

– Мæнæ дын уый дæлæ бынат скодта, æмæ уым æрбад, мах дæуырдæм нæ кæсæм.

Бадт ахаста æмбисæхсæвмæ, æмæ бирæтæ быдыры бахсæвиуат кодтой. Мах Узæиримæ комбайн акодтам æмæ уырдыгæй нæхимæ ацыдыстæм. Райсомæй нæхицæй ацыдтæн хъæуысæрты бригадмæ æмæ ракодтон комбайн. Хъæуы астæуыты мæзджыты цурты ссыдтæн доны былмæ æмæ комбайн ныссыгъдæг кодтон, æдде та йæ доны парахатæй фехсадтон. Скодтон æй МТС-мæ æмæ йæ Митяимæ, цы лæгтæ уыд, уыдоны раз сæвæрдтон, кæм мын бацамыдтой, уым æмæ ма йæм базылдтæн, Митя мын куыд амыдта, афтæ. Стæй мын мæ къух цыдæр гæххæтты сæвæрын кодтой.

Митя мын загъта:

– Æхсар, быдыры къамтæ нæ рауадысты æмæ, мыййаг, газетæй фæстæмæ куы æрцæуой, уæд дæ ссардзысты æмæ-иу ма фæзивæг кæн, куыд дын дзурой, афтæ-иу бакæн, уый у директоры фæдзæхст. Директор дæ у тынг разы, æмæ дæ мызд, куыд комбайнер, афтæ райсдзынæ. Исты æххуысс дæ куы хъæуа, уæд æз ам дæн.

Уæд æз ахъуыды кодтон, уыцы дизел мын цæуылнæ дæтты бригадир, зæгъгæ. Митяйæн мæ хъуыдытæ загътон, фæлæ мын ницы зæрдæ бавæрдта. Нæхимæ æрцыдтæн æмæ æнæ кусгæйæ бадтæн. Таму та цыд МТС-мæ алы бон дæр, нæ комбайн, дам, цалцæг кæнæм, зæгъгæ.

Уæд иу райсом дуармæ бадын, æмæ фæндагыл æрцæйцыд МТС-ы машинæ. Мæ комкоммæ æрлæууыд, æмæ дзы Пупу рахызт. Уый мын æвиппайды куы фæкæнид:

– Дæ кой куы айхъуысын кодтай, уæд æнцад цы бадыс, цом-ма æмæ, Митяйæн цавæр дизелы кой кодтай, уый мын фенын кæн.

Аласта мæ Бебейы бригадмæ æмæ, трактор куы федта, уæд Узæиры æфхæрын райдыдта, уал мæйы, дам, ахæм трактор æнæ кусгæйæ цæмæн лæууы. Узæир радзырдта тракторы хабæрттæ, æмæ уæд Пупу бригадмæ бадзырдта æмæ сын загъта:

– Ацы трактор уал мæйы фæлæууыд, æмæ уын æгъгъæд фæуæд, мæнæ йæ уымæ раттут, уымæн æмæ уый ахуыр кодта мах хардзæй. Мæнмæ раздæхт æмæ мæ бафарста:

– Дæ ныфс æм хæссыс, уæд абон райдай кусын.

Æз ын загътон:

– Абон куыд райдайон кусын, трактор куы нæ срæвдз кæнон, уæд?! Изæрмæ йæм базилдзыстæм Узæиримæ æмæ райсом кусæн дзаумæтты рацæудзынæн кусынмæ.

Пупу ацыд, æмæ мах Узæиримæ уыцы цалх – скиф æй хуыдтой – бафидар кодтам. Узæир мын трактор цалдæр хатты скусын кодта æмæ мæ уæд нæхимæ ауагъта. Изæры Тамуйæн радзырдтон, трактор мын радтой, зæгъгæ. Иннæ бон ацыдтæн колхозы кæртмæ хъæуы астæумæ æмæ уырдыгæй та – бригадмæ. Бригадир мæсты кодта æмæ мын ссардта куыст. Хосæн дзы уыд кæрдинаг кæрдæг экспарцет, зæгъгæ, æмæ, дам, уырдæм ацу кæрдынмæ. Æз ын загътон:

– Дизел машинæ хос нæ фæкæрды, фæлæ хуым фæкæны, хос та фæкæрды хосгæрдæн машинæ.

Уый мын ацамыдта, иуварс цы хосгæрдæн машинæ лæууыд, уымæ.

Уый та уыд, дыууæ бæхы кæй ластой, ахæм дзаума. Тракторы фæстæ мын æй бабæттын кодта æмæ мæ арвыста кæрдынмæ. Æз ын, уыцы дзаумайыл цы бандон уыд, уымæ ацамыдтон æмæ йæ бафарстон:

– Уым та чи сбаддзæн?

Уый мын Дзарасаты Батырмæ ацамыдта, уый дын уыдзæн æмбал, зæгъгæ.

Батыр та уыд зындгонд хæстон сгарæг. Йæ бæрзæнд уыди дыууæ метры æмæ дыууын æхсæз сантиметры. Сбадын æй кодтон йæ быназы, æмæ, йæ къæхтæ цы фæкодтаид, уый нæ уыд. Ацыдыстæм, æмæ, хуымы куы бараст стæм, уæд æз фыццаг хатт цыдтæн æмæ сабырæй ауагътон трактор. Трактор уыд 56 бæхы тыхон, æз та ластон дыууæбæхон тыхы хосгæрдæн. Ууыл хъуыды кæнгæйæ, чысыл фæтагъддæр кодтон æмæ, иугыццыл куы ауадтæн, уæд кæсын, æмæ хосгæрдæн мæ фарсмæ цæуын райдыдта. Баурæдтон æмæ ме 'мбалы ауыдтон дард бригадмæ фæндагыл. Хосгæрдæн разæй айдзаг кæрдæгæй, кæрдæгсхойæг куынæ уыд, уæд æмæ мæ фарсмæ ныззул, афтæмæй баурæдтон. Ссыгъдæг кодтон кæрдæгæй хосгæрдæн æмæ бригадмæ ацыдтæн. Бригадир мын алывыд акалдта, æмбисонды фидистæ мын фæкодта, ды, дам, гыццылæй нырмæ дæхицæй цыдæр аразыс, фæлæ дын дзы ницы рауайдзæн. Бадзырдта хыгъдхæссæгмæ æмæ, дам, трактор фæлæууыд, зæгъгæ, ныффысс. Уый мæм нырма фæтæгены тыххæй мæсты уыд, æмæ мыл цытæ ныффыста, уый чи зоны, фæлæ гæххæтты бын æз къух нæ сæвæрдтон. Бригадир се 'ппæтмæ дæр бадзырта æмæ сын сæ къухтæ æрæвæрын кодта, Æхсар, дам, дæс сахатыл трактор ныууагъта, зæгъгæ. Стæй уый фæстæ мæйы æрдæджы мызд куы лæвæрдтой, уæд фыст дæр нæ уыдтæн гæххæттыты, дæ куыстытæ, дам, ивары фаг дæр нæ уыдысты, зæгъгæ.

Уыцы изæр æрбадтæн æмæ газет «Социалистическая Осетия»-мæ ныффыстон мæ хабæрттæ. Рацыд фельетоны хуызы. Бригадир хæдзаргай зылд æмæ æртхъирæн кодта, газетмæ йыл чи ныффыста, уымæн йæ хæдзар басудздзæн, зæгъгæ. Кæмæ-иу бацыд, уыдон-иу дисæй мардысты.

МТС-æй æрцыдысты директор, парторг, Пупу, Митя æмæ бирæ чидæртæ æмæ се 'ппæты дæр фарстой, уæ къухтæ цæуыл æвæрдтат, зæгъгæ. Чи цы загътаид? Æрмæстдæр мæ мадыфсымæр, зæронд хæстон тракторист, загъта:

– Бригадир нын загъта: «Ацы гæххæтты къух чи нæ сæвæра, уый-иу райсомæй фæстæмæ куыстмæ мауал рацæуæд». Узæир та сын загъта:

– Хосгæрдæн у дыууæ бæхæн æмæ трактор афтæ сабыргай куыд хъуамæ куса, йæ фæтæгены хардзы фаг дæр нæ уыдзæн йæ куыст.

Уыцы бон мын радта гутон æмæ иу æрыгон лæппуйы. Æрыгон та йæ уымæн хонын, æмæ йын нывыл куыст нæ лæвæрдтой, бригадир æй рарвит-барвит кодта, æнæуи та уыд ме 'мгар. Изæрæй сцæттæ стæм, æмæ мæм Узæир уæрдонæй рахызт æмæ мын бацамыдта:

– Æз дын ныртæккæ равдисдзынæн, хуым кæнын кæцæй райдайдзынæ, уый, æцæг дзы ис хæрдтæ, æмæ уым трактор куынæ фæраза æмæ дын куы ахуысса, уæд-иу дæлæ къанауы цур хæдзармæ бацæут æмæ-иу уым æхсæвиуат бакæнут. Райсомраджы уын æй æз скусын кæндзынæн. Уый ацыд, æмæ мах афардæг стæм уæлæрдæм. Дзыхъмæ куы бахæццæ стæм, уæд дур мæ разæй фæцис, æмæ фæтарстæн, кæд ме 'мбал, мыййаг, гутоны бын фæцис, зæгъгæ. Уый йæ бынатæй рагæпп кодта æмæ мæм худгæ æрбацыд.

– Æхсар, цалынмæ рухс у, уæдмæ мын мотор кусын кæнын бацамон, æмæ дæ-иу æхсæв аивдзынæн.

Æз ыл нæ фæдис кодтон æмæ мотор ахуыссын кодтон. Черменыхъæуы мæ куыд ахуыр кодтой, афтæ мотор скусын кодтон. Уæд æй уыцы лæппу ахуыссын кодта. Стæй йæ скусын кодта æмæ та йæ ахуыссын кодта. Мах не 'рхъуыды кодтам, Узаир нæ цуры куыд февзæрд йæ хидкалгæ бæхимæ. Уый æрдæгфæндагæй раздæхт, трактор ахуыссыд, уый куы фехъуыста, уæд. Хабар куы бамбæрста, уæд æй ме 'мбалæн скусын кодта æмæ нын загъта:

– Кусут, æз дæр æнæмæтæй фынæй кæндзынæн.

Райсомæй бригадмæ куы 'рбацыдыстæм, уæд ме 'мбал тардта трактор, æмæ уый бригадир федта. Трактор та батардта боцкъаты цурмæ, æмæ йæм бригадир хыл кæнынмæ хъавыд, фæлæ йын уый афтæ:

– Бебе, мах артаг æркæндзыстæм æмæ фæстæмæ цæуæм.

Хыгъдхæссæгимæ артаг ныккодтой æмæ та, иууылдæр æй куыд феной, афтæ скусын кодта трактор æмæ йæ иуварс атардта. Бацыд хæринаггæнæг сылгоймагмæ æмæ дзы, дзулы æрдæг æви кæрдзын уыд, нал æй хъуыды кæнын, ракуырдта, стæй цалдæр джитърийы, æмæ ацыдыстæм нæ куыстмæ, уый трактор тардта, афтæмæй.

Бон-изæрмæ бакуыста æмæ, нæхимæ цæуæм, зæгъгæ, бригадирæн

куы бамбарын кодта, уæд уый йæхи сцагъта, æмæ, дам, уæдæ хъæстмæ куы ацыдтæ, трактор мын нæ дæттынц, зæгъгæ.

– Ацæут æмæ кусут, кæннод ивар фиддзынæ, æхсæв трактор куы фæлæууа, уæд.

Акт ныл скæндзæн, зæгъгæ, ме ‘мбал сразы æхсæвыгон кусынын. Трактортæ куыстой æнæрлæугæйæ, æмæ сын уыд дыгай трактористтæ. Куыстой суткæгай, райсомæй-иу кæрæдзи аивтой. Бригады уыд уæгъд цалдæр трактористы, фæлæ дзы æз ног трактор никæмæн уæндыдтæн дæттын. Иу ме 'мгар мын дзы лæгъстæ кодта, демæ мæ бауадз, зæгъгæ, кусынмæ. Цалдæр боны ма бакуыстон уыцы лæппуимæ, фæлæ бригадир райсомæй бадзырдта трактористмæ æмæ йын загъта:

– Амæй изæрмæ Æхсаримæ бакус, æмæ дыл кæд трактор баууæнда, уæд- иу æй аивдзынæ.

Иннæ лæппуйы та сæхимæ арвыста, дæ фæллад сауадз, зæгъгæ. Æз мæ ног æмбалимæ, Борик æй хуыдтой, Дзгойтæй, ацыдтæн хуым кæнынмæ. Фылдæр уый скъæрдта тракторы – афтæ иу суткæ бакуыстам. Бригадир мын уæд радта æххуысгæнæгæй харинаггæнæджы лæппуйы, мæнæй иу аз кæстæр чи уыд, ахæмы. Йæ фæзылдтытæ уыдысты бирæ цауддæр иннæ лæппуйæ, фæлæ, дам, йæ мады æхца хъæуы, æмæ афтæ бакодта бригадир. Уыцы бон райдыдтам хуым кæнын, бригады раз цы зæхх ис, уый. Куы æризæр ис, æмæ бригады æхсæвгæс йедтæмæ куы ничиуал уыдис, уæд ме 'мбалмæ бадзырдтон æмæ йын загътон, моторы дон фаг нæй, зæгъгæ. Бедра йæм радтон, дæлæ къанауæй дон схæсс, зæгъгæ. Ацыдис æнæсдзургæйæ æмæ, цалынмæ зылдтæн, уæдмæ не схæццæ, къанау уыд иу километр æмæ æрдæг дарддæр. Ныккæн æй дæхæдæг, зæгъгæ йын загътон. Иуæй, дымгæ кодта, иннæмæй та, трактор, кусгæйæ, кодта змæлгæ. Донæн йæ фылдæр иуварс акалд, æмæ йæ уый æмбаргæ дæр на бакодта. Райсомæй куы бацыдыстæм бригадмæ, уæд се 'ппæтæй раздæр бригадир мæнæн мæ пырх акалдта, цæмæн, дам æй арвыстай Цæлыччы къанаумæ, мæнæ доны боцкъа дзаг куы у, уæд. Ницы йæм сдзырдтон, фæлæ та изæры æрвыст æрцыд, æмæ та куы схаста дон, уæд та йæ ныккодта йæхæдæг. Æз донмæ ныккастæн, фаг нæу, зæгъгæ йæ арвыстон ногæй. Æрзылдтæн та иу зылд, æмæ уæд афоныл схæццæ, æмæ æз къæрта мæхæдæг систон æмæ йын загътон:

– Мæнæ кæс, дон куыд кæнгæ у, уымæ.

Æз къæртайы бын сарæзтон, дымга кæцæй кодта, уыцырдæм, æмæ ма дзы уæлдай дæр баззад. Стæй йæ бафарстон, цæмæн мæ, зæгъын, сардыдтай дæ мадыл, фæлæ мæм ницы сдзырдта.

Афтæ йын кодтон фондз цыды онг, стæй йæ мадæн ницыуал загъта, æмæ мæ бригадир дæр нал хъыгдардта. Уалынмæ ме 'мбал тракторисјты акодтой æфсадмæ. Уый куыста йæ кæстæр æфсымæримæ, æмæ мын бригадир бамбарын кодта, чи, дам дæ хъæуы Бориккы бæсты. Æз ын загътон:

– Борик 5 – 10 боны фæстæ йæхæдæг ам уыдзæн æмæ йæхæдæг кусдзæн. Мæнæ мын йе 'фсымæры мемæ уадз, æмæ бафæраздзыстæм уал боны.

Сразы ис мæ фæндоныл. Авд боны фæстæ Борик дæр фæзынд, хуыздзыд салдаты дзаумæтты. Цæмæн ссыдтæ, зæгъгæ йæ иууылдæр фарстой, фæлæ сын дзуапп нæ лæвæрдта. Æз æй куы бафарстон, уæд мын сусæгæй куы зæгъид:

– Сеносоломæ мæ хуыдтой.

Æз ын афтæ зæгъын:

– Ды йæ зоныс, цы амоны сеносоломæ, уый?

Уый, зæгъын, галиумæ-рахизмæ нæ иртæстай кæрæдзийæ. Иу ныхасæй, райдыдтам кусын. Ме 'мбал уыд мæнæй иу аз хистæр, домбай лæппу, хорз кусæг, æмæ мæнæн уыд æнцон.

Быдырон куыстытæ фесты, æмæ, цалцæг кæнын цы техникæ хъуыд, уыдон иууылдæр МТС-ы кæртмæ æрæмбырд кодтой. Мæнæн уыд ног трактор, æмæ йæ цалцæг кæнын нæ хъæуы, зæгъгæ, куы загътон, уæд мыл худæгæй амардысты. Акодтам трактор МТС-мæ, æмæ йын уым йæ мотор систой æмæ йæ цалцæггæнæн цехы смидæг кодтой. Пупу уыд механик, æмæ йын куы загътон, ног мотор халын ма бауадз, зæгъгæ, уæд мын загъта:

– Уый у бригадир æмæ дзуапп дæтты алцæмæн дæр. Ныр æм куынæ базилæм, уæд сæрды исты куы кæна, уæд уый дæтдзæн дзуапп.

Аивтой йын йæ сæйрагдæр хай. Хай та уыд, фæтæгенæй цы трактор куыста, НАТИ йæ хуыдтой, уымæй. Сæ сæйрагдæр миниуджытæй кæрæдзимæ уыдысты дард. Афтæмæй трактор цæттæйыл банымадтой. Акт конд ыл æрцыд, æмæ дзы къух мæ бæсты Борик сæвæрдта. Æз ныффыстон газет «Социалистическая Осетия»-мæ. Раззаг хатт сæм хосгæрдæны тыххæй куы ныффыстон, уæд мæм дзуапп дæр æрæрвыстой, ома, дам, мах ахæм æрмæджытæ æхсызгонæй фæхъæуынц.

Рацыд ærмæг газеты, æмæ мæ хицауад бакъуымы кодтой, кæмæн, дам, радзырдтай афтæ лæмбынæг дæ хабæрттæ, зæгъгæ. Куынæ йæ зæгъай, уæд, дам, кæндзыстæм æмбырд, æмæ уым дæтдзынæ дзуапп.

– Æмбырд куы саразат, уæд æцæгæйдæр радзурдзынæн корреспондентæн хабæрттæ.

Узæир мын уый фæстæ фæлæгъстæ кодта, директоры, дам, уæле æфхæргæ кæнынц, зæгъгæ. Æз мæхи ныхъхъус кодтон æмæ иу бон мæхи куыстæй ракуырдтон. Ссыдтæн военкоматмæ æмæ сын загътон:

– Ме 'мгæрттæ иууылдæр æфсадмæ ацыдысты, æмæ мæн цæуылнæ кæнут?!

Уым мын иу хистæр лейтенант загъта:

– Училищейæ куы ссыдтæ, уæд ма дæ цавæр æфсад хъæуы?

Военком Карпенкомæ бацыдтæн æмæ йын мæ хабар бамбарын кодтон, кæд мæ училищейы æртæ мæйы ахуыртæ нымайут служ-бæйыл, уæд мын билет раттут. Уый бадзырдта хистæр лейтенантмæ æмæ йын загъта:

– Фыццаг къамис куыддæр уа, афтæ йæм фæдзурдзынæ.

Зымæджы ма сæм цалдæр цыды скодтон, фæлæ никуы æмæ ницы.

Уалдзыгон куыстытæ райдыдтой рагацау. Раздæр анаули ластам похцитæй, стæй уæдмæ хъæуысæр нартхоры зæххытæ куы суæгъд сты, уæд бавнæлдтам хуым кæнынмæ. Фæззæджы куыд бирæ æнтыст, афтæ ныр нал цыд нæ хъуыддаг. Борик ма-иу йæ фыр зыдæй, фылдæр соляркæ цæмæй цæуа, уый тыххæй бавнæлдта цъирæнтæм æмæ-иу райсомæй тракторы фæздæгдзæуæн сыгæй сатæгсау уыд. Хæцыдтæн-иу æм уый тыххæй, мотор хæлгæ кæны афтæмæй, зæгъгæ.

Иуизæр ацыдтæн къуыбыртæм. Уым-иу бадтыстæм сыхаг лæппутимæ æмæ-иу кæрæдзийæн нæ хабæрттæ кодтам. Хæлиу кæнынмæ куы хъавыдыстæм, уæд мæм лæппутæй иу дзуры:

– Æхсар, Лæгойы тракторы хъæр куынæуал хъуысы.

Лæгой хуыдтой ме 'мбал Бориккы, дыгурон хæрæфырт кæй уыд, уый тыххæй. Сабыргай цыдыстæм нæхи размæ, æмæ уæдмæ Борик æмæ йе 'фсымæр мæ разы æрлæууыдысты. Æз сæ æвиппайды афарстон:

– Сæмæн асаст?

Цавæр сæмæн, зæгъгæ мæ Борик афарста.

Æз ын загътон:

– Моторы.

Ӕртæйæ дæр ссыдыстæм тракторы размæ. Скусын æй кодтон, æмæ сабыргай араст уон, зæгъгæ, ацархайдтон, фæлæ размæ нæ цыд. Иучысыл-иу азмæлыд, фæлæ цæугæ нæ кодта. Гутон суагътам, æмæ уæд сабыргай ацыд размæ, фæлæ-иу, разилон, зæгъгæ, уæд та-иу æрлæууыд. Иу дзырдæй, æрбарухс, уæдмæ тыхтæ-фыдтæй стардтон трактор бригадмæ. Бебе уайтагъд схæццæ тракторы хъæрмæ æмæ уым мæн куы ауыдта, уæд мæ афарста:

– Ды та ацафон ам цы агурыс?

Ӕз ын загътон:

– Ӕри дæ къух, дæ саман асаст.

Уый нæ бауырныдта, фæлæ, Узæир куы ‘рбацыд, уæд æй уый уайтагъддæр базыдта.

Мæн бафарста:

– Ӕцæг? Кæцы ран асаст?

Ӕз ын загътон:

– Йæ фæстаг кæрон.

Уый бахудт, æмæ, дам, афтæ у æцæгæйдæр, кæннод, дам æй ардæм не 'рбакодтаиккам.

Бебейæн загътон:

– Пупумæ адзурут æмæ æрцæуа.

Уый Узæирæн загъта, æмæ уый рацийæ адзырдта МТС-мæ, æмæ йын Пупу загъта:

– Ӕнæ къамис мацæмæ бавналут, мотормæ дæр.

Уыцы бон дæр, дыккаг бон дæр нæ уыд къамис. Ӕртыккаг бон æрцыдысты дыууæ лæджы æмæ иу сылгоймаг. Пупу дæр уæдмæ æрцыд. Уыцы дыууæ лæгæй иу уыд, Чермены училищейы мын директор чи уыдис, уый. Уый мæм, Меликов, ам дæр та куы змæнтыс, зæгъгæ, фæкодта.

Узæир ын загъта, Мелыкатæй, дам, нæу, зæгъгæ. Уæд та мæ уый афарста:

– Ӕмæ кæм ис Меликов та?

Ӕз ын загътон:

– Ӕфсады.

Ӕмæ, дам æй ахуыры фæстæ æртæ азы кусын куы хъуыд, уæд æй æфсадмæ куыд акодтой? Цæй, уый хорз, фæлæ ам та цы ми бакодтай, мотор та фехæлдтай? Ӕз ын уæд Бебемæ ацамыдтон, уый уыдис, зæгъгæ.

– Куыд?

Æмæ йын æй æз бамбарын кодтон, куыд уыд, уый.

Уæд уый Пупуйæн афтæ зæгъы:

– Ды йæ нæ зыдтай, дизел моторыл НАТИ-йы сæмæн æвæрæн кæй нæй, уый? Ныр æй ацы лæппуйы аххос кæнынмæ хъавут?

Йе 'мбалæн цыдæртæ уырыссагау адзырдта, æмæ Борик раппæрста зети-маслæйы фæрсудзæнтæ. Сылгоймаг сæ лæмбынæг фæиртæста, зетимæ дæр сысмыстытæ кодта. Маслæйы бæрц дæр сбарста æмæ цыдæртæ бирæ фæфыста. Фæстагмæ Пупуйæн загъта:

– Мотор аласут цехмæ æмæ йæ сцалцæг кæнут. Цал боны фæлæууа трактор, уал боны хыгъд та мæнæ ацы чызг ныууадздзæн къанторы. Мæнæн та загъта:

– Дæу бафхæрын мæ тынг фæндыд, фæлæ дæ æгæр хорз кæй сахуыр кодтой нæ ахуыргæнджытæ, уый тыххæй дын хатыр уæд дæ миты тыххæй.

Æз æнхъæл уыдтæн, æмæ уый у ардауæг. Ууыл ацыдысты. Уыцы бон мотор аластой æмæ йæ дыккаг бон фæссихор æрбаластой. Узæир æмæ йæ Бебе сæвæрдтой тракторыл, æмæ йæ Узæир скусын кодта. Борикæн асастис, æмæ, зæгъын, ды ахсæв ацу дæ хай хуым кæнынмæ. Æцæг мауал бавнал артаг цъиræнмæ. Мотор куыста сыгъдæг, ногæй куыд куыста, афтæ. Æз уыцы рæстæг ахуыр кодтон педагогон институты географион факультеты мæ ахуыргæнджытæй иуы фæндонмæ гæсгæ. Акодта мæ, ды, дам, гыццылæй дæр картæтæ махæй хуыздæр зыдтай, æмæ уыцы факультетмæ бацу, зæгъгæ. Йæхæдæг та историкон факультетмæ бацыд. Уыйадыл мæм иубон ссыд, æмæ, дам нæ иннæбон цæуын хъæуы институтмæ æмбырдмæ.

Уыцы бон, Бебейы бафæрсгæйæ, Борик бакуыста мæ бæсты. Бакуыста уæлæнгай куыстытæ. Æхца исынмæ куы бацыдтæн, уæд мæ мызд разынд дыууæ хатты къаддæр. Цы хабар у, афтæ цæмæн у, зæгъгæ, ссыдтæн МТС-мæ. Уым мын бамбарын кодтой, мæнæ, дам колхозæн сайæн куыст бакодтай, æмæ дыл ивары гæххæтт ссыд. Фенын мын æй кодтой гæххæтт, æмæ йæ саразæг уыд мæ фыд – колхозы полеводæй куыста. Цы боны конд уыд ивар, уый рафыстон, æмæ уыцы бон æз нæ куыстон, уымæн æмæ уыдтæн институты. Борик та бирæ æхца адæргæй цъиræнмæ нал бавнæлдта, фæлæ йæ гутон уæлæнгай ауагъта. Мæ фыд, дам, баргæ куы рацыд хуымтæ, уæд уый куы федта, уæд æрбацыд бригадмæ æмæ уым къулыл гæххæтмæ гæсгæ хъуамæ куыстаин æз æмæ, дам, хыгъдхæссæгимæ

уыцы гæххæтт ацъапп ластой. Борикæн дзы къух сæвæрын кодтой, уымæн æмæ кæсын нæ зыдта. Æхца та мæнæй баурæдтой. Бригады кусджытæ уый куы базыдтой, уæд æмхуызонæй баныхас кодтой, Борикы бригадæй атæрæм, кæннод нæ худинаджы хъæр Ирыстоныл айхъуысдзæн, зæгъгæ.

Æз Узæирæн загътон, цæмæй, Бебе куыд зæгъы, афтæ Борик куы бакæна, уæд кусæнт мемæ. Бебе та бахаста ахæм фæндон:

– Æхсарæй цас баурæдтой, уыдон уыдысты Борикæн фидинаг, æмæ сæ ныр Æхсарæн бафидæд.

Борикы сразы кодтой, æмæ ма хъуыр-хъуыр кодта. Ома, дам, мæ фыд куы зыдтаид, æз бахуым кодтон, уый, уæд, дам мыл хыгъдхæссæгимæ ивары гæххæтт нæ ныффыстаиккой. Борик алцæмæ дæр уыд рæвдз, æмæ бригадиры нæ фæндыд, цæмæй æндæр бригадмæ ацæуа. Мæн-иу арæх аивта, институтмæ цæуын мæ -иу куы хъуыди, уæд. Фæлæ та уыцы рацу-бацуйæ дæр фервæзтæн.

Иурайсом мæ Борик куы аивта, æмæ нæхимæ цæуынмæ мæхи куы сдзæбæхтæ кодтон, уæд мæм мæ мадыфсымæр æрбацыд æмæ мын загъта:

– Лæппу, æз цæуын Беслæныхъæумæ пъолы фæйнæджытæ ласынмæ, æмæ мæ бæсты акус иу-дыууæ сахаты, æз уайтагъд æрцæудзынæн.

Уый куыста стырцалхджын трактор «Универсал»-ыл. Мæ дзаумæттæ ивын дæр мæ нæ бауагъта, афтæмæй йæхæдæг тракторыл сбадт, æз та йæ фарсмæ лæууыдтæн, афтæмæй хуыммæ æрцыдыстæм. Уым уыд иу лæппу, Мæгæмæ йæ хуыдтой, æмæ уыимæ тракторыл бабастой дыууæцалхон культиватор, уæд ауындзгæтæ нæма уыд. Цыдæр машинæ æрбацæйцыд, æмæ мæ мадыфсымæр уым бабадт æмæ афардæг Беслæнмæ. Хуымы та тыд уыд гæн. Гæны рæнхъытæ дзæбæх зындысты, фæлæ æз нæ зыдтон, куыд цæуын хъæуы, уый – тагъд æви сабыргай. Бафарстон Мæгæмæйы, æмæ мын уый, цыдæр хин худт кæнгæйæ, загъта, æртыккаг тагъдгæнæгыл, дам æй сæвæр, зæгъгæ. Культиваторыл уыд Мæгæмæйæн бадæн бынат, стæй дзы уыд рульздахæн. Æз æнхъæлдтон, Мæгæмæ культиватор араздзæн рæнхъытыл, фæлæ фæрæдыдтæн. Иу-фæндзай метры куы ацыдтæн, уæд баурæдтон – фæсте рæнхъытæ бæрæг нал уыдис. Фæрсын Мæгæмæйы, цы бакуыстай, зæгъгæ, æмæ мын уый куы зæгъид:

– Скъæргæ кæн, рæнхъытæ разындзысты, зæхх куы бахус уа, уæд.

Фæстæмæ дæм кæсдзынæн, æмæ, рæнхъытæ куы нал зыной, уæд дæ хабар хорз нæ уыдзæн, зæгъгæ йæм бартхъирæн кодтон.

Дыууæ сахаты бæсты фæкуыстон суанг сихорæй фæстæдæрмæ, æмæ мыл Мæгæмæ худæгæй мард, мæсты мæ кодта. Дæхимæ, дам ма бакæс, стæй-ма дæ дзаумæттæм дæр æркæс. Æркастæн, æмæ мæ хæлафы фадгуытæ маслæйæ бабын сты. Масло алырдыгæй рахъардта æмæ ма дзы зæхмæ дæр æртæхтæ хаудта. Стæй, кæм бадтæн, уым мæ быны æфсæйнæгтæ стæвд сты. Ды мæнмæ æртхъирæн кодтай, фæлæ ныртæккæ, тракторы хицау куы æрбацæуа, уæд дæм бæрæг уыдзæн. Бидоны ма уыд дон йе 'рдæг, æмæ дзы мæ цæсгом ахсадтон, иннæ радиаторы ныккодтон, кæд дзы фылдæр хъуыд, уæддæр. Масло та дын кæм уыдзæнис, зæгъгæ та мæ мæстæй мары Мæгæмæ. Уалынмæ, кусын кæцæй райдыдтам, уым иу рог машинæ æрлæууыд, æмæ дзы рахызт мæ мадыфсымæр, стæй ма, нæ хорæфснайæнты нын нæ къамтæ чи иста, уыдон. Районæй дæр уыд семæ чидæр, æмæ уый мæ мадыфсымæры бафарста:

– Афтæ нын куы загътай, мæнæ ацы телыхъæдæй райдайдзыстут абон кусын, уæд трактор уым цæмæн лæууы?

Фæндаг уыд хуымæй ныллæгдæр, æмæ нæ куыст фæндагмæ нæ зындис. Æрцыдысты иууылдæр тракторы размæ æмæ, дам, тракторæн цы бакуыстай, зæгъгæ, дуне уайдзæфтæ райстон, стæй, дам, цы хуызæн дæ? Фæлæ районæй æрвыст лæджы æндæр мæт уыд, ома, дам, уал телыхъæды æхсæнты куыд бакуыстай? Æз ын цы загътаин, фæлæ мæ тракторы хицау бафарста:

– Куыд тагъд æй скъæрдтай?

Æз ын загътон:

– Æртыккагыл.

Уæд Мæгæмæмæ фæцис:

– Ды йын загътай? Тракторæн нæй афтæ тагъд цæуæн, уый цæуылнæ зыдтай?

Тынг мæм фæхыл кодта. Уæд къамисæг, Мамонтов æй хуыдтой, бамбæрста, мæнмæ хыл кæй кæны, уый æмæ сын уый куы зæгъид:

– Мах цæуæм Цæлыкмæ, фæлæ, куыд дзурут, афтæмæй культиваци конд æрцыд цыппар хатты нормæйæ фылдæр. Æмæ йын уæд йæ къам цæуылнæ исæм?

Нæ сын куымдтон, чъизийæ мæ куыд исут, зæгъгæ, фæлæ,

къамисæгимæ цы сылгоймаг уыд, уый цыдæртæ фæфыста, районæй æрцæуæджы ныхæстæм гæсгæ. Сбадын мæ кодтой тракторыл, æмæ, мемæ ныхæстæ кодтой, афтæ мæм, фæсте чи лæууыд, уыдонæй чидæр фæдзырдта. Æз куыд фæкастæн фæстæмæ, афтæ мын уацхæссæг мæ къам систа. Къам рацыд газет «Æрыгон коммунист»-ы «Ссардтон мæ фæндаг», зæгъгæ, ахæм фыстимæ. Ууыл мæ фæндаг, институты цæмæ бæллыдтæн, уый аскъуыд. Иу-дæс боны фæстæ институтæй райстон мæ гæххæттытæ ахæм фыстæгимæ:

«Махмæ ахуыр кæнынц, махимæ чи кусы, уыдон. Трактористтæ-та – æндæр ран».

Æз изæры ныццыдтæн мæ ахуыргæнæгмæ æмæ йæ бафарстон:

– Мæнæ мын мæ гæххæттытæ институтмæ куы лæвæрдтай, уæд уым бæрæггæнæнты гæххæтты цы фыст уыдис.

Уый мын загъта:

– Скъолайы библиотекæйы хицау.

Мæн уæд бауырныдта, æцæгæйдæр мæ раст ратардтой педагогон институтæй, æмæ ахъуыды кодтон Хъæууон-хæдзарадон институтмæ бацæуыныл.

## АИВАД, КУЛЬТУРÆ

*ЦОРИТЫ Ингæ,*
*историон наукæты доктор,*
*Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл*
*гуманитарон æмæ социалон*
*иртасæнты институты*
*УНА-йы Дзæуджыхъæуккаг центры*
*раззагдæр наукон кусæг*

# ЦÆРГÆБОНТЫ – ГУЫЛФÆНТЫ НЫХМÆ

### Тугъанты Махарбеджы райгуырды 140 азы бонмæ

Ирон национ культурæйы арвыл цæхæртæ калынц бирæ нæмттæ, æмæ се 'хсæн стъалыйау æрттивы зындгонд нывгæнæг-реформатор, диссаджы публицист, курдиатджын ахуыргæнæг, дзыхæйдзургæ адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг æмæ иртасæг Тугъанты Сафары фырт Махарбеджы ном (1881 – 1952). Йæ райгуырæн Фыдыбæстæйæн удуæлдай лæггад кæй фæкодта, уымæй ирон дзыллæйы раз йæхицæн бакуыста стыр ном æмæ кад.

Тугъанты Махарбеджы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй баззад бирæ æрмæг, фыст дæр ыл дзæвгар æрцыд. Фæлæ абонмæ дæр ма у, «цавæрдæр æнахуыр сусæгдзинад йемæ чи хæссы», ахæм адæймаг, æмæ «уыцы сусæгдзинадæн йæ базонын цас зын у, уыйбæрц йæхимæ тынгдæр æлвасы» (1, с.3; 2).

Алчидæр зоны, адæймаджы хъысмæт аразгæ кæй у, æрдзæй цы курдиат, цы зæрдæйы уаг æмæ миниуджытæ рахаста, канд уымæй нæ, фæлæ ма, цы рæстæджы цард, цы социалон уавæрты рæзыд æмæ хъомыл кодта, уыдонæй дæр. Дзырддзæугæ æмæ хъæздыг Бадилаты мыггаджы – Тугъанты Сафары хæдзары – 1881 азы 27 июны лæппу куы райгуырд, уæд уый æнхъæл чи уыд, æмæ йæ фидæн уыдзæн сагъæссаг, йæ хъысмæт – катайаг. Нæдæр йæ сывæллоны, нæдæр йе 'взонджы бонты лæппу рæвдыдхъуаг никуы уыд, фæлæ, уыимæ, хъомыл кодта хæххон карз æгъдæутты уагмæ гæсгæ.

Йæ ныййарджытæ уыдысты ахуыргонд – фыд каст фæци Германы Бонны университет æмæ райста агрономы дæсныйад, мад – хъуыстгонд ирон рухстауæг, адæмон сфæлдыстад æмбырдгæнæг Санаты Гацыры чызг. Гыццылæй фæстæмæ лæппу ныв кæнынмæ ахæм зæрдæргъæвд кæй уыд, уый ныййарджыты дисы æмæ сагъæсы æфтыдта. Ныв кæнын сæрмæ хæссинаг хъуыддагыл нымад нæ уыд, уæлдайдæр, уæздан мыггагæй рацæугæ чи уыд, уымæн. «Фæнды мæ, цæмæй нывгæнæг суон, зæгъгæ, афтæ цы æрыгон ирон адæймаг загътаид, уый йæ хæстæджытæ банымадтаиккой æдылыйыл», – фæстæдæр фыста Тугъаны-фырт. (3, с.107).

Бæллиццаг æвдисæн нæ уыд ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг, фыццаг ирон нывгæнæг Хетæгкаты Къостайы, йæ цæргæбонтæ уазал æмæ мæгуырæй чи арвыста, æфхæрдæй уæлдай йæ царды чи ницы федта, уый хъысмæт дæр. 1880 азы Къостайы нывгæнæн æрмадз уыд Дзæуджыхъæуы, Санаты Ибрæгимы хæдзары, æмæ ам гыццыл Махарбег фыццаг хатт федта Къостайы. Фæлæ куыдфæнды ма уа, уæддæр лæппуйы фидæн йæ ныййарджытæ бастой хæххон инженеры дæсныйадимæ.

1898 азы Дзæуджыхъæуы реалон училищейы рауагъдон Тугъанты Махарбегæн Дзæуджыхъæуы зылды управлени радта æвдисæндар Санкт-Петербурджы Хæххон институтмæ ахуыр кæнынмæ бацæуынæн (4, с.3). Фæлæ дзы хъуыстгонд институты студент нæ рауад. Фæлварæнтæ раттын ын нæ бантыст, æмæ, уыцы хъуыддагæй спайда кæнгæйæ, ахуыр кæнынмæ бацыд нывгæнæг Я.С. Гольдблаты цæттæгæнæн къласмæ, йæ ныййарджыты фæндоны ныхмæ. Уым цы зонындзинæдтæ райста, уыдоны фæрцы 1901 азы сæрды æнтыстджынæй радта фæлварæнтæ æмæ ссис Петербурджы Нывгæнынады академийы студент (5, с.96).

Стыр разæнгардæй æмæ зæрдиагæй ахуыр кæнгæйæ, ам æрыгон лæппу базыдта ныв кæныны закъонтæ, банкъардта аивадон дæсныйады сусæгдзинæдтæ. Йæ ахуыргæнджытæ уыдысты зындгонд нывгæнджытæ æмæ педагогтæ – Григорий Мясоедов, Илья Репин, Павел Чистяков, йе ‘мбæлттæ æмæ æмкъласонтæ – сæ нæмттæ кæмæн айхъуысдзысты, ахæм нывгæнджытæ Исаак Бродский, Моисей Тоидзе æмæ иннæтæ.

Ныв кæныны сусæгдзинæдтæ базонын йæ къухы æнцонтæй æфтыд, фæлæ, теоретикон предметтæ ахуыр кæнгæйæ, æвзæрста зындзинæдтæ. Фыццаджыдæр, уыдон баст уыдысты, уырыссаг æвзаг

райдайæнты хорз кæй нæ зыдта, уыимæ. Уæдмæ стырзæрдæ кæнын райдыдта, Академи йæ студентты ахуыр кæнгæйæ, цы мадзæлттæй пайда кодта, уыдоныл дæр. Йæ хорз æмбал, нывгæнæг Акоп Коджоян йæ мысинæгты фыста, Махарбег кæй дзырдта ахуыры фæрæзты æмæ уавæрты хъæнтыл (6, с.57).

Æцæгæйдæр, уыцы мадзæлттæ базæронд сты æмæ царды домæнтæн дзуапп нал лæвæрдтой. Ногдзинадæн дзы бынат нæ уыд; XIX æнусы кæрон–XX æнусы райдайæны Европæйы цы революцион хъуыдытæ рапарахат, уыдон банкъарын Академийы гæнæнтæ нæ амыдтой. Академион скъолайы арæнтæ æрыгон нывгæнæгæн уыдысты уынгæг. Йæ миддунейы катай фæстæдæр æмбарын кодта афтæ: «Нывгæнæг-реалист, æппæты фыццаг, хъуамæ дзура, æхсæнады цы граждайнаг бынат ахсы, ууыл. Царды дæрзæг рæстдзинад хъуамæ æвдиса æнæ ахорæнтæй. Æрвылбоны царды цыдæриддæр лыстæг фæзилæнтæ ис, уыдон та æвдиса, куыддæриддæр сты, афтæ. Рæсугъддзинадыл уый хъуамæ хъуыды кæна æппæтæй къаддæр… Фæлæ, æрмæстдæр царды рæстдзинад æвдис, ныв кæнынæн цы нысаниуæг ис, уый та фæсдуар фæуадз, уый дæр раст нæу, уымæн æмæ афтæмæй реалистæй рауайдзæн хуымæтæг къамисæг. Йæ нывты ахорæнтæ æмæ сюжеттæ та уыдзысты бынтон хуымæтæг æмæ æнкъард…»

Эмоционалон æмæ экспрессивон кæй уыд, стæй эстетикон æгъдауæй цардмæ бынтон æндæр цæстæнгас кæй дардта, уымæ гæсгæ уыд, æцæгдзинад цы реалистон бындуртыл æвдыст цыд, уыдоны ныхмæ (7, с.89). «Канд ног сюжеттæ нæ, фæлæ, æрмæстдæр аивадыл æнцой чи кæны, ныв кæныны ахæм ног бындуртæ ссарын кæй хъæуы, уый æмбæрста» (3, с.27). Уымæ гæсгæ Тугъаны-фырт йæхицæн рахаста, бамбарæн кæмæн ис, ахæм уынаффæ – Академи ныууадзын æмæ йæ ахуыр адарддæр кæнын Мюнхены, зындгонд европæйаг педагог Антон Ашбейы хъуыстгонд скъола-студийы. Уырдæм кæд ацыд æмæ скъолайы цас рæстæг ахуыр кодта, уый тыххæй бæлвырдæй бæрæг ницы у. Наукон литературæйы сæмбæлæн ис алыхуызон хъуыдытыл. Зæгъæм, нывгæнæджы цард æмæ сфæлдыстад иртасджытæ Мусса Хаким æмæ Девлет Гиреев фыссынц, уыцы цау кæй уыд 1905 азы сæрды. Нывгæнæг æмæ аивадиртасæг Цæгæраты Валерийы хъуыдымæ гæсгæ та, ацыд уымæй дыууæ азы раздæр. Фæлæ ацы хъуыдытæн сæ дыууæйæн дæр бæлвырд документалон бындур нæй. Уымæ гæсгæ, æнæмæнг, хъæуы,

ныридæгæн чи сбæрæг, уыцы цаутæ ногæй равзарын, стæй агурын, кæй нæма зонæм, нывгæнæгæн йæ профессионалон цæстæнгас æмæ зондахастыл дзурæг ахæм ног бæрæггæнæнтæ. Ныр та уал æркæсæм, Тугъаны-фырты царды тыххæй бæлвырд цы зонæм, уымæ.

Документалон гæххæттытæ куыд амонынц, афтæмæй 1903 азы сæрды Махарбегæн лæвæрд уыд, кæй æррынчын, ууыл дзурæг æвдисæндар. Уымæ гæсгæ уыцы аз декабры онг уыд Дзæуджыхъæуы. Теоретикон предметтæй фæлварæнтæ нæ радта, æмæ йæ 1904 азы майы Академийæ рацух кодтой. Уæдæ Антон Ашбе 1905 азы 6 августы кæй амард, уый дæр рохгæнинаг нæу. Нывгæнæгæн цы бынтæ баззад, уым Ашбейы амарды тыххæй фыст ницы ис, чи зоны, æмæ, Махарбег уыцы рæстæг Мюнхены кæй уыд, уымæ гæсгæ. Йе 'мбæлтты мысинæгты амынд ис, Антон Ашбейы студийы Махарбег кæй ахуыр кодта дзæвгар рæстæг. Афтæмæй ис хатдзæг скæнæн, Ашбейы скъола-студийы Тугъаны-фырт кæй ахуыр кодта 1904 азы уалдзæгæй 1905 азы июлы онг (4, с. 30-32).

XIX æнусы кæрон – XX æнусы райдайæны Антон Ашбейы скъола-студийы ахуыр кодтой бирæ уырыссаг нывгæнджытæ: Игорь Грабарь, Мстислав Добужинский, Дмитрий Кардовский, Василий Кандинский, Кузьма Петров-Водкин. Не 'мзæххон фæсарæнтæм куы ацыд, уыцы рæстæгмæ уыдонæй бирæтæ æрыздæхтысты фæстæмæ. Фæлæ ма Мюнхены уыдысты Марианна Веревкина, Александр фон Зальцман, Владимир Бехтеев æмæ иннæтæ. Уыдон æй æхсызгонæй райстой се 'хсæнмæ (3, с. 212).

Ашбейы скъолайы цы рæстæг арвыста, уый æрыгон нывгæнæгæн рауад тынг ахъазгæнæг. Хъуыстгонд педагог цы системæйы бындурыл ахуыр кодта, уый сæйраг принцип Тугъанты Махарбег айста йæ зæрдæмæ: ныв кæнгæйæ, цæст дарын, сæйрагдæр цы у, æрмæстдæр уымæ, лыстæг хъуыддæгтæ та аиуварс кæнын. Афтæмæй, йæ куыстытæ бæрæг цæмæй дарынц, уыцы зæрдæйы бынтæй цæуæг æмæ æнкъарæг аивадон ахастæн бындур æвæрд æрцыд Ашбейы скъолайы.

Нывгæнæджы царды бирæ ис, ныры онг кæй нæма зонæм, ахæм цаутæ. Зæгъæм, Европæйы цы рæстæг ацард, уый тыххæй бæлвырд хабæрттæ баззад хæрз чысыл. Ис æрмæстдæр, комкоммæ чи нæ дзуры, йе 'мдугонты ахæм мысинæгтæ, Мюнхены фæстæ кæй цард Берлин, Париж æмæ Венæйы. Куыста музейты, иртæста европæйаг аивады истори, зонгæ

кодта нывгæнынады, музыкæ, литературæйы ногдæр фæзилæнтимæ, ахуыр кодта, æцæгдзинад равдисынæн аивады цы ног сфæлдыстадон гæнæнтæ ис, уыдон. Æнгом ахастдзинæдтæ йын уыд уыцы рæстæджы нывгæнджыты къордтимæ. Куыд нывгæнæг, афтæ йæ зондахастыл тынг фæбæрæг сты, европæйаг аивады цы ног жанртæ уыд, уыдон: импрессионизм, постимпрессионизм æмæ, уæлдайдæр, экспрессионизм.

1907 азы Тугъаны-фыртæн йæ мад амард, æмæ йæ бахъуыд йæ райгуырæн бæстæмæ æрыздæхын. Йемæ æрхаста бирæ ног зонындзинæдтæ, сфæлдыстадон хъуыдытæ æмæ фæндæттæ, æмæ уайтагъд аныгъуылд уыцы рæстæг Терчы облæсты сæйраг центр Дзæуджыхъæуы культурон царды. Йе сфæлдыстадон пълантæ æххæст кæнынмæ куыд разæнгардæй бавнæлдта, уый дисы æфтыдта йе 'мдугонты. Хæдахуыр бынæттон нывгæнджытимæ Махарбег сарæзта Æхсæнад, йæ хæс уыд равдыстытæ, хæрзаудæн бонтæ æмæ изæртæ аразын. Йæ фатеры байгом кодта аивадон студи æмæ дзы нывгæнынады сусæгдзинæдтыл лæвар ахуыр кодта æрыгон нывгæнджыты.

Удцыренгæнæн суадонау йе сфæлдыстады бæрæг дардтой Кавказы адæмты культурæ æмæ се 'гъдæуттæ. Алы сæрд дæр-иу Махарбег фольклорон балцыты æрзылд æппæт Цæгат Кавказыл: æмбырд кодта нарты кадджытæ, героикон зарджытæ, фыдæлты таурæгътæ. Йæ альбомы фенæн уыд рагон мæсгуытæ æмæ хæстон гæнахтæ, æрвылбоны цардыуаджы адæм цы дзауматæй пайда кодтой, уыдон, стæй хæцæнгæрзты нывтæ. Фæлæ уæлдай тынгдæр нывгæнæджы сæхимæ æлвæстой адæм, сæ бакаст, сæ миддуне (8, с. 101).

Ирыстоны æхсæнадон змæлдæн алкæддæр уыд йæ тæккæ арфы. Йæ зæрдæмæ тынг хæстæг иста йæ адæмы царды тыхст æмæ сагъæстæ. 1909 – 1917-æм азты раргом йæ иннæ курдиат дæр: куыд публицист, йæ уацты дзуапп лæвæрдта, йæ райгуырæн бæстæйы цы ахсджиаг социалон-экономикон æмæ культурон фарстатæ уыд, уыдонæн. Йæхи-иу фарста: æрдзон æгъдауæй хъæздыг æмæ дидинæгкалгæ Цæгат Кавказы адæм ахæм мæгуыр уавæры цæмæн сты, сæ царды сæм рухсы цъыртт цæуылнæ искуыцæй кæлы? Æмæ ацы фарст комкоммæ æвæрдта йæ публицистон уацты: «Скованный Прометей», «В Америку», «Заколдованный круг», «Волчье счастье», «Сыны Дагес- тана», «Наши охранители» æмæ иннæты. Æмæ-иу йæ хъуыдыты арæхæй-арæхдæр цыд ахæм хатдзæгмæ: æвзæрдзинад, фыддзинад цæуынц, хохаг адæ-

мæн сæ сæйрагдæр фарста – зæххы хъуыддаг – алыг кæнын йæ бон кæмæн нæу, уыцы æхсæнадон цардарæзтæй.

Нывгæнæгæн йæ царды æмæ йе сфæлдыстады нысантæ уыцы азты бынтондæр баиу сты, æмæ сыл йæ зæрдæ нал сивта йæ цæргæбонты дæр. Дуне раст арæзт кæй нæу æмæ рацаразинаг кæй у, ахæм цæхгæр хъуыды йæ аивады ахызт кæрæй-кæронмæ. Йæ нывты сæйраг хъайтар уыд фидар, хъæбатыр адæймаг, царды цыфæнды зындзинæдтæн дæр чи фæразы, ахæм. Нывгæнæгæн йæ хъару, куыстхъомдзинад уыдысты æгæрон, афтæ æнæкæрон уыд нарты кадджытæм йæ цымыдис æмæ йæ уарзондзинад дæр.

Бирæ азты дæргъы нарты кадджытæ уыдысты йе сфæлдыстады сæйраг темæ. Йæ хъуыдыты нартæ уыдысты æхсарджын хъайтартæ, æмæ сæ нывгæнæг æвæрдта хъæбатыр адæймагимæ æмрæнхъ, цыфæнды цæлхдурты сæрты дæр хизын чи базондзæн, ахæмимæ. Нарты ныв кæнгæйæ, нывгæнæг йе ‘мдугонты æргом цыма сæ фыдæлтæм здæхта. Адæймаджы, уæлдайдæр ирон адæмы миниуджытæй æппæты стырдæр аргъ кодта хъæбатырдзинадæн: «Махарбеджы нывты адæм бæрæг дарынц сæ лæгдзинадæй, фидар удыхъæдæй, – фыста Джусойты Нафи, – сæ цæсгæмттæм сын кæсгæйæ, бар-æнæбары бауырны – адæймаджы удыконды æппæты сæйрагдæр миниуæг у хъæбатырдзинад, æмæ йын байсысæн нæй. Адæймагыл цыфæнды дæр æрцæуæд, цыфæнды зындзинæдтæй дæр æй хъысмæт фæлтæрæд, уæддæр алцæуыл дæр фæуæлахиз уыдзæн æмæ аргъæутты хъæбатырау нæ размæ ралæудзæн ноджы фидардæр æмæ рæсугъддæрæй» (1, с. 8, 9). Тугъанты Махарбеджы нывты ахæм миниуджыты хицау уыдысты Хæсанæ æмæ Чермен, хуыцæуттимæ тохгæнæг нарты Батрадз. XX æнусы райдайæны Ирыстоны цы революцион цаутæ цыд, уымæй раздæр цы национ-сæрибаргæнæн змæлд райдыдта, уыдæттыл 1930-æм азты цы нывтæ скодта, уым бæрæг дары, царды зындзинæдтæн чи нæ сæтты, ахæм адæймаджы æмæ нывгæнæджы социалон радикализм.

Тугъаны-фырт цардмæ цы цæстæй каст, уый, стæй йе сфæлдыстадон цæстæнгас кæрæдзийæ нæ хицæн кодтой. Социалон æгъдауæй бæрзонддæр æвæрд мыггæгтæй рацæугæ кæд уыд, уæддæр разæнгардæй сæмбæлд Октябры революцийыл. 1918 азы уалдзæджы мæгуыр зæхкусджытæн йæ зæххытæ байуæрста, йæ бинонтæн ницы ныууагъта, афтæмæй цæхгæр фæбыцæу, йæхæдæг рацæугæ кæмæй уыд, уыцы уæздæттимæ. Йæ зæххытæ мæгуыртæн кæй радта, уымæй йæхи бын-


Махарбег йæ фырт Энвер æмæ уый хæлæрттимæ

тондæр фæиппæрд кодта канд йæ мыггагæй нæ, фæлæ йæ хæстæджытæй дæр (6, с. 33). Фæлæ уыцы уæззау цаутæн дæр ныффæрæзта. Нæ аивта йæ дунембарынад дæр.

1920 азты райдайæны Дзæуджыхъæуы цыд бирæ алыхуызон политикон æмæ культурон цаутæ, фембæлæн дзы уыд зындгонддæр æмæ хъуыстгонддæр адæймæгтыл. Хъысмæты тæрхонæй уыцы азты ам бамбырд сты уырыссаг æмæ национ интеллигенцийы курдиатджындæр æмæ раззагдæр минæвæрттæ: Михаил Булгаков, Александр Серафимович, Брытъиаты Елбыздыхъо, Бутаты Хъазыбег, Гулуты Андрей, Мугуты Хадзымурат, Цæголты Георги æмæ иннæтæ. Уыдонæй сæ иутимæ Махарбег уыд хорз зонгæ. Нывгæнæг раздæрау уыд куыстхъом, бирæ сфæлдыстадон хъуыдытæ æмæ фæндæттæй хайджын.

1920 азы советон хицаудзинад Ирыстоны бынтондæр куы æрфидар, уæд Махарбег дæр стыр разæнгардæй архайын райдыдта Дзæуджыхъæуы æхсæнадон æмæ культурон царды. Уæрæсейы телеграфон агентады (Теркавросты) Терчы-Кавказы хайы уыд плакатты æмæ нывгæнæн-агитацион хайады сæргълæууæг. Цæттæ кодта, плакаттæ æмæ карикатурон нывтæ кæнынмæ дæсны чи хъуамæ уыдаиад, ахæм

ӕрыгон нывгӕнджыты. Йе ‘мбал Питер Блюмеимӕ ныв кодта агитацион плакаттӕ, листовкӕтӕ; куыд нывгӕнӕг, афтӕ цӕттӕ кодта митингтӕ-концерттӕ, аивадон равдыстытӕ. 1923 азы сӕрды ӕмӕ фӕззӕджы Тауаситы Сослӕнбегимӕ (фидӕны зындгонд скульптор-монументалист, Салават Юлаевӕн Уфайы цы цыртдзӕвӕн ис, уый автор) иумӕ бацӕттӕ кодтой фыццаг хъӕууонхӕдзарадон равдыст Дзӕуджыхъӕуы. Йӕ размӕ цы сфӕлдыстадон хӕстӕ ӕвӕрд уыд, уыдон ӕххӕст кӕнынӕй уӕлдай ӕмбырд кодта фольклорон ӕрмӕг, дарддӕр ахуыр кодта нарты кадджытӕ, Кавказы адӕмты культурӕйыл фыста публицистон уацтӕ (7, с. 93; 3, с.12, 43-94).

О, ӕрдзӕй рахӕсгӕ аивадон курдиат ӕмӕ дӕсныдзинадӕй цух нӕ уыд, уӕдӕ адӕмимӕ дӕр иумӕйаг ӕвзаг ӕнцонӕй ардта, фӕлӕ уӕддӕр уыцы азтӕ уыдысты йӕ царды зындӕр ӕмӕ уӕззаудӕр. Сфӕлдыстадон ӕгъдауӕй йын йӕ куыст ад нал кодта, ӕмӕ ацыд Бакумӕ. Цалдӕр азы бакуыста Азербайджаны. Уырдыгӕй – Туркменистанмӕ, Красноводск-Ашхабад-Чарджуй, зӕгъгӕ, ахӕм маршрутыл ӕмӕ дарддӕр Амударьяйы цӕугӕдоныл араст Аралы денджызмӕ Ургенчы онг, уырдыгӕй та – Ташаузмӕ. Балӕууыд суанг, стӕм бӕлццон йедтӕмӕ адӕймаг кӕдӕм нӕ хӕццӕ кодта ӕмӕ басмачтимӕ фембӕлынӕй тынг тӕссаг кӕм уыд, ахӕм дӕрддзӕф рӕтты.

Цымӕ, цӕмӕн ацыд Тугъаны-фырт ахӕм тӕссаг ӕмӕ дард балцы? Нӕ хъуыдымӕ гӕсгӕ, уымӕн уыд бындур. Кӕд тынг бирӕ куыста, уӕддӕр сфӕлдыстадон ӕгъдауӕй йӕхицӕй разы ӕппындӕр нӕ уыд. Йӕ миддуне домдта ног аивадон сюжеттӕ ӕмӕ хуызтӕ. Чи зоны йӕм ацӕуыны фӕндон фӕзынд, нывгӕнджыты ӕхсӕнадимӕ йӕ ахастдзинӕдтӕ бынтон хуымӕтӕг кӕй нӕ уыдысты, уымӕ гӕсгӕ. Нывгӕнӕгӕн йӕ хӕс цы у, уый Махарбег куыд ӕмбӕрста, иннӕтӕ йӕ афтӕ не ‘мбӕрстой ӕмӕ йемӕ разы нӕ уыдысты. Иннӕ ахӕм, йӕ хӕстӕджытимӕ йӕ ахастдзинӕдтӕ бынтондӕр кӕй фехӕлдысты, уымӕй дӕр уыд зӕрдӕсаст. Уӕдӕ йӕ бинонтӕ дӕр тыхцӕрдтытӕ кодтой. Ӕппӕт уыдӕттӕм гӕсгӕ йӕ хъуыд исты уынаффӕ хӕссын, цӕмӕй уавӕртӕ фӕхуыздӕр уой, уый тыххӕй.

Йӕ балцӕй Махарбег ӕрыздӕхт 1926 азы ӕмӕ йемӕ ӕрласта Туркмени ӕмӕ Азербайджаны бынӕттон ӕгъдӕуттӕ ӕмӕ цардыуаг ӕвдисӕг бирӕ нывтӕ. Фӕлӕ йӕ райгуырӕн бӕстӕйы бирӕ нӕ бафӕстиат ӕмӕ ацыд Хуссар Ирыстонмӕ, Сталинирмӕ (Цхинвал) (9, с. 55). Цӕмӕн? Йӕ

материалон уавæртæ нывыл кæй нæ уыдысты, йæ хæстæджытæ йæм знаджы цæстæй кæй кастысты, æви йæ политикон зондахасты тыххæй йæ фæстæ кæй зылдысты, уый охыл? Æвæццæгæн, ацы аххосæгтæн сæ ‘ппæты тыххæй дæр. Æнæдызæрдыггаг у иунæг хъуыддаг – Цæгат Ирыстоны культурæйæн йæ ацыд уыд стыр зиан. Уый хыгъд, Хуссар Ирыстонæн та, йæ аивадæн æмæ нывгæнынадæн йе ‘рцыд уыд, аргъ скæнæн кæмæн нæй, ахæм диссаджы лæвар.

Хуссар Ирыстоны нывгæнæгæн йæ курдиат бынтондæр рапарахат. 1923 азы Цхинвалы Тугъанты Махарбег бындур сæвæрдта аивадон студийæн, æмæ 1937 азы уый ссис аивадон училище (Цæгат Ирыстоны аивадон училище куы байгом, уымæй 26 азы раздæр). Уыцы ахуыргæнæндонæй рацыдысты, фидæны сæ ном кæмæн айхъуыст, бирæ ахæм ирон нывгæнджытæ. Махарбеджы фæрцы Бæстæзонæн музейы байгом аивадон галерей. Уый ма уыд Хуссар Ирыстоны паддзахадон драмон театры сæйраг нывгæнæг. Цы спектакльтæ сфæлгонц кодта, уыдон-иу театруарзджытæн æмæ аивадиртасджытæн уыдысты тынг цымыдисаг.

Арф банкъардта адæмон сфæлдыстад. Йæ нывтæй чи сфидыдта, «Нарты кадджыты» ахæм чиныг рацыд Цхинвалы 1942 азы. Йæ нывты «Цоппай», «Куыдзæппарæн», «Нарты куывд» бæрæг дардта адæмы цард алывæрсыгæй, нывгæнæг дзы æвдыста адæмон сфæлдыстады хъæздыг бынтæ. Йæ нывтæй фæлгонц уыдысты, рухс-иу чи федта, ирон фысджыты уыцы чингуытæ, куыста сывæллæттæн дæр. Нарты кадджытæм цы нывтæ скодта, уыдонæн схонæн ис ирон аивады эталон. Джусойты Нафи фыста: «Нарты кадджыты хъайтартæ Уырызмæг, Батрадз, Сырдон, Сослан æмæ иннæты Махарбег куынæ сныв кодтаид, уæд сæ нæ цæстытыл зынтæй ауайын кодтаиккам. Æмæ бар-æнæбары нарты кадджытæм ныр кæсæм нывгæнæгæн йæхи цæстытæй» (1, с. 8, 9).

Махарбег кодта ахуыргæнæн, наукон куыст, æмæ, бирæ рæстæг кæмæн бахъуыд, уыцы фыдæбонæй рауад монографи «Осетинское народное изобразительное искусство» («Ирон адæмон нывгæнынад»). Чиныг аххæссыд, раргзамантæй XX æнусы онг ирон культурæйы цыдæриддæр цыртдзæвæнтæ уыд, уыдоныл. Мыхуыры рацыд Дзæуджыхъæуы 1948 азы.

1930-æм азтæ советон бирæнацион культурæйæн систы зынæвзарæн рæстæг. Бындур кæмæн нæ уыд, политикон ахæм æфхæрдтыты аххо-

сæй æппæт бæстæйы æмæ йæ национ республикæты интеллектуалон æмæ удварны хъомысыл æрцыд, баххæстгæнæн кæмæн нал уыд, ахæм зиантæ. Æфхæрд цыд адæймаг канд йæхæдæг нæ, фæлæ, йæ номимæ цыдæриддæр баст уыд, уымæн дæр-иу йæ кой нал уыд. Уæд Тугъанты Махарбеджы куыстытæй сæ иу хай фесæфын кодтой, иннæтæ та æвдыст цыдысты æндæр хуызы, политикон зондахастмæ гæсгæ. Уымæй уæлдай, нывгæнæгæн йе сфæлдыстадон цæстæнгас нæ цыди, уыцы азты фидар кæй кодтой, уыцы «социалистон æцæгдзинады» арæнты. Æвæдæй фесæфт зынгæ æхсæнадон архайæг, публицист Цæголты Георгийы портрет. Нывгæнæг æй ныффыста 1920 азты (10, с. 72). «3-й съезд Советов Северо-Осетинской автономной области» («Цæгат Ирыстоны автономон облæсты Советты 3-æм съезд»), зæгъгæ, ацы ныв дæр сæфт æрцыд. Нывæн йæ сæйраг персонажтæй иу уыд облæсты прокурор Барахъты Еленæ. Йæ цардæмбал, зындгонд фыссæг Барахъты Гиноимæ 1930-æм азты кæрон æрцыдысты æфхæрд (11, с. 76). Æмæ уыдон иугай цаутæ нæ уыдысты нывгæнæгæн йе сфæлдыстадон хъысмæты, уымæн æмæ уыцы азты «сæ куыст кодтой» ног дуджы карз закъонтæ. Сæ аххосæй национ культурæ бавзæрста, сраст кæнæн кæмæн нал уыд, ахæм бæллæхтæ.

Уæвгæ, Махарбегæн цы сфæлдыстадон бынтæ баззад, уыдонæн сæ хъысмæт рауад тынг диссаг. Фыццаг дунеон хæсты агъоммæ Венæйы кæй ныууагъта, уыцы куыстытæн сæ иу хай æвæдæй æрбайсæфт XX æнусы райдайæны социалон цауты зилдухы. Иннæ хай фесæфт, 1919 азы январы йын Дур-Дуры йæ райгуырæн хæдзар куы ныппырх кодтой, уæд. Этюдтæ, нывтæ æмæ æндæр куыстытæй уæлдай уæд фесæфтысты, кæй фембырд кодта, уыцы адæмон сфæлдыстадыл фыст гæххæттытæ, историон документтæ, сæ мыггаджы тыххæй хъæздыг архив. 1923 азы басыгъдысты, 1920-æм азты райдайæны кæуыл куыста, уыцы плакаттæ, листовкæтæ. 1945 азы зынгсирвæзт æрцыд Цхинвалы Бæстæзонæн музейы дæр, æмæ зынджы хай баисты, Махарбегæн дзы цы куыстытæ уыд, уыдон. Уый фæстæ та йын йæ нывтæ ирвæзын кæнын бахъуыд 1991 азы гуырдзиаг-ирон быцæуы рæстæг. Куыстытæн сæ иуæй-иуты раластой Цæгат Ирыстонмæ, æмæ ныртæккæ æвæрд сты Дзæуджыхъæуы Тугъанты Махарбеджы номыл Аивадон музейы.

Æвæллайгæ сфæлдыстадон кусæг, йæ адæмы иузæрдион хъæбул 71-аздзыдæй ахицæн йæ цардæй 1952 азы.

Ирон национ культурæйы рæзтмæ нывгæнæг бахаста стыр бавæрæн, фæлæ хицауады ‘рдыгæй рæвдыд никуы федта æмæ йæ зондахаст æмæ миддунемæ гæсгæ официалон аивадæй, сфæлдыстадон цæдистæй алкæддæр лæууыд дæрддзæф. Йæ кары куы бацыд, æрмæстдæр ын уæд – 1940 азы – лæвæрд æрцыд Гуырдзыйы ССР-йы аивæдты сгуыхт кусæджы ном, æхсæз азы фæстæ та – Цæгат Ирыстоны адæмон нывгæнæджы ном.

Фæлæ йæ царды фæстаг бонтæм дæр Тугъаны-фырт уыд йæ райгуырæн бæстæйы патриот, уый хæрзæбонæн удæулдайæ лæггадгæнæг. Йæ зæрдæ рыст национ культурæйы уавæрыл. Æхxуыс кодта курдиатджын фæсивæдæн, цæттæ кодта, сфæлдыстадмæ æмхиц чи уыд, ахæм æрыгон дæсныты. Алкæддæр æй тыхсын кодтой сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ дзыллæтæм хæццæ кæныны æмæ удварны рухсады фарстатæ. «Наши задачи», зæгъгæ, йæ публицистон уацмысы фыста, Цæгат Ирыстоны аивады къабазы чи ис æмæ, йæ хъуыдымæ гæсгæ, æвæстиатæй лыггæнинаг чи у, уыцы фарстатыл. Йæ хъуыдытæ та уыдысты ахæм: фылдæр хъусдард домы сывæллæтты аивадон скъола, хъæуы саразын аивæдты училище, банывыл кæнын аивæдты музейы æмæ литературон музейы экспозицитæ, нывгæнджытæн аразын сæ куыстыты равдыстытæ, æхсæнады зонгæ кæнын æрыгон æмæ курдиатджын нывгæнджыты сфæлдыстадимæ. Мыхуырон фæрæзтæм сидт, цæмæй сæ хъус дарой аивадон сфæлдыстады тыххæй æрмæджытæ арæхдæр уадзынмæ. Фæндыд æй, ирон сфæлдыстады теори æмæ историйы фарстатæ кæм хъуамæ ахуыр кæной, Наукон-иртасæн институты ахæм хайад саразын (3, с. 126).

Йæ амæлыны хæдразмæ нывгæнæг цы уац ныммыхуыр кодта, уымæн банымайæн ис йæ удварны нystуаныл. Цы фарстатæ дзы æвæрдта, уыдон фæстæдæр æххæстгонд æрцыдысты. 1950 азтæн се ‘мбисæй фæстæмæ райдыдтой историон æмæ политикон дугивæнтæ, æмæ Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны нывгæнджыты равдыстытæ аразын ссис культурон царды ахсджиагдæр хæйттæй иу.

1973 азы Дзæуджыхъæуы байгом аивæдты училище. Республикæйæн фæзынд нывгæнынады, стæй, аивадон сфæлдыстады æндæр хуызтæм дæсны чи уа, ахæм специалисттæ цæттæ кæныны фæрæзтæ. Училищейы рауагъдонтæй-иу бирæтæ фæстæдæр сæ ахуыр адарддæр кодтой нæ бæстæйы алы рæтты аивадон институтты æмæ систы Уæрæсейы нывгæджыты цæдисы уæнгтæ.

1981 азы Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты арæзт æрцыд аивадзонынады хайад, разамонæгæй йын нысангонд æрцыд зындгонд композитор Хаханты Дудар. Йæ амæлæты фæстæ хайады сæргъы сæвæрдтой театриртасæг Бæциаты Агуыдзы. Хайады специалисттæ иртæстой ирон профессионалон аивады рæзты истори, адæмон музыкалон културæ æмæ национ æгъдæутты фарстатæ.

Ирыстоны абоны нывгæнынад у, фидар къахдзæфтæй размæ чи цæуы, аивадон културæйы уыцы къабæзтæй иу æмæ аккаг бынат ссардта Уæрæсейы æмæ дунеон сфæлдыстадон тыгъдады. Уыцы тыгъ- дады æнтыстджынæй архайынц æмæ архайдтой нывгæнджыты алы фæлтæрты минæвæрттæ: Абысалты Юри, Бедойты Шалва, Гадаты Лазыр, Дзанæгаты Зауыр, Дзантиаты Юри, Есенаты Æхсар, Калманты Аслан, Челæхсаты Магрез, Лотиты Игорь, Владислав Махно, Соскъиты Владимир, Тауаситы Сослæнбег, Хайты Ибрагим, Цæрикъаты Билар, Евгений Шугаев æмæ иннæтæ. Се сфæлдыстады фæрцы сæ нæмттæ айхъуыстысты, Цæгат Кавказæй тынг дард чи у, суанг ахæм рæттæм дæр. Сæ бæрзонд дæсныдзинадыл дзурæг у ахæм цау, æмæ сæ куыстытæ æвæрд кæй сты Уæрæсейы, Америчы, Германы, Францы, Бельгийы æмæ æндæр бæстæты музейты æмæ хицæн коллекциты. Абоны нывгæнджытæн се 'нтыстыты бындур Тугъанты Махарбеджы удуæлдай фæллой у, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Уымæн æмæ уый – йæ размæ Хетæгкаты Къоста, йæ фæстæ та Дзанайты Азанбег – сæвæрдта Ирыстоны профессионалон аивады скъолайы бындур (12, с. 528). Цæгат Кавказы арæнты æдде йæ ном уæрæх хъуыстгонд кæд нæу, уæддæр национ културæмæ йæ бавæрæн егъау у.

Тугъанты Махарбеджы цард æмæ сфæлдыстадимæ адæймаг цас хæстæгдæр зонгæ кæны, уыйбæрц æй дисы фылдæр æфтауынц йæ удыхъæды миниуджытæ. Йæ нывгæнæджы, ахуыргæнæджы, иртасæджы æмæ хъомылгæнæджы æрдзон курдиаты фæрцы, стæй парахат зæрдæйы хицау æмæ уæздан, адæймагæн баххуыс кæнынмæ алкæддæр цæттæ кæй уыд, æппæт уыдæтты руаджы йæ адæмы 'хсæн йæхицæн скодта ном æмæ кад, æмæ уыцы ном абон рох нæу, стæй никуы уыдзæн. Куыд йæ райгуырæн бæстæйы гражданин æмæ йæ хæрзæбоныл аудæг, национ културæйы удварны бындуртæн аргъгæнæг æмæ сæ

хъахъхъæнæг, афтæ йæ цард абоны фæлтæртæн у цæвиттойнаг. Йæ бирæ фæдонтæн айтыгъта сфæлдыстады, дунеон культурæйы арæнтæ, æмæ уыцы дунеон культурæйы хай ссис йæхæдæг дæр.

**Литературæ**


1. Джусойты Н. Фидæн нывæнд ивгъуыдæй (Творить из прошлого будущее) // Тугъанты Махарбег. Уацхъуыдтæ, мысинæгтæ, фыстæджытæ. Цхинвал: Ирыстон, 1986, 3 – 14 ф.
2. Мамиаты И.В. Нывгæнæг æмæ йæ хъысмæт. Тугъанты Махарбеджы сфæлдыстад // Мах дуг, 2010. № 11, 119 – 133 ф.
3. Тугъанты Махарбег. Литературон бынтæ. Орджоникидзе: Ир, 1977, 235 ф.
4. Нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы цард æмæ сфæлдыстады хроникæ (Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы центрон паддзахадон архивтæм гæсгæ). – Дзæуджыхъæу: Атрибут, 2011, 49 ф.
5. Цориты И.Т. Ирон нарты эпос нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы сфæлдыстадон бынтæ // Вопросы истории. 2019. № 6, 95 – 106 ф.
6. Хаким Мусса. Тугъанты Махарбег – Ирыстоны адæмон нывгæнæг. – Орджоникидзе: Ир, 1962, 110 ф.
7. Цориты И.Т. Нывгæнæг рæстæджы дугивæнты (Художник на переломах времени) (Тугъанты Сафары фырт Махарбеджы райгуырды 130 азы бонмæ) // Известия СОИГСИ. 2011. Вып. 6 (45), 89 – 98 ф.
8. Гиреев Д. Тугъанты Махарбеджы литературон бынтæ // Литературная Осетия. 1976, № 47.
9. Цотниашвили А. Тугъанты Махарбег æмæ гуырдзиаг æхсæнад // Тугъанты Махарбег. Уацхъуыдтæ, мысинæгтæ, фыстæджытæ. – Цхинвал: Ирыстон, 1986, 53 – 59 ф.
10. Тугъанты Э.М. Мæ фыды æрдхæрдты тыххæй (О близких друзьях отца) // Тугъанты Махарбег. Уацхъуыдтæ, мысинæгтæ, фыстæджытæ. Цхинвал: Ирыстон, 1986, 68 – 72 ф.
11. Барахъты Е. Амондджын дæн, кæй йæ зыдтон, уымæй (Счастлива тем, что знала его) // Тугъанты Махарбег. Уацхъуыдтæ, мысинæгтæ, фыстæджытæ. Цхинвал: Ирыстон, 1986, 73 – 76 ф.
12. Ирæттæ (Осетины). – М.: Наукæ, 2012, 605 ф.

# ИКЪАТЫ ВЛАДИМИР: 85 АЗЫ



(1936 – 1990)

# АГУЫРДТА ФЫДÆЛТЫ ФАРН ЙÆ УДЫ...

*Зындгонд ирон поэт, тæлмацгæнæг, публицист, æхсæнадон архайæг, ССР Цæдисы Журналистты æмæ Хуссар Ирыстоны фысджыты цæдисты уæнг Икъаты Антоны фырт Владимирæн Хуыцау 54 азы йедтæмæ цæрæнбон нæ радта. Фæлæ йæ фæстæ цы фæд ныууагъта йæ хорз хъуыддæгтæ, йæ æрдзон курдиат, йе `нкъарæгой зæрдæйы сконд æмæ фыдыбæстæмæ уарзондзинады охыл лæггæдты руаджы, уый рох нæ уыдзæн ирон адæмæй.*

*Владимир райгуырд Цхинвалы районы хæххон хъæу Соцъийы.*

*Райдиан ахуырад райста райгуырæн хъæуы. 1950 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Уæллаг Черейы хъæуы астазон скъоламæ. Каст æй фæцис 1954 азы хорз бæрæггæнæнтимæ, æмæ йæ æнæ фæлварæнтæй ахуырмæ айстой Сталиниры педагогон училищемæ. Уыцы рæстæг ныффыста йæ фыццаг æмдзæвгæтæ.*

*1958 – 1963 азты ахуыр кодта Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты филологон факультеты.*

*1963 азæй фæстæмæ куыста газет «Советон Ирыстон»-ы тæлмацгæнæгæй, уацхæссæгæй, Хуссар Ирыстоны радио æмæ телеуынынады комитеты сæрмагонд уацхæссæгæй, чиныгуадзæн «Ирыстон»-ы редакторæй. Фæстаг азты, суанг йæ амæлæты бонмæ, уыд газет «Советон Ирыстон»-ы культурæйы хайады сæргълæууæг.*

*Владимир бирæ уарзта журналисты куыст, æмæ фæсаууонмæ каст фæцис Кировы номыл Казахстаны паддзахадон университеты журналистикæйы факультет Алма-Атайы.*

*Йе 'мдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Хæхты фарн» рацыд 1983 азы. 1987 азы та – дыккаг æмбырдгонд «Зæххы рис».*

*Йæ амæлæты фæстæ ма йын рацыд дыууæ чиныджы – «Фыдыбæстæ – мæ рис» (2005 азы) æмæ «Æвзæрст уацмыстæ» (2015 азы). Сывæллæттæн ныффыста авд æмбырдгонды: «Кæсаджы фын», «Уалдзæг», «Мады зæрдæ», «Хуры тынтæ», «Булæмæргъы зарæг», «Бало цирчы» æмæ «Фыццаг мит».*

*Ирон æвзагмæ тæлмац кодта æфсымæрон литературæты минæвæртты хуыздæр уацмыстæ. Йæхи æмдзæвгæтæ тæлмацгонд сты уырыссаг æмæ гуырдзиаг æвзæгтæм, бирæтæ дзы систы зарджытæ.*

*Икъаты Владимир 30 азæй фылдæр фæкодта сфæлдыстадон куыст, бантыстис ын 500 публицистон уацмысæй фылдæр ныффыссын.*

*Гуырдзы æмæ ирон адæмы 'хсæн цы быцæудзинад æрцыд, уый тынг уæззау нос ныууагъта поэты зæрдæйыл, æмæ 1990 азы тъæнджы мæйы 27-æм бон ахицæн йæ цардæй. Йе 'вæрæн бон адæм расидтысты саударæн бонæй, урæд æрцыдисты бирæ куыстуæттæ. Адæм сæ уарзон поэты хуыдтой рæстдзинадыл тохгæнæг, æууæнкджын æрдхорд æмæ æмбал, зондамонæг æмæ ахуыргæнæг...*

*Хуссар Ирыстоны дзыллæ стыр аргъ скодтой Икъаты Владимиры сгуыхтдзинæдтæн. Уый хорзæхджынгонд æрцыд республикæйы Кады грамотæйæ, йæ ном хæссынц уынг æмæ скъола Цхинвалы. 2003 азы йын йæ амæлæты фæстæ лæвæрд æрцыд РХИ-йы иууыл стырдæр хорзæх – «Кады нысаны орден», 2019 азы Дменисы хъæуы астæуккаг скъолайы кæрты та кадджын уавæры байгом йæ цыртдзæвæн.*

*ПЛИТЫ Серго*

# БÆРКАДДЖЫН ПОЭТИКОН КУРДИАТ

Икъаты Владимир ирон литературæмæ бавнæлдта алыварсонæй. Йе сфæлдыстады бæрæгæй зынынц æхсæнадон-политикон цардыуаджы æппæт фарстытæ дæр. Иунæг лыстæг фарст дæр дзы рохуаты нæ баззад, иу хъуыддаджы фæрсты дæр æнæ бафиппайгæ нæ аивгъуыдта. Уый, сæйраджыдæр, дзырдта æмæ фыста царды актуалон фарстытыл, рæгъмæ хаста, Иры дзыхъхъы хуымæтæджы фæллойгæнæг æмбæстæгты цы хъыгдардта, уыцы уидагджын проблемæтæ. Ныхас сыл кодта бынтон æнцонæмбарæн æвзагыл, уый та уыд баст йе 'взаджы дзырд- уатон сконды хъæздыгдзинад æмæ йæ поэтикон курдиатыл. Æргом æвдыста ирон лæджы удыхъæды принципиалон миниуджытæ æмæ поэтикон æвзагæй нывæзта удварны æрдзон равзæрд. Æппæт фарстытыл дæр ныхас кодта бындуронæй, чиныгкæсæджы зæрдæйы уаг хынцгæйæ. Йæ аив уацмысты алы дзырд дæр ссардта аккаг бынат. Икъаты Владимиры поэзийы алы рæнхъæн дæр йæ хъуыды гуыры зæрдæйы рæбын æмæ уды арфæй. Фыссæджы фæллæйтты бæрæгæй зыны йæ индивидуалон æрмдзæф æмæ поэтикон курдиат. Уыцы хицæндзинад æмтгæй нымад æрцæуы йе сфæлдыстады астæумагъзыл, æмæ, фыссæг йæ цард цы дуджы æрвиты, уый дæр ирдæй разыны йæ

уацмысты. Сфæлдыстадон архайæгæн йе 'нтыстытæ барвæндонæй нæ вæййынц — чи дæргъвæтин азты дæргъы уæлæнгай фæд ныууадзы, чи та цыбыр æмгъуыдмæ дзæвгар фæллæйттæ ныццамайы. Афтæ Владимирæн дæр йæ хидвæллой бæркадджын фæззæджы дзаг тыллæгау парахатæй фæйлауы. Литературон æмбарынадмæ гæсгæ Икъаты Владимиры поэтикон курдиат хъæздыг æмæ къабазджын у.

Фыссæджы курдиаты сæйраг миниуджытæ, фыссæджы куырыхондзинад æмæ фæлтæрддзинады ратæдзæнтæ йæ поэзийы арф æрбынат кодтой. Уымæн йæ ахаст, йæ цæстæнгас, йæ хъуыдытæ æмæ йæ уды бастдзинад райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадмæ сæууон стъалыйау æрттивынц поэзийы тыгъдады. Нырыкконæй суинагмæ Икъаты Владимиры поэтикон æрмдзæф сæрбæрзондæй хæццæ кæндзæн фидæны фæлтæртæм. Зынгзæрдæ поэтты æмрæнхъ Икъаты Владимиры поэзийы дæр, талынджы цырагъы рухс куыд рухс кæны, афтæ æнкъардæуы ирондзинады рухс тæваг.

Поэзийы къабазмæ бавналын йæ ныфс алы фыссæг нæ бахæссы, æмæ йæм чи бавналы, уыдонæй дæр алкæмæн йæ фæндтæ йæхи фæндиаг нæ рауайынц. Поэт суæвынæн уды фæндон фаг нæу, уыцы фæндагыл æрлæууæг адæймаг ма хъуамæ ифтонг уа мадæлон æвзаджы æууæлтæ æмæ аив дзырды фæллæйттæй. Аив дзырды авналæнтæ, зонындзинæдтæ, фæлтæрддзинад, удцырын, æвзыгъддзинад æмæ музæйы миниуджытæй хъуаг лæг фыссæг никуы свæййы. Ранымад миниуджытæй поэт уыдис æгæрон хотыхджын, стæй ма йæм æрдз дæр ракаст хæлар æмæ рæдау цæстæнгасæй. Æрдз курдиатджын адæмæн алы хатт дæр цæстуарзон вæййы, æмæ ацы æвæрццæг миниуджытæ æмткæй рæдауæй æрцардысты Икъаты Владимиры миддунейы.

Хъæздыг æмæ мидисджын курдиат арф аныгъуылд поэзийы денджызы. Уацмыс чиныгкæсæджы йæхимæ куы 'лваса, цымыдис æмæ йæм цыбæлдзинады æнкъарæнтæ куы 'взæрын кæна, уæд уый дзурæг у мидисы аив арæзт æмæ фыссæджы дæсныдзинадыл. Владимиры поэзи уæлбæхон барæгау æрзылд Ирыстоны къуымты æмæ фæдисы дзæнгæрæгау байхъуыст алы коммæ дæр. Ирыстоны зарæггæнджытæ йын йе 'мдзæвгæтыл зæрдæбынæй нывæндынц музыкæ æмæ сæ адæмæн зарынц уæлвонг æнкъарæнтимæ. Зарæггæнæг иунæг зарæг срæвдз кæныны тыххæй стæмхатт рафæлдахы галуæрдондзаг чингуытæ, фæлæ дзы зæрдæ зарæгæн цы равзара, ахæм нæ разыны. Икъаты Владимиры поэзийы та алы æмдзæвгæ дæр у бæззон æмæ аккаг зарæг снывæндынæн.

Хуымæтæджы адæймаг йæ миддунейæ æддæмæ радæттын цы хъуыды нæ фæразы, уый поэт аив снывæнды алæмæттаг æвзагæй æмæ дзы рифмæты руаджы саразы поэтикон уацмыс. Поэзи гуыры хъуыды æмæ зæрдæйы бастдзинадæй. Уацмыс та у авторы æнусон цыртдзæвæн, уый æнусты дæргъы авторы ном рох кæнын нæ уадзы цалдæргай фæлтæртæн. Афтæ Икъаты Владимиры цытджын ном хъæздыг мидисджын уацмысты руаджы цæрдзæнис Иры дзыллæйы удыхъæды. Чиныгкæсæг лæмбынæг æмбары Владимиры курдиаты алывæрсондзинад. Уымæн йæ уацмысты аивæй зыны йæ зæрдæйы уаг, йæ удыхъæды сыгъдæгдзинад æмæ йæ миддунейы хæлардзинад. Æргомæй дзурыны принципæй нæ ивгъуыйы, æмæ йын фыццаджыдæр сæйраг уыдис комкоммæ ныхас. Владимир алкæмæн дæр йæ рæдыд дзырдта æргом, уæндон æмæ комкоммæ:

*Æнæраст ми паддзахæн дæр нæ барын,*
*Уадз, тас мын уæд йæ фыдæхæй, уæддæр.*
*Æз раст куы уон, æфхæрдæй дæр нæ тæрсын,*
*Мæ зарæг дæр — мæ рæстдзинады хъæр.*

Æндæр ран та зæгъы:

*Мæ Ирыстон, æз хæсджын дæн дæ разы,*
*Уæддæр мæм тигъæй ма равдис дæхи.*
*Дæ уарзты монц мæ хæстон уæнгты хъазы,*
*Хъæбулау дын кæнын нывонд мæхи!*

Фыдызæххы зындзинад ахъаззагæй æндæвта Владимиры æнкъараг зæрдæйыл, йæ адæмы рыст хæссынæй йæ зæрдæ рафтыд æмæ хъуытазтæ цагъта фæйнæрдæм сисы бырынкъæй. Алы дуджы дæр, алы заманы дæр дугивæнтимæ æмдзу кæны фыдæхдзинад, æмæ-иу арæхдæр азар басыгъта чысылдæр нациты. Уыцы фыдаудæнтæ Ирыстоны дæр æвыд никуы ныууагътой, æмæ ацы хъуыддаг ноджы карздæр æвзагæй дзурын кодта курдиатджын поэты. Арвистон æмæ хъомпалдзинады рæстæг æвирхъау тох расидт Икъаты Владимиримæ дæр. Уый зыдта тыххæссæджы зондахаст æмæ йæ адæмы цард бахъахъхъæныны сæраппонд агуырдта мадзæлттæ, сидт дунемæ, зæдтæ, дауджытæ æмæ уæларвон тыхтæм. Уыдон ын иууылдæр баст уыдысты Фыдыбæстæйы уарзондзинадимæ, æмæ æргом зæгъы йæ хъуыды:

*Фыдыбæстæ, ды не 'взаг дæ, нæ намыс,*
*Дæ фарнæй мах – дæ хъæбултæ – фæрнджын.*
*Дæ зæрдæ нын нæ армы дзыхъхъы дарыс,*
*Дæ фарнæй мах – цæрдхъом æмæ ныфсджын.*

Поэтикон уацмыс чиныгкæсæджы зæрдæйы сасирæй луарæгау кæны уæлмонц æнкъарæн. Владимир йæ царды фылдæр хай поэзийæн снывонд кодта, æмæ йæ зæрдæ æдзухæйдæр æнæрынцойæ зарæг амыдта. Заргæ та кодта, адæмæн тых, ныфс, хъару æмæ уарзондзинад цы лæвæрдта, ахæм зарджытæ. Йæ алы уацмыс дæр монон æгъдауæй баст у фыдызæххы уарзтимæ. Йæ поэтикон уацмысты арф æвæрд сты циндзинад, тырнындзинад, патриотикон æнкъарæнтæ æмæ хъайтардзинад, æхцондзинад æмæ рыст, хъизæмар æмæ трагикон нывтæ. Уыдонæй алкæцы уацмыс дæр улæфы фыдыуæзæджы уарзондзинады комулæфтæй, алкæцы дæр дзы йæ рыст æмæ йæ цинимæ адджын хъæбыс кæны Иры сыджытæн.

Хуымæтæджы нæу фыссæджы удыхъæд. Адæймаг æхсæнадон царды агуры материалон-социалон ифтонгад, фыссæг та адæмы зонады хæрзæбонæн сфæлдыстадон фæллой æмбырд кæны. Æхсæнадон цардгæнæг мулк æмæ фæллойæ æхцондзинад æнкъары, фыссæг та йæ фæллой æмбырд кæнынил йæ уд ныййихсийын кæны. Уæдæ царды цæмæй сфæлдыстадон архайæджы фæндаг равзарай, уый тыххæй дæ æрдз уаз миниуджытæй хъуамæ цæстуарзонæй барæвдауа. Владимир ахæм миниуджытæй æрмæст æххæст нæ уыд, фæлæ ма удвидардзинад, фæразондзинад æмæ принципиалон уæвынæй дæр уыд ахъаззаг ифтонг. Царды тæрæнтæн йæ арф бынæтты лæгæрста æвæллайгæйæ йæ нысанмæ. Уый аивæй æвналы уацмысы конструктивон арæзтадмæ æмæ бæстонæй, арæхстгай хæрдмæ хизы йæ къæпхæнты равæрдыл. Уацмысæн йæ бацæуæн, йæ астæумагъз æмæ кæронбæттæн арæхстджынæй æмбастæй æвдисы поэтикон курдиаты амæлттæй.

Иттæг хорз сахуыр кодта ирон литературæйы минæвæртты сфæлдыстад, æмæ йын уый ноджы уæрæхдæр кодта йæ поэтикон развæндаг. Йæ поэзи чиныгкæсæгмæ гуырын кæны райгуырæн къуыммæ уарзондзинады æнкъарæнтæ. Сисы бырынкъ æмæ уды фæндонæй зæрдыл лæууын кæны национ царды уаг æд хæрзиуджытæ æмæ фыдæхдзинæдтæ. Мидисджын уацмысты йæ уидаг арф ауагъта хъомыладон принцип: уыдон рæзгæ фæлтæры æфтауынц раст фæндагыл, фарн æмæ хæрзæгъдаудзинадыл.

*Сæумæйæ хур куы ракæсы зæххыл,*
*Куы срухс кæны нæ быдыртæ, нæ хæхтæ,*
*Бæллицты зæйтæ рацæуы мæныл,*
*Æмæ мын дзуры барджынæй мæ зæрдæ.*

Поэзи уарзæг адæймаг алы хатт дæр бахауы уацмысты ахæсты, æмæ чиныгкæсæгæн автор фæсауунмæ дæр свæййы йæ уарзон адæймаг. Афтæ, Икъаты Владимиры дæр лæгæй-лæгмæ чи нæ зыдта, уыдонæн дæр у уарзон фыссæг æмæ курдиатджын поэт йæ уацмысты руаджы. Авторы аив дæсныдзинадæй чиныгкæсæджы зæрдæйы уарзондзинад йæ уидæгтæ уадзы фæйнæрдæм, æмæ адæмы зæрдæты парахат кæнынц уарзондзинады æнкъарæнтæ уалдзыгон дидинджыты таугæрдæгау. Ахæм фæзынд та хуыйны поэзийы тенденци, æмæ уый фæрцы цардмæ тырнындзинад уды æндидзы. Поэтикон уацмысы хæрзгъæд æмæ уникалон мидис равдисын, сæйраджыдæр, баст у мадæлон æвзаджы зонындзинадимæ. Поэт мадæлон æвзаджы æмæ ирон филологийы цæйбæрц аныгъуылд, уымæн та æвдисæн у йæ стилистикæ. Куыройы нучы дон йæхи сæмæны цалхыл куыд фæхойы, афтæ йын йæ уацмысты хъуыдытæ сæры магъз зыдæй скъæфы æмæ сæ зæрдæйыл цæвы æнауæрдонæй. Йæхæдæг та къæмдзæстыгæй йе сфæлдыстадон фæллой бынтон чысыл хæзнайыл нымайы, зæгъгæ мын мæ уацмысты уæз мæлдзыг дæр уаргъæн афæраздзæн:

*Сисдзæни мæ фæллæйттæ мæлдзыг,*
*Афтæмæй хъæмпы халыл ысхилдзæн.*
*Хъæмпы хал нæ фæтасдзæн уырдыг,*
*Фæлæ йыл поэты зынг æрттивдзæн!..*

Ахæм хъуыды ноджы арфдæр æргом кæны Владимиры гоймагон миниуæг, æмæ чъызгæйæ уымæн афтæ дзуры. Йæ зæрдæйы та уыдис нырма æгæрон фыссинæгтæ, бирæ цардыуагон фарстытыл æрдзурын æмæ раиртасыны фæндтæ. Хæдæфсарм поэт нæ уарзта хистауæн ныхæстæ, уды уæнгæл ын уыдысты хиппæлой адæймæгтæ. Бирæ дзурынæй бирæ аразын нымадта ахсджиагдæр хъуыддагыл, æмæ йын литературон тыгъдады гуырахстмæ гæсгæ цы бантыст, уый мæлдзыг нæ, фæлæ хæрæг дæр уаргъæн нæ афæраздзæн. Удцырын æмæ аив дзырды руаджы цыфæнды хæццæ хъуыдытæ дæр коммæгæс уæрдæхау здыхта. Аив уацмыс ныффыссын æмæ хорз фыссæг суæвын иу у,

фæлæ адæмæн уарзон адæймаг суæвын та бынтон æндæр цыдæр у. Владимиры цардвæндаг дзыхъхъытæ-къуыппытæ хъуаг нæ уыдис, гакъон-макъон къахвæндагыл дзæвгар фæрасхъиу-басхъиу кодта. Ирыстоны адгуытæ Цæгатæй Хуссармæ, Дыгурæй Мæздæгмæ комгай басгæрста, сахуыр кодта хæххон-быдираг хъæуты цæрджыты миддунейы сконд. Уымæй йын ноджыдæр уацмысы тематикон равзæрд уыдис æнцондæр райхалæн. Адæймаджы зæрдæйы уагмæ дзæвгар æмæ алыварсон бахизæнтæ ис, чи дзы бахизы, уый та дзы хъуамæ йæхи æвдиса арæхстджынæй. Владимир ахæм æхгæд зæрдæтæм алы хатт дæр хызт хурварсæрдыгæй.

Курдиатджын поэты дуджы Ирыстонæн цыфыддæр знаг хъыцъыдæттæ бирæ фæдардта, æмæ ахæм хабар поэты тырнæг зæрдæйыл тарбын агъуд нывæзта хæлуарæджы тынау. Уыцы национ удварн дæлдзиныггæнæн рæстæджытæ Владимирыл уылæн кодтой ивылд донау, æгъатыр æмæ удæвдæрзæн фæйлауæнтæ йæ дардтой хъуырдухæнты ахæсты. Йæ бартæ никуы радта цыфæнды æнæсфæразгæ уавæртæн дæр, никуыдæр сæрныллæгæй æрыздæхт фыдæхдзинадимæ тохæй. Йæ адæмуарзон риуæй мынæг кодта æлгъаг фæзындты рацæвæнтæ, æмæ йæ поэзи цæлхъ кодта хохæй быдырмæ. Къаннæг сабийæ рахызт 37-æм азы трагикон фæндæгтыл, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дуг, репрессийы заман æмæ 1989 – 1992 азты Гуырдзыстоны æрбабырсты фыдæх цаутыл. Уыцы мæнгард дугты хабæрттæ йын ноджы уæрæхдæр кодтой йæ зæрдæйы хъæдгом. Уыцы лæгмарæн заманы хъизæмæртты уылæнтæ бирæты зæрдæтæ ныссастой, уарзон фыдызæххы хъæбысæй цæрынхъуагæй адзал бирæты удтæ арæдывта. Æдзард сæрхъызой хъæбултыл Владимиры зæрдæ дзынæзта. Уыцы хæйрæджы фæлдыст тызмæг рæстæджытимæ хъазуат тох расидт æмæ йæ зæрдæйы фæстаг цавды онг сæ ныхмæ лæууыд кардæлвæстæй, хотыхджынæй. Йæ хотых та уыдис удвидар æнæбасæттон характер æд сисы бырынкъ.

Æгæрон æмæ æнæарæн у Владимиры поэзи, уæрæх æмæ дардыл æнхъæвзынц йæ диссаджы зарджыты зæлтæ. Уыдон зæлланг кæнынц ирон адæмы зæрдæты. Гуманистон зондахастыл хæст адæймаг рæстдзæвин милмæхсæгау æмбæлы зиллаччы тæккæ астæу æмæ йæ уацмысты тематикæйæ агайы лæджы зæрдæ. Владимирæн рæстæг æмæ дугты цыдимæ æмдзу кæндзысты йæ поэтикон уацмыстæ, уыдон сæууон стъалыйау æрттивынц литературон уацмысты астæуæй.

Хъомылад, хæрзæгъдаудзинад, патриотизм, катай, ныфс, бæллиц, фæндиæгтæ, цин, хъынцъым æмæ бирæ æндæ р миниуджытæ æмбæлынц Владимиры уацмысты. Аивадон æгъдауæй сты иттæг хæрзифтонг. Чиныгкæсæджы зæрдæйыл æндæдзынц фæззыгон чыргъæды мыдадзау æмæ уд цырын кæнынц ныййарæг адæмы уарзынмæ. Уымæн йæ поэтикон уацмысты арф æвæрд ис реализм æмæ оптимизмы тæваг, алы дзырд, алы рæнхъ дæр ын улæфы поэзийы уæлдæфæй. Владимир уацмысы хъæлæсæй сиды адæммæ национ идейæ æндидзын кæныны зиумæ.

Фæдисы дзæнгæрагау хъуытазтæ цæгъды поэзийы æвзагæй æмæ Иры дзыллæйы разæнгард кæны мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ. Тырны хæрзиуæг хæссынмæ, не ‘фсæды йе ‘мтуг адæмыл зарджытæ фыссынæй. Владимир мады гуыбынæй рахаста æхсидгæ поэтикон темперамент æмæ фæдисоны монц. Зынгæ поэт æнæфсисæй нæрсын кæны поэзи уарзæг æмæ чиныгкæсæджы зæрдæ. Мадæлон æвзаг у национ хиæмбарынады сæйраг бындур, ууыл хъæуы аудын, уый хъæуы хъæздыг æмæ фидар кæнын. Владимиры хуызæн æнæбасæтгæ хъæбатыр лæппутæ та уый фæцудын нæ уагътой.

Йæ поэзийы уидагджын бындзæфхад къæдзæхдур мæсыгау æнусон у. Йæ поэтикон курдиатæн аргъгæнгæйæ, фидарæй зæгъæн ис уый, æмæ кæй уыдис зынгæ æмæ фæлтæрд поэт, дæсны æмæ аив дзырд нывæндæг, номдзыд æмæ куырыхон сфæлдыстадон архайæг. Икъаты Владимиры удварны дзырдуатон сконд хъæздыг æмæ æмыдзаг у лексикон амæлттæй. Голладжы дзаг ссады тæппыты бæрцау йæ аив дзырды къæбицы бавæрæнтæ сты хъæздыг. Алы уацмысы дзырдтæ æмæ хъуыдытæ аудгæ равгимæ лæмæрста, нуарджын æвзагæй алы дамгъæ, алы дзырд æмæ алы хъуыдыйад дæр комарынджы æхсæста поэзийы цыргъ фæрæтæй.

Ирон литературæ, ирон аивадон уацмыс, ирон литературæйы хæзнадон æнæ Владимир тæвд боны кæрдæг æмæ донхъуаг дидинæгау сæруагъд уыдаид. Йæ поэзийы алæмæттаг æвзагæй узæлы хæлар зæрдæйы уагыл, фыдгæнæг æмæ тыххæссæджы зæрдæ та рæхойы поэзийы хотыхæй. Егъау æмæ гуырахстджын у Владимиры поэзи, йæ поэтикон уацмыстæ иууылдæр курдиаты миниуджытæй ифтонг сты.

Уацмыс аив фæлындæг поэтæн йæ иунæг æмдзæвгæйыл дæр дзæвгар дзурæн æмæ фыссæн ис. Уымæн нырма зонадон æгъдауæй йæ фæллой æвзæрст не 'рцыд, бæлвырд æм нæма бавнæлдæуыд. Фыссæджы

сфæлдыстады уынæм, зонадон-иртасæн æгъдауæй бакусæн кæуыл ис, ахæм хъæздыг æрмæг. Дызæрдыггаг нæу, ахуыргæндтæ фæстæдæр кæй райхалдзысты йæ литературон æнтыстыты дзæкъул. Тыхст заман-иу фыссæджы архайдимæ сбаста журналистикæ, æмæ уым дæр уыдис адæмы фæдисон. Ацы хъуыддаджы дæр Владимирмæ уыдис егъау курдиат. Уымæн йæ диссаджы дзырдбæстытæ, йæ аив хъуыдыты бастдзинад абон дæр зонадон кусджыты дисы æфтауы. Иттæг æнгом баст уыдис публицистикæимæ дæр, йæ хъуыдытæ æмæ йæ зонадон цæстæнгас æвдыста бирæ куырыхон лæгтæ æмæ ахуыргонд адæймæгтæм. Цæвиттойнаг ын уыдысты Ирыстоны пехуымпартæ, æмæ сæ алы хатт дæр буц æмæ сæрыстыр уыдис. Фыста Къостайыл, Уасойыл, Шегреныл, Миллерыл, Рутеныл, Нафийыл, Дзуццаты Хадзы-Муратыл, Тыбылты Алыксандрыл, Секъайыл, Цомахъыл, Темырболатыл, Иссæйыл, Болайыл æмæ æппæт Ирыстоны хъæбатыр адæмыл, фыста сыл уый тыххæй, æмæ ахæм номдзыд национ минæвæртты хъуамæ зоной фæлтæры-фæлтæртæ. Уый у нæ истори, уый у нæ фыдæлты фарн.

Зыдта бæлвырдæй, кæстæрæн цæвиттон хистæр хъуамæ кæй æвдиса, æнæ цæвиттойнаг хистæр та хæрзæгъдау фæсивæдæн уæвæн нæй. Къостайы тыххæй дзырдта афтæ:

*Æнæ Къоста – æнæ сæрбос Ирыстон,*
*Æнæ Къоста – цæрдудкъахыр ирон.*
*Къостаимæ мæ Иры дзыхъхъ – æмбисонд,*
*Къостаимæ сæдæ хатты – цæрдхъом.*

Уæдæ Владимирæн Къоста йæ уды арфы цытджын æмæ æнусон бынат кæй скодта, уый бæрæг у æмдзæвгæйы дзырдты аив равæрдæй дæр. Алы рæнхъы Къостайы ном хуымæтæджы нæ дзуры. Владимир ирон æвзаджы дæсны уыд æмæ æндæр дзырдтæ æнæссаргæ нæ фæуыдаид, фæлæ уый уымæй æвдисы Къостамæ æгæрон уарзондзинад, ацы ном ын у æхцон æмæ адджын.

Мæнæ куыд зæгъы Уасойæ та:

*Зары нæртон Къоста Нарæй, –*
*Зары йæ сахъ фæдон Къобæй...*
*Хох-лæгты зард æмæ фарнæй*
*Хайджын нæ Ирыстон – номæй!..*

Уасойы дæр Къостайы сахъ фæдон æнæхъуаджы нæ хоны, уый æмбары, нацийы хæрзæбонæн, дзыллæйы сомбонæн æнæ ахуырад уæвæн кæй нæй, æмæ йæ ныфс ис, ахæм пехуымпарты руаджы ирон дзырд кæй цæрдзæн, цалынмæ æрдз, арв æмæ зæхх уой, уæдмæ. Поэзи уарзæг та барвæндонæй свæййы Владимиры поэзийы цагъар æмæ йын коммæгæс кæстæрау цæуы йе сфæлдыстады къахвæндагыл.

Фыссæг арæхдæр фыссы, йæ зæрдæ йын цы агайы, ууыл. Владимир дæр, иууыл тынгдæр ын йæ удцырын цы разæнгард кодта, уыцы темæтыл фыста æдзух æмæ зæрдæбынæй. Зæгъæм, Фыдыбæстæ, райгуырæн Ирыстон æмæ мадæлон æвзаджы фарстатыл æмдзæвгæтæ фыста дæсгай æмæ ссæдзгæйттæ. Уый та уымæн афтæ у, æмæ йын ранымад темæтæ уыйбæрц адджын æмæ æхцон уыдысты, æмæ уыдоны фæдыл йæ зæгъинæгтæ иу æмæ дыууæ æмдзæвгæйы равдисын фаг нæ уыд. Йæ зæгъинæгтæ уыйбæрц æгæрон уыдысты, æмæ сын, фыссæджы æмбарынадмæ гæсгæ, æмдзæвгæйы гуырахсты равдисæн нæ уыд.

Бæлвырд у уый дæр, æмæ æмдзæвгæ йæ гуырахсты арæнтæй куы ахизы, уæд нымад æрцæуы поэмæйыл. Поэмæйæн та ис йæхи сæрмагонд æууæлтæ. Владимирæн йæ уды фарн цас æххæссыд, уыйбæрц алцæмæ дæр æвнæлдта. Ӕрдзы сконд адæймагадæн нырма æбæлвырд у, дзæвгар сусæгдзинæдтæ сты раиртасинаг. Зонадон æгъдауæй нæма ис бавналæн адæймаджы миддунейы æрдзон арæзтмæ дæр. Уымæ гæсгæ поэты миддунейы цы æбæлвырд æрдзон миниуджытæ ис, уыдон дæр сты æнæиртæст. Поэт йæ миддунейы руаджы бырсы размæ æмæ йæ хъуыдытæ биноныг кæны чиныджы. Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм фадат алкæй къухты нæ бафты, фæлæ бантысы æрмæстдæр, æрдз уыцы миниуджытæй кæй сифтонг кæны, уыдонæн. Икъаты Владимир уыцы миниуджытæй ифтонг кæй уыдис, уый гуырысхойаг нæу, фæлæ ма сæ рæдауæй лæвæрдта йæ фæдыл цæуæг кæстæр фæлтæрæн дæр.

Ахуыргонд лæг фылдæрхатт æнæвдæлон вæййы йæ архайдæй, уæлдайдæр та – фыссæг, æмæ йын уымæ гæсгæ арæхдæр рæстæг нæ фæвæййы ног фæлтæр бацæттæ кæнынæн. Владимир сфæлдыстадон куысты кæд арф аныгъуылд, кæд ын æдзух йæ фыссæнгæрзтæ æнцой нæ лæвæрдтой, уæддæр рæстæг ардта рæзгæ фæлтæры æмдзæвгæтæ фыссыныл разæ нгард кæнынæн. Курдиатджын поэт бæлвырдæй æмбæрста, адæймаг æнусон кæй нæу, æмæ хæсыл нымадта ног фæлтæр бацæттæ кæнын. Уыдонæй ныртæккæ бирæ ис нæ интеллигенцийы

рæнхъыты. Уымæн æвдисæн сты абоны фæлтæры поэтикон арæхстдзинæдтæ æмæ цæвиттонтæ. Ахæм фæзындæн дæр ис егъау нысаниуæг, æмæ æнæ курдиат та ахæм фæзындæн уæвæн нæй.

Алы сæрхъызой дæр, æппæт национ æнкъарæнтæй æххæст адæймаг дæр мидзæрдæйы катай кæны сомбоныл, кæстæрты фидæныл. Уыцы фарст дæр поэтæн æнцой нæ лæвæрдта. Кæстæрæн хистæры цæвиттойнаг архайд ахъуыды кæныны бындур у, æмæ аккаг хъуыдыйы бындур та царды рæбинаг уидаг у. Æмæ царды рæбинаг уидагыл, национ хиæмбарынады сæйраг принципыл нымадта мадæлон æвзаг ахуыр кæнын. Фæдзæхста хъомылгæнджыты, ахуыргæндты, хистæр фæлтæр æмæ æхсæнадон архайджыты. Иууыл тынгдæр тыхст æмæ комкоммæ дзырдта ныййарджытæм. Цæмæй сомбон уыдоны уазал ахастæй ирон хъæбул йæхи нацийы æнæхххæст минæварæй ма æнкъара, уый тыххæй та конкретонæй азым хæссы мадмæ, æмдзæвгæ дæр афтæ хуыйны, «Ирон мады фæсмон»:

*Мæ хъæбул, адæймаг рæдийы,*
*Æз дæр фæрæдыдтæн дæ разы.*
*Мæ зæрдæ фæсмонæй мæ риуы,*
*Æдзух ныр уый тыххæй дзыназы!*

*Дæ дзыхæй мады риу нæ ластон,*
*Кæд тагъддæр байрæзис, мæ къона.*
*Фæлæ дын иу амонд нæ хастон,*
*Нæ-иу дæм бадзырдтон иронау.*

*Нæ-иу дын акодтон цы-цытæ,*
*Нæ хъуыстай «Ало-лай» мæ дзыхæй.*
*Ирон скъоламæ нæ цыдтæ,*
*Нæ зоныс де 'взаг ныр мæн тыххæй.*

*Мæ хъæбул, ацы сайд дæ мадæн,*
*Фæдзæхсын, ма ныббар мыггагмæ.*
*Мæ сайд – æгады гакк дæ цардæн,*
*Ныр кæс дæ мадæлон æвзагмæ!..*

*Зæгъ-иу мæ фæсмондзырд дæ усæн,*
*Йæ хурæн «Ало-лай» куыд зара,*
*Ирон дзырд фидæны æнусæн*
*Тырыса хорзæхау куыд дара!..*

Уæдæ ацы æмдæвгæйы цы мидис æвæрд ис, уый адæймагæн æгъгъæд у ахъуыды кæнынæн, цæмæй рæзгæ фæлтæры патриотикон цыртдзæвæн, йæ дуртæ ма чысыл куы вæййынц, уæд иугай фæйнæрдæм ма калой. Æнæ 'взаг нацийæн уæвæн нæй, æвзаг куы фесæфы, уæд наци дæр фесæфы йемæ.

Икъаты Владимиры поэтикон курдиатæн ис егъау нысаниуæг, æмæ нын йе сфæлдыстад ахъаз кæны æцæг, хæрзæгъдау æмæ сæрхъуызой кæстæртæ хъомыл кæнынæн. Хъомылад та у æцæг адæймаджы удварны астæумагъз.

## МЫСЫНЦ ÆМДУГОНТÆ

Владимир, дæ характеры сæрмагондæй химæ æлвæстой ахæм миниуджытæ, куыд дзырд æмæ архайды иудзинад, ныхæсты æргомдзинад. Мæнгарддзинад, æфсæнттæ æмæ хин митæ кæнын нæ зыдтай. Æмæ де 'мдзæвгæтæ дæр зæрдæ æлхæдтой уыцы хорз миниуджытæй.

…мæ зæрдыл уæлдай тынгдæр лæууынц дæ адæймагдзинад, райгуырæн бæстæмæ дæ æгæрон уарзондзинад. Æз никуы ферох кæндзынæн, 1989 азы декабры звиадистон лæгмарджытæ нæ зæххыл цы фыдмитæ кодтой, уыдоны тыххæй Мæскуымæ зæрдæрисгæйæ чи хъусын кодта, дæ уыцы фæдисы хъæлæс! Уый уыд уарзты раздæры хъæлæс, фæлæ йе ‘мыдзаг уыд адæмы хъизæмæртты тыххæй зæрдæрыст æмæ уæгъдидон фыдгæнджытæм æнæуынондзинадæй. Уый уыд, знаджы нæмгуытæ æмæ рæмудзæнтæй райгуырæн артдзæст йæ зæрдæйæ æрæхгæнынмæ цæттæ чи уыд, ахæм Адæймаджы цæф хъæлæс. Уый нæ уыд цæстмæ ми æмæ патриотизмæй хъазын. Гъе фæлæ уый уыд дæ зæрдæйы хæрзæгъдауы уавæр...

*НАФИ*

Алы адæймаг нæ вæййы цардаразæг, цард рæсугъдгæнæг. Ахæм стыр удыхъæд, ахæм стыр хъару алы адæймагмæ нæ разынынц. Икъаты Владимирмæ уыдысты. Уыдысты йæм алыварсон æмæ тыхджынæй. Уыдысты йæм хæдбындур æмæ хæдхуызæй.

Гуырдзæй æнæрæнцой, æппынæдзух фæдискъахыллæуд, размæ тырнæг адæймаг, Володяйæн хохаг знæт тæлтæг донау йæ бон нæ уыд, æппынæдзух йæхи ма æппæрстаид размæ, йæ фидар бæрнджын ныхас,

хъуыддагзонгæ æмæ зæрдæрисгæйæ ма дзырдтаид алкæй æмæ алцæй тыххæй, сæйраджы-сæйраг та – йæ раттæг Ирыстоны, йæ раттæг ирон адæмы, ирон удыхъæды ивгъуыд, абон æмæ сомы тыххæй...

* * *

Валодяйы æнæрæнцой уд нæ бауромдзæнис мæрдты дзæнæт дæр, йе ‘нæрæнцой уд уым дæр нæ бафæраздзæнис æвæлмон цардæн.

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

Хъыгагæн, ныр бирæ рæстæг йæхи тыххæй дæр æмæ искæй тыххæй дæр дзурынхъом нал у ме 'мгар, мæ иузæрдион хæлар, поэт-æмбæстаг, журналист æмæ æхсæнадон архайæг. Уый хыгъд дзурынхъом сты йæ удæй рантысгæ уацмыстæ, йæ фарн, йæ байзæддаг, бирæ кæй уарзта, уыцы Ирыстоны хъæбултæ, æмæ йын цытимæ мысдзысты йæ рухс ном.

* * *

*Мæ Ирыстон, дæ нæртон фарн – мæ уды,*
*Дæ амонд мæм дæ урссæр хæхтæй худы.*

Икъаты Владимиры цард æмæ сфæлдыстады тыххæй гыццыл не 'рцыдис фыст – йæ цæргæйæ дæр æмæ йæ амæлæты фæстæ дæр.

Сæ мысинæгты фысджытæ се ‘ппæт дæр лæмбынæг хынцынц Икъайы-фырты поэзийы сæйраг гæччытæ – бæрзонд патетикон пафос, Ирыстонмæ æгæрон уарзондзинады мотив, мадæлон æвзагмæ аудгæ ахаст дарын, национ колориты атрибуттæй æмдзæвгæ фæлындыны тенденци.

Се 'ппæт дæр сты ахæм хъуыдыйыл лæуд: Икъаты Владимиры сфæлдыстад ирон поэзийы историйы бацахсдзæн аккаг бынат, уæлдайдæр та, сабитæн кæй ныффыста, йæ уыцы æмдзæвгæтæ .

*ХЪОДОЛАТЫ Герсан*

Ирон адæмæн нæ фаг кæндзæн Владимиры ирон ныхас, йæ фезмæлд. Адæмы хъæбул Владимир уарзта æппæт фæлтæрты дæр, фæлæ йын иууыл уарзондæр уыдысты сабитæ, рæдауæй сын хæлар кодта йæ курдиат, йæ зæрдæйы хъарм...

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат*

Ирыстоны тыххæй кæддæриддæр уыдис дысвæлдæхтæй кусæг, архайæг, тохгæнæг. Æрæнцой нæ зыдта йæ зæрдæ. Зынгæ ирон поэтæн, æхсæнадон архайæгæн, курдиатджын журналистæн æмбисыл аскъуыдысты йæ бæллицтæ, йæ хорз хъуыддæгтæ… Володяйы хуызæн лæппуты сæр кæд Ирыстоны искуы хъуыдис, уæд тынгдæр – абон, уымæ гæсгæ йæ æнафоны фесæфт махæн у уæлдай стырдæр зиан, зæрдæрисы хос.

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар*

Икъаты Владимиры стыр патриотизм, йæ зæлланггæнæг поэзи, йæ рæстаг дзырд æмæ рæстдзинад, йæ цыргъ æмæ карз, æдзухæйдæр хъуыддагмæ здæхт публицистикæ, йæ рæсугъд цардæнгас æнустæм цæрдзысты ирон адæмы зæрдæты.

*ХЪОРОТЫ Сослан*

Ирон фысджыты 'хсæн, уæлдайдæр та поэтты 'хсæн, стæм разындзæнис, йæ курдиаты зынгæй сабиты чи нæ батавта, уыдоны абон æмæ сомбоныл, сæ моралон-эстетикон хъомыладыл чи нæ асагъæс кодта. Уыдонæй иу уыд Икъаты Владимир.

*МИНДИАШВИЛИ Серго*

Ирыстоны кæрдихтæ кæнынмæ куы 'рахъавыдысты, уыцы æвирхъау азты райдианы Икъаты Владимир уыдис йæ адæмы 'хсæн. Дыууæ хатты ацыд Мæскуымæ, кæд йæ бон исты æххуыс бауаид йæ адæмæн, йæ Ирыстонæн, зæгъгæ. Йæ адæмы мастæй йæхицæн стырдæр хай чи кодта, уыцы поэт-патриоты зæрдæ йæ куыстæй банцад. Мæлæт ын «батæригъæд» кодта æмæ нал федта Ирыстоны дарддæры хъизæмæрттæ. Ахæм цаутæ куынæ уыдаид, уæд ма абон дæр удæгас уаид Ирыстоны иузæрдион хъæбул, поэт-патриот Икъаты Владимир.

*ÆЛБОРТЫ Хетæг*

# МÆ ФИДÆН МÆМ, ИРОНАУ ДЗУРГÆ, ХУДЫ

*ИКЪАТЫ Владимир*

## МÆ НЫЙЙАРÆГ АДÆМ

Æз уæ фырт дæн, мæ ныййарæг адæм,
Мæн нæ байсдзæн сымахæй мæлæт.
Æз – цырагъдар уæ номæн, уæ кадæн,
Иры хуымты – мæ гутоны фæд!..

## "СИМД"-Ы ЦАГЪД

Æз куы фехъусын дæ зæлтæ,
Уæд мæн атæхын фæфæнды,
Риуы фыр цинæй мæ зæрдæ
Зарæг райдайы нывæндын.

Цард дзы рахсиды æнæнтау,
Хъуыды ахæссы мæн дардмæ...
Уастæн, а зæххы хуыздæртау
Макуы амæла мыггагмæ,

Дæу йæ къухуырзтæй фыццаг хатт
Чи ысамыдта фæндырыл,
Чи йæ рахуыдта "Ирон цагъд",
Чи йæ байтыдта нæ Ирыл!..

Æз куы фехъусын дæ зæлтæ,
Уæд зæгъын: "Дуне мæн куы дæ!..
Ис дзы махæн дæр нæ хæрзтæ,
Ды, мæ чысыл Ир, стыр дæ!.."

## МЕ 'ВЗАГ – МÆ КАДЫ ЦЫРТ

Куы рамæлон – æз кады цырт нæ домын,
Мæ кады цырт мæ ирон æвзаг хонын!..
Кæд ыл Къостайау базарын нæ зонын,
Уæддæр йæ кадæн дидинджытæ тонын!..

Мæ рыгъд стихы бавæрын мæ зæрдæ,
Мæ сагъæстæ дзы гомгæрцæй æрттивынц.
Скиф, алан кæм ныууагьтой сæ фæдтæ,
Мæ бæллицтæ уым фарнагур фæзилынц!..

Мæ ирон æвзаг – ды сæ уд, сæ зæрдæ,
Сæ фаты цъуппыл абонмæ фæтахтæ...
Сæ цирхъы цъорттау ферттивынц дæ зæлтæ, –
Мæ удау мын адджын æмæ зынаргь дæ!

Ды мын куынæ уай – фехæлди мæ къона,
Ды мын куы цудай – ахаудтæн мæхæдæг!..
Мæ фæдон дæ æнæбары куы зона,
Дæ разы уæд æз басгуыхтæн фыдгæнæг!..

## ФÆДЗÆХСТ МÆ ФЫРТÆН

Мæ фырт, лæджы ном мын фæхæсс,
Цыфæнды уаргьы уæзæн ма уа!..
Мæ коммæ хорз хъæбулау кæс, –
Нæртон фарн де 'мдзæрин æрбауа.

Ирон ысгуыхт вæййы, дзырдхъом,
Зын раны никуы зоны цудын, –
Рæстылдзу, 'нæхин æмæ 'ргом,
Йæ фыдгулы нæ уадзы худын!..

Æгъдау, рæстдзинад ын – зынаргъ,
Йæ сæрмæ худинаг нæ хæссы.
Нæ быхсы ехс æмæ паддзах, æнхъæлцау
Хурмæ дæр нæ кæсы...

Йæхицæн агуры хæлар,
Хæларæй та æрдхорд ыскæны.
Кæд мын æцæг фырт дæ, бындар,
Уæд зон хæрзиуджытæ бæр кæнын!..

Лæгæн-иу макуы ыскæн маст, –
Лæгау-лæг барон у, фæразон.

Æмбулы алы хатт дæр уарзт,
Æмæ рæвдауын, уарзын базон!..

Фыццаг дæ Фыдыбæстæ уарз,
Ирон дзырд макуы ныууадз рохы!..
Дæхи дæ адæмыл ныхас –
Сæ куысты уа, æви сæ тохы!..

Уæд мын æцæг фырт дæ, нæртон,
Дæ ирон ном – дæ хотых, уартау...
Куы басгуыхай, дæ цард, дæ бон,
Уыдзысты амонд æмæ фарнтау!..

***

О, Хур, дæумæ кæнын тæхуды,
Йæ хъарм кæмæн тавы æдзух!..
Куы уаид ахæм хъарм мæ уды,
Зæххыл дзы никæй уадзин цух!..

## КЪОСТАЙÆН

Ды, Къоста, фыййау уыдтæ, фыййау,
Мæгуырты фос бонлæвар фæхызтай.
Радта дын фыййауы ном Хуыцау,
Æмæ йæ нæртон лæгау фæхастай.

Хъуыст дæ зарæг хохрындзæй сæумæ,
Де 'ндон хъæлæс арыдта цъæх айнæг!
Хæхтæ дæр-иу 'рыхъуыстой дæумæ,
Салд цъити-иу батавта дæ зарæг.

Ехх, Къоста, ды амондджын фæдæ, –
Æз бæллын дæ фыййауы лæдзæгмæ...
Иу бон æй куы авæрис мæнмæ,
Иу бон æй куы фæхæссин изæрмæ.

Хохрындзтыл куы фæцæуин фыййау,
Æз дæ фарн куы банкъарин мæхимæ,

Иу рындзæй куы ныззарин дæуау,
Æмæ мын куы фехъуысид мæ Ирмæ!..

## ГУТОНДАР

Мæ сабибонты хуыммæ цæуын уарзтон,
Фæкодта мын æй гутондар зынаргъ:
Æз-иу ын сихор хызыны куы 'рхастон,
Уæд-иу мæ разы фестади цырагъ.

Хуыскъæл зæгъай, хуычъытæй мæ рæвдыдта,
Фæкодта-иу сæ ме 'рцыдмæ æмбырд.
Мæнæй уый дæр сæ муцъигай æмпылдта
Æрдæгыстъыгъд, æрдæгсæрфтытæй цырд...

Куы та-иу мæм йæ фæлмæн уис дæр радта,
Æууæндыдис мыл галтæрæджы куыст...
Мæ бецыкк мын йæ дæрзæг къухæй даудта,
Йæ амонæн, рæвдыд ныхас мæм хъуыст...

Фæскуыст та мæ йæ аргъæуттæй хынцыдта,
Йæ хъисфæндырæй диссæгтæ дзырдта,
Цæрæнбонты цы федта 'мæ цы зыдта,
Йæ кæстæрæн сæ дзуринаг хуыдта...

Ныр дæр мæ зæрдæ уый рæвдыдæй райы,
Мæ цардæн басгуыхт фарнхæссæг хуындзау,
Йæ нæртон зонд мæ цины малы найы...
Фæцис мын уарзон хи дзæбæх фыдау.

Æфсæн гутон нæ хъугомы куыд сагъта,
Куыд дзы тыдта цъæх уалдзæджы мæнæу,
Мæ уды дæр мын ахæм фæд ныууагъта,
Ныр дæр мæ бон йæ ферох кæнын нæу!..

## УÆДДÆР МÆ МАДÆЛОН ÆВЗАГ

Ис дунетыл мингъуызон æвзæгтæ,
Номдзыд ‘мæ æрдхæрæны хъæздыг,
Зæрдæйæн æхцон сæ дзырд, сæ зæлтæ,
Æз лæууын сæ кады раз уырдыг.

Фæлæ мын мæ зæрдæйæн æхцондæр
Басгуыхти мæ мадæлон æвзаг...
Æз куы хъусон абон æмæ сом дæр
Уый адджын дзырд, уый ирон зæлланг,

Уæд уыдзынæн амондджын æнусты,
Дзыллæты раз алхатт дæр – нымад.
Никæмæ нæ кæндзынæн тæхуды, –
Хъуысдзæнис мæ ингæнæй дæр зард.

## ÆЗ КÆЙДÆРТАУ НЕ ‘МБÆХСЫН МÆ ХЪУЫДЫ

Æз кæйдæртау не 'мбæхсын мæ хъуыды,
Царды хъæнтыл комкоммæ фæдзурын,
Хауын арæх уый тыххæй æлхъывды,
Фæлæ хатыр никæмæй фæкурын!..

Æз фæдомын барджынæй рæстдзинад,
Уый та сайын, хатыртæ нæ зоны.
Цардимæ мын иу ад кæнынц, иу ад...
Иу фæндаг сæм иумæ ис – зындоныл!..

Нæй, уæддæр æз не ‘мбæхсын мæ хъуыды, –
Цард нæ мад у, дзурын ыл хъæбулау.
Кæд фæтыхсын, бахауын йæ зынты,
Тавы та мæ уый уæддæр зынг хурау!..

## ИРЫСТОН – МÆ ЗАРÆГ

Мæ Ирыстон, дæ нæртон фарн – мæ уды,
Мæ рухс бæллиц, мæ ныфсы хох ды дæ.
Мæ амонд мæм дæ урссæр хæхтæй худы,
Зын – радзурæн, цы хæрзтæ мын фæдæ!..

Мæ Хуыцау дæ, цæрæнбон мын ды радтай,
Дæ хъæбысы æз байрæзтæн – нæртон.
Батрадзау мæ ды байсæрстай зынг-артæй,
Дæ ном мын у æрдхæрæйнаг, дæ ном!

Зæххыл цы ис хæрзиуæг æмæ фарнæн,
Фæндаг мын сæм ды амоныс æмраст.
Нæ цъæх уалдзæг, мæ дидинæгджын сæрдæн
Ды байтыдтай æхсидгæ цинтæ, уарзт!..

Мæ бур фæззæг, мæ урс зымæг дæ номæй –
Куырыхон ‘мæ бæркадарæх, фæрнджын.
Дæ номимæ рæстдзинадуарз иронæй
Æз тохы дæр – æнæсæттон, бæхджын!..

Мæ Ирыстон, дæ нæртон фарн – мæ уды,
Дæ ирон дзырд – мæ уды хъæр, мæ зынг.
Мæ фидæн мæм, иронау дзургæ, худы,
Лæууын лæгпосты уый кадæн уырдыг!..

Мæ Ирыстон, куыд бафидон дæ хæрзтæ?
Дæ кадаккаг цы саразон – зæгъ мын.
Мæ зарды сæр – дæ урс хæхтæ, дæ фæзтæ,
Дæ уарзт æмæ дæ сагъæстæй цæрын!..

## ИРЫСТОНЫ ЗÆРДÆ

Ирыстон, дæ зæрдæ куыд арф у, куыд æмбæхст, –
Цæуын æм, фæлæ йæм нæ арын фæндаг.
Дæ номыл, дæ кадыл мæ зарæг – уæнгæргъæвст,
Мæ сагъæс – дæ кадæн нæ комы аккаг!..

Ирыстон, дæ зæрдæ куыд уаз у, куыд сыгъдæг! –
Мæ уды нæ арын æз уый æмсæр уарзт.
Нæ фæдæн Къостайау дæуæн æз нæртон лæг,
Нæ хъуысы дæ риумæ мæ фæндыры хъазт!.

Ирыстон, дæ зæрдæ – æнкъараг, æнæхин,
Фæлывд фæндæгтыл æм ныххизæнтæ нæй.
Фæнды мæ, хъæбулау йæ къуымы куы цæрин,
Фæлæ дын цæй фырт и, цæй салдат мæнæй!..

Дæ сæрыл мæлæтмæ нæ цæуын фæдисæй,
Нæ хизын дæ дзугтæ сæумæйæ лæвар.
Нæ кæрзын хъæбулау дæ мастæй, дæ рисæй,
Нæ мын ис дæ номыл мæ кувæн дзуар.

Ирыстон, дæ зæрдæ – зæххы къори 'гасæй, –
Дæ уарзт дзы æхсиды цæджджинагау раст.
Нæ йын тарстæ никуы фæуынæй, фæлхасæй,
Хæлæрттыл, дзыллæтыл – парахатæй уæрст...

Ирыстон, дæ зæрдæ болат у, цæрдвæраз,
Æнусты дæргъы дæр æййафы рæхуыст!..
Уæддæр дын нæ фæхъæн, уæддæр дын – æнæлаз.
Зындоны арты дын фæлтæрдта, æхсыст!..

Лæгдзинад – йæ бæллиц, сæрибар – йæ зарæг,
Мæлæтмæ дæр худгæ, сæрбæрзондæй каст!..
Кæм ыскъуыд йæ мыггаг, кæм сæфтис йæ дарæг,
Гъе уым дæр нæ уагъта йæ зарæг, йæ хъазт!..

Ирыстон – лæгыстон, хъысмæтæй – æвдудон,
Дæ сæрыл фæзылди историйы цалх...
Дæ тугæй нæ сау зæхх кæм нæ дары хъулон!
Фæлæ дыл дæ фыдгул, нæй, не 'ркъуырдта къах!..

Ирыстон, дæ зæрдæ уæлвонг у, дæ армы,
Æнæвгъау ын тауыс дунетыл йæ уарзт.
Æдыхы, мæгуыры уæлдай буц рæвдауы,
Нæ Уастырджийæн дæр – хуыздæйрагæн барст!..

## ФЫДЫЗÆХХÆН

Æз уæ фырт дæн, уæ хъæбул, мæ адæм,
Æз уæ фарнæй лæггадмæ – цæттæ.
Æз куы бахъæуон тохы салдатæн,
Рæвдз – мæхæдæг, мæ хæцæнгæрзтæ!..

Æз – сæ фæдон скифтæн, алантæн,
Ныр Ирыстон – мæ ныййарæг мад.
Ахуыр, куысты уа, тохы – йæ кадæн
Æз хæсдзынæн нывондæн мæ цард!..

## ЦАРДЫ ФÆНДÆГТÆ

Ис фидæнмæ фæндæгтæ бирæ,
Ивгъуыдмæ иу фæндаг – мæлæт…
Кæцыйыл дзы цæуын мæ Ирмæ,
Кæцыйыл дзы зыны мæ фæд?!

Æви дæм, Ир, фæндаг нæ зонын,
Æмæ нæма разынд мæ фæд…
Уæддæр мæхи фæндараст хонын,
Кæй дæ мæ зæрдæйы æвæрд!..

Фæрнджын лæгау мæхицæн зарын,
Зæгъын: мæн ысты арв, уæд зæхх…
Мæхи паддзахы фыртыл барын,
Мæ фæндаг мæм кæсы уæрæх!..

Ныббар, мæ Ир, кæд дын рæдийын, –
Фæндаг мын бацамон ды раст,
Дæ фырты мауал бауадз чиуын, –
Мæрдтæй ыздахæг мын – дæ уарзт!..

## ИРÆЙ ИРМÆ

Ирæй Ирмæ фæндаг ацыд.
Мад дыууæ фыртыл ныттыхст.
Зæрдæ зары, зæрдæ зардзæн.
Амонд, амонд нæм æрцыд.

Ракасти нæ сæрмæ иу хур.
Иу – нæ абон, иу – нæ сом,
Иу уыд, иу кæддæр нæ бындур,
Иу уыдзæни, куыд æндон!

О, нæ зарæг, хæхты зарæг!
Риуы нал цæуы, тæхы.
Ралæууыд нæ цины уалдзæг
Рагон аланты зæххыл!

## НОГ УАЦМЫСТÆ

*БЫРНАЦТЫ Барон*

# САХАНДЖЕРИ ÆМÆ АМИНÆТ

*Радзырд*

**1**

Фæсивæд æрбамбырд сты уайтагъд, кæд дзы ног æрбализджытæ никæмæ фæдзырдтой, уæддæр æмæ ныр хъазгæ-худгæ æвдæлон кæнынц машинæтæй хæдзары дзаумæттæ. Сæ куыст кæронмæ куыд фæцæйхæццæ кодта, афтæ кæцæйдæр уарийау йæхи æрбаскъæрдта Саханджери йæ дынджыр зыгъар бæх Бердыл. Бæх сармацгаг кодта, стæй дзыхълæуд фæкодта. Барæг йæ цæст ахаста фæсивæдыл æмæ йæ цæстæнгас афæстиат æнæзонгæ чызджы рæсугъд цæсгомыл: «Ай, æнæмæнг, уыдоны чызг у», – ахъуыды кодта. Стæй уæд йæ бæхы æргом фæзылдта æдде дуармæ бадæг устыты къордмæ.

Йæ мад Нинæимæ ныхасы бацыд Бедуха – афтæ хуынд ног æрбалидзæг бинонты æфсин, – æмæ йын уæлбæхæй арфæ ракодта:

– Амондджын бынæттæ уын фæуæнт, Бедуха! Цæрынæй дзы бафсæдут. Фæлæ дын кæд дзæбæх чызджытæ нæй, уæд æз, æвæццæгæн æмæ фæфыдæнхъæл дæн. Рæсугъдты æз мæ удæй фылдæр уарзын, – æмæ та фæстæмæ йæ бæх фæзылдта фæсивæды `рдæм.

– Дæ низтæ бахæрон, Саханджери, дæ разы ис мæ чызг, дæ разы, æмæ, кæд дæ зæрдæмæ фæцыд, уæд æм мауал кæс, скъæфгæ йæ кæн, æрмæст фыдуаг у, æмæ дæ ма ныттонæд, – загъта Бедуха, æмæ ицуылдæр бахудтысты.

– Ныттонынæй мын ма фæтæрс. Ахæм гæдытæн Саханджери сæ хъавд хорз зоны: иу къухæй – æвзидгæ, иннæмæй – ахсгæ, – дзуапп радта Саханджери. Йæхæдæг комкоммæ ныккаст Аминæты цæстытæм.

– Саханджери, – чидæр æм йе ’мбæлттæй сдзырдта, – ныхæстæй мæгуыр не стæм, фæлæ ма дæ бæхы уаргъ дæхицæй фæрогдæр кæн æмæ нæм мæнæ фæкæс. Стæй-иу чызджыты койыл цу…

Саханджери йæ цæстæнгас Аминæтæй азылдта, чи йæм дзырдта, уымæ. Аминæт йæхинымæр арфæ кодта уыцы лæппуйæн, кæй йæ

фервæзын кодта Саханджерийы рæхойаг цæстытæй, уый тыххæй.

– Фæкæс, зæгъыс, Цæрай? – Æмæ та Аминæты фæсагъта йæ цæстытæ, стæй уæд фæдзырдта æххуысгæнæг чызджытæй иумæ:

– Мæдинæт, ардæм-ма рауай.

Саргъæй йæм æргуыбыр кодта, йæ хъусы йын цыдæртæ адзырдта.

– Хорз, хорз, æнæмæнгæй, – фæкодта Мæдинæт.

Уыйадыл та йæ цъæхдзаст хъоппæг цæстытæй ацагуырдта Аминæты. Иу хатт ма йыл сæ цæхæр бакалдта. Æмæ фæфиппайдта, чызджы цæсгомыл гадзрахатæй цæуæг арт куыд сирвæзт, уый æмæ йæхицæй бузныггагæй цæвæрдæр зæрдылдарæн ныфсимæ мидбылхудгæ фесхуыста йæ бæхы. Берды æнæуый дæр чысыл æфсон йедтæмæ нæ хъуыди, ноджы ма йын ехсæй иу куы сæргъæвта, уæд фатау атахти.

– Ныр æм фыццаг хатт чи фæхъусы, уый банхъæлы, ай цыдæр джауыртæй у, зæгъгæ. Афтæмæй йын æппын нæй зæрдæ сывæллонау. Кæд уæ исчи фæхатыдта, машинæтæм куыд бакæс-бакæс кодта, уый? Бирæ æвдæлонгæнинаг дзы кæй нал баззад, уый федта, æндæр та дысфæлдæхтæй балæууыдаид кусынмæ нæ фарсмæ ацы хатт дæр. Ахæм сæрылхаст у Саханджери. Цыфæнды хъуыддаджы дæр фæстæдæр никæмæй æрлæудзæни. Иу цыбыр дзырдæй, абоны цæстæй йæм ма ракæс, – йæ ныхас балхынцъ кодта Цæра.

– Цæра, цæвиттон, Аминæт æм цыма моймæ цæуы, афтæ бæстон ын радзырдтай Саханджерийы удыхъæд, – æрбадзырдта йæм Сона.

– Уæдæ æххæст февналæм. Нырма нын сæ мидæгæй дæр æрбæстон кæнын хъæудзæн, – загъта Цæра, æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта, – кæцæй фæзынди, кæ? Нæ куыст нын фæкъуылымпы кодта.

Иуырдыгæй, Аминæт цин кодта, Саханджерийы ныхсаг цæстытæй кæй фервæзт, ууыл, иннæрдыгæй та йын цыма йе 'взонг зæрдæйæ къæртт ахаста йемæ, афтæ зын ын уыдис йæ ацыд.

## 2

Дыккаг бон изæрæй, нæ ног цæрæн бынæттæн æртæ кæрдзынæй акувæм, зæгъгæ, йæ чысыл лæппуйы рарвыста Бедуха хæстæгдæр сыхæгтæм. Æрбатымбыл сты иуцалдæр лæджы. Аминæт æмæ сыхаг чызг Сона фынгтæ ацарæзтой, сæхæдæг цæхæрадонмæ рацыдысты. Уыд сабыр изæр. Чызджытæ бæлæсты бын сæхи бандоныл æруагътой.

Сона уайтагъд дзурыныл фæци:

– Ам тынг хорз у. Ардæм кæй æрбалыгъдыстут, Аминæт, ууыл фæсмон никуы фæкæндзыстут. Фæзил, фæзил, æмæ уæд мах хуызæн Ирыстоны æрдз никуы ис. Хъæд – хæстæг, фæзтæ – дидинæгджын, цъитидæттæ, уæлдæф –сыгъдæг, ног клубы кинотæ æвдисынц æрвылбон дæр. Æмæ уæд нæ адæм та, нæ адæм: цæстуарзон, фæкæсынмæ гæппæввонг, уæздан æмæ æрхъуыдыджын. Иу ныхасæй, куы ацæрай, уæд сæ дæхæдæг базондзынæ, – дзырдта ма Сона бирæ цыдæртæ.

Аминæт та стыр циндзинадмæ æнхъæлмæ кæсæгау касти, Сона а-ныр, а-уæд Саханджерийы кой дæр скæндзæн, зæгъгæ. Фæлæ йæ ног æмбал фыдæнæнгæнæгау хæстæг дæр нæ цыд уыцы хъуыдымæ. Æмæ уæд Аминæт бар-æнæбары рахызт мидныхасмæ: «Цымæ, ныр-мæ кæм ис? Нæ фарсмæ куы цæры, уæд нæм куыннæ æрбацæуы. Нæ йын æмбæлы, æви? – дзырдта йæ иу хъуыды. – Æмæ цæмæн хъуамæ æрбацæуа? Нæ йæ фæндыд æмæ не ’рбацыд», – дзырдта йæ иннæ хъуыды. Чи зоны, цас ма ахастаид чызджы хъуыдыты зилдухæн, мæнæ йæ Сонайы ныхас нæ фæурæдта, уæд:

– Мæ хойы хай, цæй, ныр æз цæуон. Бæргæ ма æмбæлд анхъæлмæ кæсын уазджыты сыстынмæ, фæлæ уыдон тæгъдты нæма уыдзысты. Мах та райсом Æнаимæ цæхæра къахынмæ цæуын хъæуы. Стæй æнæуый дæр æнафон у ныр. Дæ хорзæхæй, бахатыр мын кæн. Сомизæр та аныхас кæндзыстæм. Хорзæй уал баззай, – загъта Сона æмæ фæцæуæг.

Аминæт цæхæрадонæй хæдзары рудзынгæй мидæмæ бакаст уазджытæм. Æрмæст кæй агуырдта, уый се ’хсæн нæ разынд. Йæхинымæр æнæбары бахудт йæ митыл, ома, хъахъхъæнгæ йæ куы кодта уæдæй нырмæ, уæд ма цъиу фестад, æви йæ куыд нæ федтаид! Уыдæттæ куыд хъуыды кодта, афтæ йæ хъустыл сиренты къудзиты сæр-сæр ауад. Фæстæмæ уыциу зылд фæкодта, æмæ мæнæ йæ размæ рахызт цыдæр æндæрг.

– Ма фæтæрс, уый æз дæн, – загъта æндæрг, – æз мæнæ дæн, ды та мæ уым агурыс.

Базыдта Аминæт Саханджерийы йæ хъæлæсæй æмæ, цы акодтаид, исдуг уый нал зыдта.

– Дæ Хуыцауы тыххæй, тæрсгæ мæ фæкодтай, æви, куы ницы дзурыс? Дæхи æрæмбар, æз бирæгъ нæ дæн, мыййаг.

– Бирæгъ кæд нæ дæ, уæд цы хъуызыс, – æрсабыр Аминæт. Æмæ худгæ хъæлæсы уагæй загъта. – Стæй йæ цæмæй зоныс, æмæ дæу агурын?

– Бахатыр кæн, фæлæ ам бынтон æдас ран нæу: исчи нæ куы раййафа… Фæлтау цом æмæ, уæртæ уæдæй нырмæ кæм бадтыстут Сонаимæ, уым дын æй зæгъон, – загъта Саханджери æмæ фæраст бæлæсты бынмæ. Цыма афтæ æмбæлд, уыйау чызг дæр йæ фæстæ æнæдзургæйæ цыди.

### 3

Уалент æмæ Бухар дих кодтой кусæджы сæрыл цæхæрайы хуымтæ.

– Уæ хорзæхæй, йæ дзæдджынтæ мын бахай кæнут, – дзырдтой сæм иутæ.

– Чи мæм фæкæсдзæн, ахæмы раз мын хай раттут, – дзырдтой сæм иннæтæ.

Хъæлдзæг худт æмæ хъазæн ныхас хъуыст дардмæ сæууон уæлдæфы. Йæ хай бæлвырд кæмæн уыд, уыдонæй йын чидæртæ сæ сыфтæр кæрдын райдыдтой, чидæртæ та – къæхын дæр.

Аминæт æмæ йæ мад Бедухайы Сона ауыдта æмæ сæм æрбауад:

– Сымах дæр ам стут? Уый дын гъе! Æнхъæл нæма уыдтæн, æмæ афтæ тагъд рацæуыдзыстут. Аминæт, кæд цæуинаг уыдтæ, уæд мын дысон куыннæ загътай? – афарста йе ’мбалы Сона.

– Цы дын загътаид, мæ къона, нæхæдæг дæр æй нæма зыдтам, – йæ чызджы бæсты дзуапп радта Бедуха, – фæлæ Уалент райсомæй куы зылд адæмыл, уæд нын салам раттынæй уæлдай ницы ской кодта. Мæхæдæг ын загътон, Уалент, мах цæуылнæ хоныс кусынмæ? Æмæ, дам, уæ кæд, мыййаг, нæма æвдæлы. Абон нæ куыннæ ’вдæлы, сæ цæрæнбон, зæгъын, бирæ, нæ дзæбæх сыхæгты фæрцы бабæстæттæ кодтам, бафснайдтам нæ хæдзары дзаума æмæ ма, зæгъын, цы кусæм?

– Тыхсгæ мæ кæн, Бедуха, махмæ дæр лæг нæй, фæлæ нæ нæ сыхаг лæппутæ афтæ нæ ныууадздзысты. Æрмæст нын фæрсæй-фæрстæм куы уыдаиккой, уæд хуыздæр уыдид. Цæй, ницы кæны, мæлæты дард куынæ стæм кæрæдзимæ, – загъта сæ зонгæ ус Госæ.

– Цæй, куыд у? Уæ хай уæ зæрдæмæ фæцыд? – фæзынд сæ цуры Уалент.

– Куыд кæсын, афтæмæй, ацы зæхх æмхуызон хъæздыг у иуулдæр, иу хайæ иннæйы ʼхсæн, мæнмæ гæсгæ, ницы хъауджыдæр ис. Æрмæст йед… Хорз уаид сæ ракæрдын, науæд дзы азмæлæн нæй. Стæй ацы бæзджын кæрдæг тæригъæд у къæхты бын ныккæнынмæ, хъомæн та холлагæн æввæджиауы хорз у, – йæ уынаффæ бамбарын кодта Уалентæн Бедуха.

– О, уый уæлдай хорз уаид! –Уалынджы Аминæт ауыдта, тæргæ бæхæй хуымты кæрон фæндагыл Саханджери куыд æрбацæйтахт, уый. Чызджы зæрдæ цинвæдисы гуыпп ныккодта. Æмæ йæ сæр фæгуыбыр ласта æмæ къахыныл балæууыд.

– Уалент, мæ ног сыхæгтæн уазæджы хатыр уæддæр фæкодтаис, уайтæккæ сæ куысты сæр куы авæрдтай, – йæ бæх уромгæ, дзырдта Саханджери.

– Бæргæ сæ нæма уыдтæн ракæнинаг, афтæ сæхи бафæндыд, æндæр, – дзуапп ын радта Уалент, – фæлæ сын ды дзыхæй аудыны бæсты мæнæ ацы кæрдæг куы ракæрдис, уæд хуыздæр уаид. Сыхаг лæппу афтæтæ фæкæны.

– Æмæ уымæн ахæм рæстæджытæ ис?! Дысон дæр нæм не ʼртæ кæрдзынмæ куынæ ʼрбацыд. Кæм уыдтæ кæ, мæ къона, æви нæ дæ сæрмæ нæ хæссыс? – уайдзæфгæнæгау æй афарста Бедуха.

– Дысон, зæгъыс? А-а, дысон… хатыр, – дысон мæ иу хуыснæгæй нæ равдæлд. Цас æй фæхъахъхъæдтон. Йæ фæстæ бафтыдтæн. А ныр мæ къухты ис, куыд загътон, афтæ мæм йæхæдæг фæраздæр ис æмæ мæ тынг нырриуыгъта. Уый мын цы ʼгъдау у рагæй-æрæгмæ дæр: нырма хъуыддаг кæронмæ нæма равзарын, афтæмæй мæхи уæлахизхæссæгыл банымайын, – Уалентæн цыма дзырдта, уыйау, уыйырдæм кæсгæйæ, йæ ныхас кодта Саханджери.

– Уый æцæгтæ дзурыс, æви? – тыхстæй йæ афарста Бедуха.

– Кæмæ хъусыс ныр? Уый дын бындзæй пыл ацараздзæн, – сылгоймагæн дзуапдæттæгау бакодта Уалент æмæ фæцæуыныл.

– Бындзæй пыл бæргæ ацаразын. Ацы хатт та пылæй бындз арæзтон æмæ йæ, куыд фехъуыстат, афтæмæй, уый мæ бон нæ баци, – Уаленты фæстæ адзырдта Саханджери.

– Ома дæ истæмæй ныццавта, æмæ дыл бæрæг дæр куы ницæмæй у, – рафæрс-бафæрс æй кæны Бедуха. Йæ куысты æмбæлттæ Фена æмæ Ануфæ дæр æм хæстæгдæр балæууыдысты æмæ дзуапмæ æнхъæлмæ кæсынц.

– Дружиниккы куыст зын у, уæлдайдæр, Саханджери куыд кусы, афтæмæй. Стæ-ма, æцæгæйдæр дæ тынг ныццавта? – йæ алыварс æрзылди Ануфæ æмæ йæм ракæс-бакæс кæны.

– Цæф, ахæм цæфы фæдæн, æмæ ныр дæр ма йæ цæхæрæй мæ уадул нæ, фæлæ мын мæнæ ам судзы, – бацамыдта йæ риумæ Саханджери, йæхæдæг хинæйдзаг кастæй хъахъхъæны Аминæты. Йæ фæстаг ныхæстæм ын йæхи нал баурæдта, фæкасти йæм, ома, кæдæм амоны, зæгъгæ, æмæ тынг ныххудт чызг. Бахудт йæ мидбылты æхсызгонæй лæппу дæр.

– Чызг, дæ зонд фæцыди, æви цæуыл худыс? Лæджы кæмдæр чидæр маргæ кодта, дæуæн та худæджы хос у, – схыл кодта Аминæтмæ йæ мад.

– Омæ куыннæ бахуда адæймаг йæ ныхæстыл, цæвгæ йын йæ уадул ныккодтой, йæ зæрдæ та рисгæ кæны, – худгæйæ дзырдта Аминæт.

– Æмæ уый не 'мбарыс, сæлхæр, йæ зæрдæ уый тыххæй риссы, æмæ йæ чи ныццавта, уымæй йæ маст нæ райста, йæ къухы нæ бафтыд! – æмбарын кæны йæ чызгæн Бедуха.

– Уый нырма а лæппуйæ никуыма ничи аирвæзт! Мæ къухтæм æй хъæуы абон-райсом, – загъта Саханджери. Иу хатт ма фæкаст Аминæтмæ æмæ фесхуыста йæ бæхы. Аминæт æдзынæг каст йæ фæстæ. Уалæ Саханджери, йæ бæхы дæр æхххæст нæма æрурæдта, афтæмæй дзы æргæпп кодта. Иу чызг æм æрбазгъордта æмæ цæуылдæр ныхас кæнынц. «Цыма Мæдинæ у. Æнæмæнг, уый у. Кæсыс, кæсыс, махимæ та уæлбæхæй дзырдта. Знон дæр ын цыдæр сусæг ныхæстæ кодта. Æвæццæгæн, се 'хсæн цыдæр ис».

Æмæ, цыма йыл уазал дон бакалдæуыд, афтæ йæхи хъуыдытæй фæтарст Аминæт. Кæсы дарддæр: далæ иу лæппуйæ цæвæг райста уыцы чызг æмæ йæ радта Саханджеримæ, æмæ уый хæмпæлтæ кæрдыныл балæууыд. Уымæй дæр куыд арæхстджын риуыгъд кæны! Раст, бæхыл куыд аив бады, цæвæг дæр йæ къухты афтæ фидауы…

## 4

– Кæд ма исты зонын, уæд ай мæ хай у. Рахизæрдыгæй дæ хай уыди, Ануфæ, галиуæрдыгæй – дæу, Фена, астæуæй та – мæн. Цымæ нын æй чи ныккарстаид? Акæсут-ма, суанг нын йе 'мбисмæ карст у.

Ævæццæгæн, Уалент цы цыппар лæппуйы кой кодта, уыдон уыдысты. Æмæ ма йæ, цымæ, цафон ныккарстаиккой? Знон мах бынтон æрæджиаумæ ам куы фестæм. Абон уыдаиккой, æмæ нырма æхсæвы цъæх куы у. Мæйрухсмæ йæ ныккарстаиккой, æндæр куыд? – Дисæй мард Бедуха. Дисы бафтыдысты иннæ дыууæ усы дæр.

– Цыдæр æххуысгæнæг дын ис, нæ ног æмбал. Кæс-ма, кæс, мах хæйттæм куыннæ æрбарæдыд, – дзуры Ануфæ дæр.

– Дæлимонтимæ кæд исты баст дæ? – хъазæнæмхасæнты йæ афарста Фена дæр, æмæ æртæйæ дæр бахудтысты.

– Уæ сæ мад, сæ фыды фæллой сын хæлар уа. Ам, æцæгæйдæр, сыгъзæрин адæм куы цæры, – загъта Бедуха, – фæлæ кæмæн раарфæ кæнон? Куыдæй йæ базонон? – йе ’мбæлтты фæрсæгау акодта сылгоймаг.

– Рабæрæг уыдзæн фæстæдæр. Адæмæй ницы сусæг кæны, – загътой йын уыдон æмæ цæхæра къахын байдыдтой.

Аминæт базыдта, чи уыд уый, æмæ йæ зæрдæ дзæнгæрæг фестад. Ома сын кæй баххуыс кодта, уый цинæй нæ, фæлæ æндæр цавæрдæр бæрзонддæр æнкъарæнтæй ссыгъд чызджы риу. Фæлæ йын уыйбæрц ныккæрдын куыд бантыст?..

Уайтагъд йæ хъустыл ауадысты Цæрайы ныхæстæ: «Саламджери ныртæккæ йæхи куыд æвдисы, ахæм нæу. Йæ сæр бахъуыд, уæд йæхи нæ бафæсвæд кæндзæн».

Бынтондæр йæхицæн бынат нал ары Аминæт, Саханджерийы фендмæ бæлгæйæ. Фæлæ Саханджери дыккаг æмæ æртыккаг бон дæр нал фæзынд.

Æрмæст та æртыккаг бон уыцы æбæрæг чидæр ныккарста, сæ хайæ ма чи баззад, уыцы хæмпæлгæрдæг дæр. Ноджы тынгдæр сцымыдис сты Бедуха æмæ йæ куысты æмбæлттæ. Дисы бафтыд суанг Цæра дæр.

## 5

Фесæфт, фесæфт Саханджери: «Кæд мæ афтæмæйты дæ маст исыс, уæд уый æгæр уæззау æфхæрд у», – йæхинымæр ныхас кодта Аминæт. Уæлдай тыхст уымæй кодта, æмæ дзы кæй бафæрса, уый нæ зоны, – кæмæ бауæнда, кæмæ бацæуа. «Изæры, изæры Сонайы æнæ бафæрсгæ нæй, уадз, æмæ мыл худæд. Кæд уый тыххæй фегад уон, уæд уадз æмæ фегад уон», – фидарæй скарста чызджы зæрдæ.

Куыддæр куыстæй æрцыд, афтæ тагъд-тагъд йæхи арæвдз кодта, ныр фæраст уа, афтæ дуарæй худгæ æрбахызт Сона. О, уæлдай цин ыл бакодта ацы изæр Аминæт.

– Æз та ма дæумæ цæуинаг уыдтæн, æмæ дæхæдæг фæраздæр дæ, – нæ басусæг кодта йæ хъуыды Аминæт.

– А, уый Сона куы дæ, мидæмæ, мидæмæ, мæ къона, æвæджиауы цæхæраджынтæ ракодтон. Рацу, цалынмæ тæвд сты, уæдмæ дзы ахæр, – къæбицæй рахизгæйæ, хуыдта Бедуха Сонайы.

– Хæрдджын дæн, фæлæ, цæхæраджынтæ бирæ кæй уарзын, уымæ гæсгæ сын сæ дзаджджынтæй ахæрдзынæн, – бахудт Сона æмæ фæраст Бедухайы фæстæ. А ныр къæсæрыл бахиза, афтæ фæлæууыд, фæзылд Аминæтмæ æмæ йæм дзуры:

– Ды та рæвдздæр дæхи адзæбæхтæ кæн. Ацы изæр клубы диссаджы кино цæуы, æмæ йæ, зæгъын, фенæм. Ацы цæхæрайæ нæ кинотæм дæр нал æвдæлы.

– Ой, уæ бонæй уат, ныры фæсивæд, кинотæ æмæ сын театртæ, стæй хъазтизæртæ йедтæмæ мацы ратт! Кино та цы у, кино? Дзæбæх фын куы фенай, уæд дын уый кино, – фынгыл чъиритæ æвæргæйæ, дзырдта Бедуха.

– Æмæ кинойæ хуыздæр та цы ис! Стæй дын, уадз æмæ, дæ чызджы адæм базоной. Нырма иу хатт дæр нæма уыд клубы, – дзырдта, хæргæйæ, Сона.

– Æз ницы зæгъын, фæлæ уым æнуды бадыны бæсты фæлтау дзæбæх бафынæй кæн, уый хуыздæр нæу? Афтæ уæхи пайдайæн дзурын, – Сонайы фарсмæ æрбадт Бедуха дæр.

Уæдмæ æрбахызт Аминæт.

– Уый дыл диссаджы къаба куы ис! Бынтон ныррæсугъд дæ. Цу æмæ цауддæр исты акæн. Науæд дæ, мæ хур, исчи куы аскъæфа, уæд мæ дæ мад чызг агурдзæн, æмæ йын æз кæцæй æрхæсдзынæн ахæм рæсугъд чызджы…

– Киномæ, зæгъыс? Цæй, лæууæм абон, райсом ацæудзыстæм, – загъта Аминæт.

– Æвæццæгæн, дæхицæн æцæгæйдæр фæтарстæ аскъæфынæй. Цом-ма, цом, æз демæ куы уон, уæд дæм ничи бауæнддзæни, – худти Сона.

– Нæ… Куыддæр мæ нæ фæнды, – æцæгдæр нæ разы кодта Аминæт.

– Ой, гормон, уый та куыд? Чызг, цæвиттон, дæу тыххæй æрбацыд, ды та… – сбустæ йыл кодта Бедуха.

– Бедуха, уадз æй, нырма нæ хъæуы уазæг у, æмæ ацы хатт йæ фæндон фæуæд, – загъта Сона æмæ сыстад. Иу карст цæхæраджынтæй йæ къухы райста æмæ Аминæтимæ чысыл цæхæрадонмæ ахызтысты. Сона хæрд куы фæци, уæд дзуры Аминæтмæ:

– Мæнæ чызг, ацы фæстаг заманты дæ чемыл нæ дæ. Цыдæр æнкъард кæныс. Æвæццæгæн, кæм цардтæ, уым уарзон ныууагътай, æмæ йæм дæ зæрдæ ахсайдта. Æви дæм ам хорз нæ кæсы?

– Ныууадз ма мæ, дæ хорзæхæй! Ам æз бæргæ хъæстаг ницæмæй дæн, фæлæ мæхæдæг цыдæр катайаг сдæн, æмæ йæ не 'мбарын, цы кæнын, уый, – æфсæрмхуызæй загъта Аминæт æмæ Сонайыл йæхи бакъул кодта.

– Иугар чызг афтæтæ куы байдайы, уæд уый уарзондзинадæй вæййы. Мæн дзы нæ асайдзынæ. Æз æй мæхицæй хорз зонын. Уæвгæ, Хуыцау дын уый ма бавзæрын кæнæд, æз цы ныууыдтон æнæхъæн дыууæ азы! Фæлæ, уыныс дæхæдæг, ацыд уарзт, æз та ма ныр дæр æгас дæн…

– Радзур ма йæ бæстондæр, – æрхатыд æм Аминæт.

– Æмæ мыл дæхи худæгæй куыд схæссай…

– Уый та куыд? Мæнмæ худæг нæ кæсы искæй уды хъизæмар.

– Уæдæ хъус: æз уæд дæсæмты ахуыр кодтон. Ардæм нæм иу киномеханик æрцыд. Цы бон æй федтон, раст уымæй фæстæмæ мæ зæрдæ сагъæссаг фæци. Хъæуа-нæ хъæуа хъуамæ-иу истæй 'фсон клубмæ бауадаин, кæд мæ лæппу æппындæр нæ хъуыды кодта, уæддæр. Уæд сфæнд кодтон, мæхæдæг ын æргом зæгъон мæ хъуыды. Иубон ме 'мбал Замирæтимæ æнхъæлмæ кæсын лæппумæ. Кинойы фæстæ адæм иууылдæр рацыдысты. Æрæджиау клубы цырæгътæ æрхуыссыдысты, æмæ уæртæ фæзынд Хазби, – афтæ хуынд йæ ном.

– Чызджытæ, ам цы лæуут? Æви дыккаг сеансмæ æнхъæлмæ кæсут? Мæ бон у, æмæ ма уын æй иу хатт равдисон.

– Мæнæ, зæгъын нæ ды кæд нæхимæ акæнис, науæд нæхæдæг нæ уæндæм, – афсон кодта Замирæт.

– О, ахæм рæсугъд чызджыты æз уалæ мæймæ дæр схæццæ кæндзынæн. Цомут-ма, уæдæ, цомут, – зæгъгæ фæкодта Хазби æмæ не

’хсæн балæууыд. Нæ дæлæрмтты нын йæ къухтæ фæтъыста æмæ ныл размæ ахæцыд. Æрхауынмæ мæ бирæ нал бахъуыд.

Фæндагыл нын бирæ худæджы ныхæстæ фæкодта, фæлæ мæм иуул дзырдтæ нæ хæццæ кодтой, хорз мæм нæ хъуыстысты мæхи мидныхасæй. Æз катайыл сдæн: «Ныртæккæ, зæгъын, Замирæт сæхимæ куы бацæуа (æз чысыл дарддæр цардтæн) æмæ, зæгъын, æз иунæгæй куы аззайон лæппуимæ, уæд куыд кæндзынæн, мæ уарзт ын куыд раргом кæндзынæн?..

– Æз нæхи раз дæн ныр. Фæлæ дыл ме ’мбалы фæдзæхсын. Хæрзæхсæв ут, – арфæ нын ракодта Замирæт, стæй йæ къух афæлвæрдта Хазбийы къухæй суæгъд кæныныл. Хазби йын æй суагъта æмæ загъта:

– Цæй, æххæст демæ Сонайы схæццæ кæнæм…

Замирæт ницуал сдзырдта, махимæ рацыд. Цалдæр мæйы фæстæ Хазби æмæ Замирæт Бухарамæ афардæг сты…

Æз сæ иумæ дæр нæ мæсты кæнын. Стæй сæм цæй тыххæй хъуамæ мæсты кæнон? Цы ахосджын сты? Фæлæ йæ мæ бон нæ уыд ферох кæнын æнæхъæн дыууæ азы. Суанг ма йæ мæ фынты дæр уыдтон. Æвæдза, ныр дæр мæ бынтон нæ ферох ис. Уыцы хъуыддаджы æз тынг хæлæг кæнын Саханджеримæ. Æй, тæхуды, уый зæрдæ мын куы уаид! Кæй фенай, уый та бауарз.

– Саханджери, зæгъыс? Æмæ Саханджери цы кæны? Радзур ма, цавæр зæрдæ йын ис, – йæхи нал баурæдта Аминæт.

– Нæ хо, ма йæ бауарзай! Æгæр фæрæвдз дæ йæ коймæ. Дæхи дзы бахиз, уый ныркккон Дон Жуан у, кæд æм лæгдзинæдтæ дæр бирæ ис, уæддæр.

– Радзур-ма, радзур, цавæртæ? Мацы дæ ферох уæд, цыдæриддæр дзы зоныс, уый радзур.

– Саханджери куыд фæзæгъы, уый зоныс: тæхуды, æмæ, дам, зæрдæйæн адихтæ кæнæн куы уаид! Æз, дам, уæд мæ зæрдæ æппæт чызджытыл байуарин. Æвæдза, уыцы аипп æм нæй, уæд, цымæ, йæхицæй лæгдæр уаид. Чи йæ амбулид кусынмæ, æгъдау раттынмæ. Ноджы ма йæм иу диссаджы миниуæг ис: мæт ницæуыл кæны. Дыууæ азы хъæуæй иу-авдæй, уый размæ азты чи никæдæм бахауд, уыдон иумæ фæкæнæм экзаментæ. Чызджытæй чи нæ бахауы, уыдон кæугæ рацæуынц, лæппутæ та сæ сæртæ æруадзынц. Саханджери та худгæ рацæуы. Афтæмæй ныр æртæ азы дæтты экзамен æмæ, дам,

10 азы куынæ хаон, уæддæр, дам, уырдæм цæудзынæн – мæн дам, юрист йедтæмæ ницы хъæуы. Æмæ ахæм у: цы сфæнд кæна, уый йын нæй æнæ саразгæ. Стæй, цы куыст кæна, хъуамæ уый арвы онг сиса. Донласæгæй куыста æмæ йæ уый онгты систа, æмæ йæм йе ’мбал лæппутæ хæлæг кæнын райдыдтой. Чидæртæ ма дзы афтæ дæр дзырдтой, уый, дам, куы зыдтаиккам, ахæм диссаджы хъуыддаг у донласæджы куыст, уæд, дам дзы мах нæ куыстаиккам, нæ разы, дам, нæ уыди, æви.

Уæдæ ныр дæр та, дæхæдæг æй зоныс, дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр – дружинник, фæлæ ма йæм бакæс, – кънйазы цыдæй нæ рацæйцæуы йæ бæхыл. Ам дæр та йæм цы фау æрхæсдзынæ, – быдыры хуымтыл цъиу абадын дæр нæ уадзы.

Уæдæ фæдисы хъæр фæцыди, зæгъгæ, уæд æй зонгæ та куыд тагъд бакæны: хъуамæ уайсахат уым балæууа. Фарон сæрды сывæллæттæ артæй хъазыдысты далæ Садуллæты раз. Чи вæййы хъæуы, сæрдыгон бон куыстæй кæй февдæлы, зæрæдты йедтæмæ, цæстдард нæ фæци сабитæм, æмæ сын сæ арты зынг куыддæртæй тапкайы сæрмæ схауд. Ныггуыпп кодта топпы хосау хус хъæмп – хъæмпæй æмбæрзт уыд тапка. Арт уырдыгæй сарамæ баирвæзт. Сара хæдзармæ æмныхæст уыд. Хъуамæ сау фæнык фестадаиккой, Саханджери, зæгъгæ, нæ фæзынд, уæд. Йæхи, дам, арты гуылфæны баппæрста. Кæм донæй, кæм фæрæтæй архайгæйæ, уайтагъддæр арт ахуыссын кодта.

Æмæ науæд… Стæ-ма, Саламджерийы йедтæмæ нын ныхасæгæй ницуал ис? Кæд та нæм искуыцæй хъусы, уæддæр, уымæн, æнхъæл кæм нæ уай, уым дæр разыны.

– Бæргæ, бæргæ куы ма фæзынид! Ныр авд боны кæм ис, уый бæрæг нæй, – йæхи та нал баурæдта Аминæт.

– Нæ загътон, нæ, бауарзтай йæ! Куыд бæлвырд æй зоныс, цал боны йæ нæ федтай, уый дæр! Дæхиуыл хæц. Намæ уый Саханджери куы фембара, уæд дæ хъазæн хъул сараздзæн. Ма йын раргом кæнай дæхи…

– Куы ма фæзынид, куы ма йæ фенин! Кæд мæ адзал уымæй уыдзæн, уæддæр… Стæй, Сона, ахæм хъæбатыры куы бауарзай уæд уым æвзæрæй цы ис? Фæлæ кæм ис? – ныуулæфыд Аминæт.

– Уый та цыдæр æрхъуыды кодта, хуымæтæджы æнæзынгæ та нæу, – æмæ ма цыдæр зæгъинаг уыд Сона, фæлæ йæ Аминæт фæурæдта:

– Цыдæр радзуринаг ма дзы куы уыдтæ. Нæ дæ ныууадздзынæн, цалынмæ мын æй радзурай, уæдмæ.

– Мæнæ цы тыххæйгæнæг ис! Хъус, уæдæ. Уый мæнæ мæй раздæр уыдис: раст æмбисбон хабар айхъуыст хъæуыл. Мæдинæты, дам, æвæндонæй фескъæфынц цæвæрдæр къулбадджытæ. Лампутæ афæдис кодтой. Фæлæ уайтагъд фæстæмæ фæзылдысты. Саханджери хъæугæрон йæ бæхыл сæ ныхмæ фæци, йæ фæсарц Мæдинæт, афтæмæй. Кæмдæр скъæфджыты ныййæфта æмæ сын æй байста. Адæмы дæр, чызджы мад æмæ фыды дæр хорз фæхудын кодта. Æз, дам уын уæ хъæбулы цардæгасæй, æнæфыдбылызæй сæмбæлын кодтон. Æцæг, дам æй ам нæ раргъæвдзынæн, комкоммæ, дам æй ласын нæ тæккæ хæдзармæ, æз, дам æй байстон, æмæ, дам, хъуамæ ныр мæн уа! Йæхицæн дзы æфсымæр загъта Мæдинæт. Æмæ кæрæдзиуыл, æцæгдæр, хо æмæ 'фсымæрау æнувыд сты. Уæдæ дæхæдæг дæр уый зоныс, – уыйадыл Сона фестад, ныххудти æмæ лидзынмæ фæци.

Аминæт ма йæ фæстæ бæргæ разгъордта, фæлæ йæ нал баййæфта. Баздæхт фæстæмæ йæ уатмæ. Йæ дзаумæттæ дæр нæ раласта, афтæмæй сынтæгыл йæхи æруагъта æмæ ахъуыды кодта: «Уæдæ æз загътон, мæн йедтæмæ йæ ничи зоны, Саханджери нын кæй ныккарста нæ хуымы сæртæ, стæй йын Мæдинæт дæр кæнгæ хойæ дарддæр кæй ницы у», – æмæ циндзинады мидбылхудтимæ афынæй.

## 6

Тыхсы Аминæт. Йæхицæн бынат нал ары. Саханджери кæй нал зыны, уый тыххæй сагъæсты бынтон бафтыд.

Нал-иу уыд кæрон бонтæн дæр. Уæдмæ скъахтой бирæтæ сæ цæхæра. Фесты сæ хæйттæ Ануфæ æмæ Фена дæр. Фæци йæ хай Бедуха дæр. Аминæт йæ мадимæ фæкæсынмæ баздæхтысты Сонатæм. Æрмæст машинæмæ авгæнын ма баззад уыдонæн дæр сæ цæхæра. Дыууæ чызджы ауагътой сæхимæ сæ ныййарджыты, нæхæдæг, дам, сæ бавгæндзыстæм. Сымах та, дам, нæ ныццыдмæ уæлибæхтæ ракæнут.

Фæстаг цæхæратæ ма баппæрстой, æмæ машинæ араст. Фæссихорæй ахызт рæстæг, фæлæ нырма тæвд уыд. Нæхи ахсæм, зæгъгæ, чызджытæ доны былмæ ныххызтысты. Пыхсбыны бæзджын кæрдæгыл æрбадтысты.

– Гъеныр дын чындзы цæуынмæ дæр бар ис. Цæхæра æфснайд фæци. Цы ’фсон ма скæндзынæ ныр та? – бакъуырдта йе уæхскæй Сона Аминæты.

– Æмæ дын цæхæрайы аххос кодтон нырмæ? Стæй кæмæ фæцæуон? Мæ уындæй æмбæхсгæ чи кæны, уымæ? – æрхæндæг хъæлæсæй загъта Аминæт.

– Нæй… уæддæр æй уарзыс, уæддæр ыл дæ зæрдæ нæ ивыс. Дæ бар дæхи, фæлæ Сахандҗери уарзтæн гуырд нæу, ома æцæг уарзтæн. Бинойнаг кæмæй зæгъа…

– Уарзгæ нæ, Сона, фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма æнæ уый цæрын мæ бон нæ бауыдзæн. Нырмæ иу афтæ загътон, цæлынмæ ахуыр скæнон, уæдмæ мын чындзы ацæуæн нæй. Фæлæ мын ныр Сахандҗери æрмæстдæр æфсоны загъд дæр куы кæнид, кæнæ мын æй иучысыл истæмæй куы бамбарын кæнид, уæддæр йæ фæстæ алидзин. Уый онгты сдæн. Мæ царды ссæдз азмæ уый нæ бавзæрстон, ныр цалдæр бонмæ зæрдæрыстæй цы федтон. Мæнæ куыд æвирхъау у уарзт!.. Мæнæ мыл куыннæ ауæрды, мæхи ма дзы цы фæкæнон, уый нал зонын...

– Алæ-ма, кæугæ кæныс, æви? Цы хабар у? – йæ сæр ын йæ риумæ æрбайсгæйæ æмæ йын йæ цæстытæм æдзынæг ныккæсгæйæ, афарста Сона Аминæты. – Ай ма мæнæй æррадæртæ куы ис. Дæ цæссыгтæ рæвдз асæрф, нæуæд дæ афтæмæй куы ’рбаййафа Сахандҗери, уæд та йæ фындз арвыл сæвæрдзæн.

Раст тæккæ уыцы сахат бæхы къæхты хъæр ауад чызджыты хъустыл.

– Дæхи адзæбæхтæ кæн, фæзынди дæм. Лæхъирхуызæй ма равдис дæхи йæ разы. Уый чысыл æфсон йедтæмæ нæ хъæуы, – фæдзæхсы йе ’мбалæн Сона æмæ йын йæ цæссыгтæ асæрфта, стæй йын загъта:

– Уый дæлимонтæй уæлдай нæу, цыма зæххы бынты фæцæуы, афтæ æваст февзæры адæймаджы раз.

Мæнæ æцæгдæр сæ уæлхус алæууыд Сахандҗери. Чызджытæ фæгæппытæ ластой.

– Кæд исчи афтæ фенхъæлы, æмæ æз хынджылæг фæкæнын. Мæ къухтæм æй хъæуы, зæгъгæ уын нæ дзырдтон уыцы хуыснæджы, – загъта Сахандҗери æмæ æртæррæст ласта йæ бæхæй. Аминæты бирæ нал бахъуыд бауадзыгмæ.

– Кæм уыдтæ, кæ, нырмæ? Уыйбæрц дын цы кодтон? Цæмæн мæ æмбæхсыс? – тыххæйты ма йæм сфæрæзта.

Ацы фæлмæн кæуынæввонг ныхасыуаг Саханджерийы хъаруджын къухтыл, чызгмæ февнæлынмæ кæй фæцæттæ кодта, уыдоныл цыма хъадамантæ авæрдта, уыйау сæ фæстæмæ уырдыгмæ æруагъта. Чызджы сырх уадултыл бынмæ æрызгъæлдысты цин æмæ уарзты цæссыгтæ. Бынтондæр æрсаст, æртад Саханджерийы хъæддаг зæрдæ. Исдуг йæ бынаты лæугæйæ баззад.

Аминæт ын йæ цæстытæм ныккаст æмæ йыл ныттыхсти. Саханджери сындæггай йæхи суæгъд кодта, фæуад йæ бæхмæ, йæ фæдыл æй раласта. Йæ дæлармы æрбакодта Аминæты æмæ йын йæ хъусы бадзырдта:

– Нæ зонын, куыд дæм фæкæсдзæн, фæлæ æз абонæй фæстæмæ дæу дæн. Кæд дæм барвитон мæ минæвæрттæ? – афарста Аминæты æмæ йын йæ дзуапмæ дæр нал банхъæлмæ каст, афтæмæй фæсидти кæмдæр пыхсы бын æмбæхсæг Сонамæ.

– Цы фæдæ, де 'мбалы кæмæн ныууагътай? – йæхæдæг Аминæты фелвæста æмæ йæ бæхмæ сæппæрста.

– Мæнæ дæн, мæнæ æз дæр, – пыхсы бынæй йæ сæр радардта Сона. Аминæт саргъæй æргæпп ласта.

– Ма та-иу фесæф, – дзуры лæппумæ. – Ма та-иу мæ ферох кæн, уæд мын æнæ амæлгæ нал уыдзæн. – Æмæ цингæнгæ Сонамæ базгъордта. Цалынмæ чызджытæ къардиуы ауон нæ фесты, уæдмæ сæ фæстæ каст Саханджери. Стæй йæ бæх иннæрдæм фæзылдта æмæ доны фæллаг фарс фæци. Уæлбылмæ дугъæй стахт. Иу хатт ма акаст чызджытæм, иу хатт ма сæ æрцахста йæ цæст, æхсызгон худт бакодта æмæ рог сæппæй нартхоры кæрæтты заргæ фæраст и.

Ныгуылæны хур æм йæ уæрæх мидбылты худти.

# КРИТИКÆ

*ХОЗИТЫ Барис*

## СЛÆУУ ДÆ ХÆХТЫ АСЫ ’МБÆРЦ, ИРЫСТОН!

Кæддæр Ленинграды паддзахадон университеты журфакы куы ахуыр кодтон, уæд нæ семинары разамонæг профессор Булацаты Хазби (дзæнæты бадæд!) афтæ фæдзæхста: *«Искæй сфæлдыстад дæхи æрмдзæфы хуызæн куынæ ’нкъарай, уæд дын уымæн аргъ кæныны бар нæй!»* Мæнæн ма ахуыргæнæгæй уæлдай ме ’мзæххон дæр кæй уыд, уымæ гæсгæ мæм йæ ныстуан ныхас иннæ студенттæй тынгдæр бахъардта. Æмæ ног чиныг кæнæ къухфыст мæхимæ куы æрбаввахс кæнын, уæд уайтагъд мæ зæрдыл æрбалæууынц йæ ныхæстæ. Æмæ та мæ кæйдæр сагъæстæ иннæрдæм ахизынц. Хæрзæрæджы мæ ахæм сагъæстыл бафтыдта Хъазиты Мелитоны чиныг «ЦАТЫР». Мæ размæ дæр ыл ныхасгæнджытæ уыд, бирæ хорз ныхæстæ загъд æрцыд амынд æмбырдгондыл. Фæлæ мæ æрдзурын фæнды, рохуаты сæ цы хъуыддæгтæ аззад, уыдоныл. Æмæ, æвæццæгæн, уым уадиссагæй ницы ис. Суанг стыр иртасæн чиныджы рацыды фæстæ дæр цыдæр æнæлыггонд фарстытæ баззайы. Стæй ме ’рмæджы фæзынды фæстæ дæр, мæнæн æнæзагъдæй чи баззайа, уыдоныл дæр дзурджытæ фæзындзæн. Æмæ уым æвзæрæй ницы ис. Хорз чиныг алкæй дæр хоны сагъæс кæнынмæ.

Зындгонд ирон фыссæг РОКСАЛАН (Хъазиты Мелитон) йæ поэтикон уацмысты чиныг *«Цатыр»-мæ* бахаста, дæсгай азты хуыздæрæй цы ныффыста, уыцы æмдзæвгæтæ, кадджытæ, вариацитæ (Къостайы уацмыстæн), диптихтæ, триптихтæ, драмон аргъæуттæ æмæ драмон кадджытæ (æмдзæвгæтæй фыст) æмæ æндæртæ. Иууылдæр сæхимæ здахынц чиныгкæсæджы хъусдард. Сæ дзæвгар хай уымæй размæ дæр мыхуыргонд уыдысты Ирыстоны алыхуызон мыхуыры фæрæзты, фæлæ сæ ныр автор бæрæг уагæвæрдыл куы равæрдта æмæ сæ иу цъары бын куы рауагъта, уæд сæ хуыз скалдтой æмæ цæсты ахадын райдыдтой бирæ хуыздæр. Кæд раздæр дурты хицæн рæдзæгъдты хуызæн уыдысты, уæд ныр, цыма сæ нымæтын ехсæй исчи æрцавта, уыйау дзы гæнахы къулты хуызæн алчи дæр йæ бынат рæсугъдæй ссардта. Поэты гæнах рауадис бирæуæладзыгон.

Дыууадæстæнон фæндыры хуызæн аив зарæг райхъуысти алы уæладзыгæй дæр. Уыимæ, Мелитоны сфæлдыстадон гæнах ахæм цæстуынгæ егъау разынд, æмæ йæ бæрзондæй чиныгкæсæгмæ ирдæй разындысты канд Чъреба, Чысангом, хæхты сæрмæ хур нæ, фæлæ, «рæстаг лæгæн фæцæрæн" æнæ кæй нæй, ахæм бæстæ. Нæ арф кæмтты «Айзæлд», «Уæззау дуджы хъынъцымтæ», уарзæтты сусæг «сыбар-сыбур», уæлмонц уды «Стъæлфæнтæ», «Сæууон æртæхты» сатæг, Къостайы уацмысты «вариацитæ», фыдæлты «кадджытæ», адæмон «аргъæутты» куырыхон хъæлæс. Фæлæ уыцы дыууадæсуæладзыгон гæнах дæр автормæ фаг нæ фæкаст æмæ йын йæ сæрыл байтыгъта йæ «ЦАТЫР».

Ивгъуыд æмæ абоны æмиуадæй ратæдзы, зæрдæйы уидæгтæ чи агайы, ахæм хæрзхъæд æмæ хæрзæгъдауджын поэзийы суадон. Хъазийы-фырт, куыд ирон поэт, афтæ фыссы цард æмæ мæлæт, уарзт æмæ фидæн, æрдз æмæ адæмыл. Йæ уарзондæр темæ та у адæймаджы миддуне, йæ удгоймагон иунæгдзинад. Стихамайæг æнæрлæугæйæ сагъæс кæны, цæмæй сбæрæг кæна, царды цы нæма бавзæрста, уый. Мелитон йæхирдыгонау æнкъары, æрдзы уæлцъар цыдæриддæр змæлы, уыдон. Алкæй тыххæй дæр æм ис йæхи хъуыдытæ, йæхи бæрæггæнæнтæ, йæхи хатдзæгтæ. Уыимæ, цыдæриддæр фыссы Хъазийы-фырт, уымæн ис йæхи æвзаг, йæхи ныхасыздæхт æмæ йæхи фæлгонцад.

Ранæй-рæтты йе ’мдзæвгæтæн ис вазыгджын мидисамад, æмæ сын æвиппайды бамбарæн нæ вæййы. Уыдоны нæй хиæмбарынады уылæн схонæн, нæй сын сæнттимæ абарæн дæр. Уымæн æмæ сæ лирикæйы сатæг хус кæнын нæ уадзынц. Уыдон сагъæс æмæ хъынцъымау æмбæрстгонд цæуынц цадæггай. Авторы фæстæ чиныгкæсæг дæр уырзæй сгары йæ алыварс дуне æмæ дзы агуры йæхи бынат. Æмæ поэты зæгъинæгты тигъæй куы æрбакæсы, уæд дисæй амæлы, нырмæ сыл уымæн йæ цæст куыд никуы æрхæцыд, ууыл. Уыцы иу рæстæджы авторы бирæ хъуыдытæн ис зæххон удысконд – *«цатыры кæттагыл»* бирæ ис хъæуты, горæтты æмæ адæймæгты нæмттæ. Суанг абстрактон æмбарынæдтæ (уарзт, амонд, рæсугъддзинад) авторæн сты бæрæг-бæлвырд ныхæстæ. Уæдæ, адæмон ныхас бæрзонд литературон æвзагимæ куыд æрдзон хуызы баиу кæны Мелитон, уый дæр у хицæн хатдзæгты æрмæг. Поэт уæндонæй йæ рæнхъæвæрды архайы иллюзитæ æмæ аллитерацитимæ. Уыимæ, йæхи тыхлæмæрст нæ кæны, фæлæ хъавгæ, арæхстгай нывæнды рæн-

хъæвæрды фæлдзусад æрмдзæф. Ацы мадзалæй Хъазийы-фырт уæлдай арæх пайда кæны уарзты темæйыл фыст æмдзæвгæтæ æмæ кадджыты. Ам Мелитоны уацмысты ис цыдæр æнахуыр азæлды æхсызгондзинад дæр. Поэт йæ фыстыхъæды пайда кæны комкоммæ ныхасæй, хъуыды кæны куырыхон лæджы уагæвæрдтæй.

Автор – лирикон хъайтар – алцы дæр аразы æххæст зæрдæйыуаг æмæ æххæст хъомысæй: хъаст дæр, цин дæр, маст дæр... Уый хæстæг лæууы йæ чиныгкæсджыты зæрдæты ахастмæ, æмæ йын йæ хъайтар-тыл уымæн узæлынц. Стихамайæгæн йæ уацмыстæ лæмбынæг æмæ цымыдисæй каст куы цæуой, уæд æй аивады бардуагæй стырдæр амонд нæ хъæуы.

Хъазийы-фырт ирон поэзийы йæ бынат абон æмæ знон не 'рцахста. Фæлæ уыцы бынат æнусон нæу: æрвылбоны удвæллой йæм куынæ хæс-сай, уæд дыл йæхи атигъ кæндзæн. Æмæ фæлтæрдджын автор поэзийы раз йæ хæс хорз æмбары æмæ та уæхскуæзæй бавналы фæлдисынмæ. Раджы баззадысты азфысты тæрхæджытыл йæ раздæры фæлтæрæнтæ. Абон йе сфæлдыстадон тыгъдады быцæу ныхас кæнынц поэтикон уынынады цæстæнгас æмæ царды прозæ. Ахæм зæрдæйы уавæрыл басæттынц йæ чиныгкæсджытæ дæр. Уыцы цымыдисы фæрцы зынгæ фæуæрæхдæр сты йæ аивадон æрмдзæфы авналæнтæ. Æмæ сæрдыгон бонау сбæрæг, йæ поэзи цардхъомыс адæмы зæрдæйæ кæй исы, уый. Уыимæ, монон æфсисад исы иу нæ, фæлæ цалдæр *«тугдадзинæй»*. Уый фæрцы йæ уæлмонц удыхъæд æнæрлæугæ ис архайды, æмæ йын уыцы змæлд ногæй-ногдæр кæны йæ «монон туджы» цыд. Уым дæр мах æмбæлæм æмуæзады уагæвæрдыл.

Лæмбынæг цы аивадон ратæдзæнтыл æрныхас кодтам, уыдонæй дзырдаивады дæсны куы фæиппæрд вæййы, уæд ивгъуыды æвæрæнты (хæзнаты – нæ!) йæ тъæпп фæцæуы. Суанг йæ курдиаты къуыбылой дæр куырмæлхынцъытæ ныввæййы æмæ æрдзон хуызы халын нал фæкомы. Уыцы раууаты уавæр нын нæ зæрдыл æрлæууын кæны медицинон термин *«тромб»*, ома афоныл раст чи нæ 'рцæуа, уый тонгæ кæны! Дзырдаивады тыгъдад йемæ хæссы бирæ сусæг фæ-зилæнтæ. Гæнæн ис, æмæ Мелитон йæ егъаудæр поэтикон чиныгæн уый тыххæй радта ахæм ном – «*ЦАТЫР*». Цыма нын афтæ зæгъынмæ хъавыд: кæд цæттæ стут уыцы «*сусæгтæ*» æргом кæнынмæ, уæд – уæ хъару æмæ уæхæдæг!

Цæй-ма, æмæ Хъазийы-фырты чиныгмæ ахæм цæстæнгасæй къухы бынæй акæсæм. «Автор йæ чиныгмæ бахаста, поэзийы жанры цы сарæзта, уыдоны зынгæ хай (бахахх æй кодтон æз – Х. Б.) – æмдзæвгæтæ, кадджытæ, аргъæуттæ. Фæлæ сæ кæрæдзийыл бæтты иу хъуыддаг – рæстаг адæймагмæ, йæ райгуырæн къуым, йæ Фыдыбæстæмæ йе стыр уарзт», – афтæ фæнысан кодта чиныджы аннотацийы йæ редактор Безаты Фаризæ. Æмткæй, сразы уæвæн ис йемæ, фæлæ нæ хæсыл нымайæм «*бацамынд хъуыды*» райхалын. Æмæ фыццаг бакастæй дæр нæ размæ байгом вæййы поэты сфæлдыстадон тыгъдады æнæхъæн фæлтæр: *«Цатыр»*-мæ хаст уацмыстæн сæ рагондæр фыст æрцыдис 1965 азы Джеоргуыбайы мæйы 2 бон, тæккæ нырыккондæр – *«Саххъæвда»* та – 2011 азы æртхъирæны мæйы 25 бон. 43 азы дыууиссæдз боны не сты, фæлæ Мелитоны сфæлдыстадон царды азфысты фылдæр хай, абоны æнтыстмæ йæ чи æркодта, уыцы фæстиуæг.

Æвзæрст æмдзæвгæты æмбырдгонд байгом вæййы, автор йæ ныстуан ныхасы уаг кæм раргом кодта, ахæм поэтикон уацмысты æнæхъæн циклæй. Æдæппæтæй йæм хаст æрцыдис 14 æмдзæвгæйы (*«Мæ чиныг», «Фыссæг», «Сæрибар», «Ир», «Ирон зæрдæ», «Æрбацæут мæ куывдмæ», «Æмæ табу», «Æвдадзы хос», «Сæрыстыр», «Дур», Сæурайсом», «Тыххъазт», «Æфсæрмы тас», «Уæлдзæнæт»*). Мелитон сæ ранывæста йæ миддунейы манифест. Æцæг, ахæм формулæ кæнæ метафорæ, суанг æнæхъæн чиныджы дæр æппындæр ницы æндавы, йæ мидисамады мидбастдзинад, нысанмæвæрд æмæ дзы хæсты бæрн куынæ уа, уæд. Поэты сфæлдыстадимæ зонгæ чи у, уыдон æнæ бафиппайгæ нæ фæвæййынц, йæ астæумагъз ирд, ныхмæвæрд хъуыдытæй арæзт кæй у, уый. Æз ма йæм мæхицæй бафтауинаг дæн иу бæрæггæнæн – нуарджын æмæ сурæтджын поэзи. Æмæ йæ уацмысты уагæвæрд цыфæнды уæрдæхыздыхт куы вæййы, уæддæр дзы ирдæй æмæ уырнинагæй разынынц арф хъуыды, æмбæрст æнкъарæн æмæ публицистон комулæфты зæлтæ. Ранымад æууæлтæ бæлвырд, æргом æмæ æххæстæй бацыдысты йæ ныстуан æмдзæвгæты мидисмæ дæр. Цард быцæу рахæцæнтæй арæзт куыд у, афтæ нывæст у Мелитоны поэзи дæр. Цард æмæ поэзийы æмиуады фæрцы фæлтæрд поэт тырны чиныгкæсджыты хъусдард йе сфæлдыстадмæ раздахынмæ. Ахæм архайды фæстæ йæ ахорæнтæ фæирддæр вæййынц, йæ хъæлæсыуаг райсы бæрзонд зæлтæ, фæзыны йæм цыдæр æнахуыр мырты хъазт дæр.

Ахæм хатдзæгтæм адæймаг æрцæуы дыккаг хайы фæстæ дæр. Ацы ран та автор раргом кодта йæ уарзт Хуссар Ирыстоны сæйраг горæт Чъребамæ. Кæд бирæ æфхæрдтытæ баййæфта цытджын горæт, уæддæр та-иу ногæй райгуырд йæ цæрджыты цинæн. Уыцы хъайтар æмæ сæрыстыр цæрджытæй иу – поэт йæхæдæг. Æмæ йæ поэзийы горæт-хъайтары сурæт ма сарæзтаид, уымæн уæвæн нæ уыдис. *«Чъреба»-йы* циклмæ æдæппæтæй автор бахаста 12 æмдзæвгæйы (*«Чъреба», «Чъребайаг сæурайсом», «Чъребайаг экспромт», «Мæсты зард», «Фыдбоны уарзт», «Фæссахар», «Кæд дæ нæ уырны», «Чъребайаг лæппуйы зарæг», «Хæстон Чъребайы», «Мобилон телефон ахуыссын кæнын 'мæ...», «Хъайтар сахар», «Фæсхæст»*). Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ номарæн æмдзæвгæты (суанг, уарзон чызгæн фыст чи æрцæуы, уыдоны дæр), æнæмæнгæй, фæзыны публицистикæйы комулæфт, æмæ сæ уый *«стæхынмæ»* фæхъыгдары. Фæлæ, Мелитон йæ уарзон сахары уæззау хъысмæты тыххæй цы æмдзæвгæтæ ныффыста, уыдонæй мæ бон зæгъын у: алцыдæр дзы ис йæ бынаты. Раст цыма иу комулæфтыл фыст æрцыдысты, уый хуызæн уайтагъд адæймаджы хъусдард сæхимæ раздахынц. Æз сæ суанг йæ программон æмдзæвгæтыл дæр банымаин, уыйбæрц æнкъарæнтæ дзы райсы лæмбынæг чиныгкæсæг.

Чъребайы цикл куыд равдыста, уымæ гæсгæ фыдызæхх у уæвынады астæуккаг цæджындз. Уыцы цæджындз дыууæ хæсты рæстæджы калын нæ бакуымдта, уымæн æмæ йæ алыварс лæууыдысты ирон хъайтар лæпputæ – Мелитоны эпикон сурæттæ. Æмдзæвгæтæ сæйраг сахары кадæн автор фыссын райдыдта 1991 азы, фæугæ та фæкодта 2011 азы. Уыцы ссæдз азы бацыдысты дыууæ хæсты. Æмæ дзы алы ран дæр æрцыд тугкалд. Поэтæн йæ фырт дæр уыдис Чъребайы Хуссар Ирыстоны хъахъхъæнджытимæ. Стихамайæг, иуæрдыгæй, йæ хъæбулæй сæрыстыр уыдис, иннæмæй, йæ иунæг лæппуйыл тыхсгæйæ, йæ уд сусæгæй дзынæзта, куыдта нæлгоймаджы цæссыгтæй. Фыдлæг æмæ, дам, фыдрæстæг бирæ нæ хæссынц, – зæгъы нын ирон æмбисонд. Йæ цæфтæ дзæбæх кæнын райдыдта Чъреба дæр, фæлæ зæрдæ нынкъуысы йæ хъæдгæмттæм, йæ пырхытæм кæсгæйæ, *«зæххы цъар сыстыгътой бомбæтæ!»* Уæлахизы фæстæ поэты зæрдæйы цы æнкъарæнтæ райгуырд, уыдонæй ранывæста циклы хуыздæр æмдзæвгæтæй иу *«Фæсхæст»*. Поэтикон уацмысы мидисамад дыууæ дихы аци: уæвынады кæрæттæ фæйнæрдæм фæцыдысты; иуырдыгæй

ӕрлæууыдысты *«хомхортæ», «куыйдзыхтæ»,* иннæрдыгæй – *«не 'дзард ӕфсымæртæ».* Бомбæты схъистæй ӕрдæгпырх уынг фæсхæст кæй федта, уыцы чысыл чызджы худтæй рафтыдта дидинæг.

Ӕртыккаг хай *«Чысангом»-мæ* хаст ӕрцыдис 21 ӕмдзæвгæйы. Автор сæ адарддæр кодта йæ патриотон лирикæйы темæ. Циклы фыццаг ӕмдзæвгæ (триптих) *«Чысангом»-ы* фæлгъауы комы разагъды лæгты (бæгъатыр Антъон, номдзыд Уасо, нæртон Хацырон) кад ӕмæ радыл. Стæй куыд! Ам *«зæхкусæг арм – ардуаны бæсты, фарнимæ сты ӕмцæдис».* Бестауты Гиуæргийы ӕмæ Джыккайты Шамилы номарæнты мидæг поэты хъæлæс адæймаджы зæрдæйы иннæрдæм хизы. Сæ дыууæ дæр алы рæстæджыты сæ цард нывондæн ӕрхастой Иры кад ӕмæ намысы сæрвæлтау. Фæлæ дзы алы ӕмдзæвгæйы дæр лыггонд цæуы хицæн фарст, иуы дзы автор сагъæс кæны поэты ӕдзард хъысмæтыл, иннæйы – йе 'мсис ӕфсымæры ӕвирхъау мæлæтыл. Уæззау ӕмæ зæрдæскъуынæн рæнхъытæ Гиуæргийы хъысмæтыл фæвæййынц ныфсæвæрæн хатдзæгæй: *«...мæлынц дæм хæлæгæй мæрдтæм дæр».* Шамилы номарæн *«Хуыздæр бон нæ уыдис мæныл дæр»*-ы автор сныв кодта царды ныхмæвæрд хъуыдыты алдымбыд. Уым алы ныхас дæр ис йæ бынаты. Ахæм рæнхъæвæрд иууыл зындæр хæссæн у поэзийы мидæг: ӕмбæлæм дзы канд арф психологон агурæнтыл ӕмæ бирæвæрсыгадыл нæ, фæлæ мидбастдзинæдты хъæздыгдзинадыл. Уыдон айдæнау ӕвæрд сты уд, ӕрдз ӕмæ вазыгджын адæймагон ахастдзинæдты раз. Ӕмæ мæ уырны, авторæн ма уыцы аивадон агурæнты ноджыдæр кæй бантысдзæн зынгæ уацмыстæ сфæлдисын, уый.

Цыппæрæм хай *«Хæхты сæрмæ – хур»-мæ* автор бахаста 25 уацмысы, уыдонæй 7 бацыдысты абхазаг циклмæ (*«Сис тырыса бæрзонд», «Абхазаг фынг», «Даур Зантарийæн», «Хур фæлмæцыд сырх къамбецау», «Ам ды кæм никуыма уыдтæ дæ фыны дæр...», «Рица»*). Ранымад уацмысты мидæг ирон поэт райхæлдта ӕфсымæрон ӕнкъарæнтæ нæ сыхаг адæмтæй иумæ. Абхазаг цикл у хæдхуызон лирикон боныджы хуызæн. Апсныйы бæстæн дæр Хуссар Иры хуызæн ис уæззау хъысмæт, фæлæ Мелитон, цыма йæ абхазаг номæй бузныг у, уый хуызæн сæ равдыста рухс, цардбæллон ӕмæ хъомысджын адæмæй. Уый нырыккон поэзийы стæм фæзынд у, стихамайджытæ фылдæр зæрдæсæттæн сурæттæ сарæх кодтой нæ алыварс. Цыппæрæм хаймæ ма цы 18 ӕмдзæвгæйы хауынц, уыдоны дæр автор хæст у ахæм зондахастыл.

Æмæ уый раппæлинаг хъуыддаг у. Ис ахæм поэттæ, æмæ цæрынц сæ адæмы цардæй, сæ зæххы фарнæй, иннæтæн та сæ тыхст хъарм бынæттыл у. Адæмы зондахаст æмæ хъуыдæджы та баззайынц, дзыллæйы цардæй чи цæры, уыцы сфæлдыстадон удгоймæгтæ. Фыццаджыдæр, уый хауы, адæмы намысы къæбицмæ уæзгæ хуынтæ чи бахаста, уыдонмæ. Ныхас цы чиныгыл цæуы, уымæн йæ автор, ома, Хъазиты Мелитон хауы, нæ дзырдаивады арф фæд чи ныууагъта, ахæм нывгæнджытæм.

Чиныджы фæндзæм хай «*Рæстаг лæгæн фæцæрæн нæй*» дæр райдайы æмдзæвгæты циклæй. Хаст æм æрцыд дыууадæс æмдзæвгæйы. Йæ лейтмотивыл банымайæн ис *«рæстаг лæджы»* хæс – куыд æмбæлы, афтæ фæцæрыны нысан. Царды мидæг ис ахæм хъуыды, зæгъгæ, алы адæймаджы хъысмæт дæр рагацау бæлвырд вæййы. Зын у сбæлвырд кæнын ацы хъуыдыйæн йæ астæумагъз, йæ рæстдзинад, фæлæ суанг раст куы уа, уæддæр дæ фæндаг зонын иу фарст у, куыд ыл цæуын хъæуы, уый та – æндæр! Поэты рæстаг уд йæ зæххон царды фæндагыл цæуы, цæмæй фæлтæрддзинад ссара, уый тыххæй. Нысан у хихуыздæр кæнæн балц æмæ Хуыцаумæ тырнынад. Поэты цард, фидарæй уырны авторы, йæ мæлæты фæстæ нæ фæвæййы, фæлæ йæ уацмысты ферохимæ: цалынмæ цæрынц уацмыстæ, уæдмæ цæры сæ ныффыссæг. «ЦАТЫР»-æн рухс чи фенын кодта, уыцы стихамайæджы фидарæй уырны, нæ алыварс дуне цас хуыздæр зонæм, уыйбæрц нæ уæвынады тар стъæлфытæ къаддæрæй-къаддæр кæй кæндзысты, уый.

Æхсæзæм хайы Мелитон схуыдта æнахуыр номæй *«Чиныг – чиныджы»*. Фыццаг хай *«Айзæлд"-ы* автор байгом кодта къаннæг бацæуæнæй (*«Разныхасы бæсты»*). Уым Хъазийы-фырт цыбырæй раргом кодта, уымæй цы зæгъынмæ хъавыд, уый: «Алы адæймагау, алы чиныгæн дæр йæхи хъысмæт ис. Сæ хъæбулты цардыл бафтауын куыд бирæ ныййарджытæн нæ бантысы, афтæ сæ чингуыты рухсмæ рацæугæ тынг бирæ фысджытæ нæ фенынц. Куырыхон Секъа мыхуырмæ цы фондз чиныджы бацæттæ кодта, уыдонæй фыссæджы удæгасæй рухс федта æрмæстдæр фыццаг – *«Ирон фыййау»*. Ахæм цæвиттонтæ ирон литературæйæ дæр, æндæр адæмты литературæтæй дæр дзæвгар ис æрхæссæн. Æмæ бынтон стæмхаттæй дарддæр иуууылдæр баст вæййынц финансон фæрæзтыл. Уый свæййы рухсмæ сæ фæндагыл сæйраг ныхдур – фæрæзтæ нæй, уæд рухс дæр, фæндаг дæр нæй. Уыцы азарæй

мæ бирæ чингуытау къорд азты сыгъд ме 'мдзæвгæты æмбырдгонд *«Айзæлд»* дæр. Сарæзтон-иу æй. Цæттæ-иу уыд мыхуырмæ. Газеттæ æмæ-иу дзы журналты фæрстыл хицæн уацмыстæ фæзындысты. Типографийы цалдæр хатты нымайгæ дæр бакодтой, цас хæрдзтæ йын бахъæудзæнис, æмæ та-иу ууыл ныллæууыд хъуыддаг. Ныр, цы ма дзы баззад, уый хæссын мæ чиныг *«Цатыр»*-мæ. Хуыцау æй чиныгкæсджытæм ацы хатт уæддæр фæкæнæд рæствæндаг».

Куыд бамбарæн ис поэты хъуыды? Фыццаг бакастæй афтæ зыны, цыма дзы куырмæлхынц хъуыды æвæрд ис. Фæлæ йæм лæмбынæгдæр нæ хъус куы æрдарæм, уæд цадæггай алцы дæр йæ бынаты сбады. Бындуронæй сфæлдыстадимæ баст чи у, уыдонæн ис дыууæ царды: иу – уæвынады тыгъдады, иннæ – сфæлдыстадон фæлварæнты уацары. Уæлтæмæнады уысм уæвынад иуварс ахизы æмæ размæ рацæуы сфæлдыстадон процессы уагæвæрд. Ома, сфæлдыстадон цард рахизы зæххон цардæй æмæ райдайы фæлдисыны рæстæг. Уæддæр бæрæг у иу хъуыддаг – йæ чиныг рухс нæ уыдта, джиппы рауадзыны фæрæзтæ йын кæй нæ лæвæрдта паддзахад, уый тыххæй. Мелитоны «*Чиныг-чиныджы»* у фæлварæн ног къахдзæф ирон мыхуыры, æмæ йæ Хуыцау рæстмæ фæкæнæд. Автор æм цы 80 поэтикон уацмысы бахаста, уыдон иугонд цæуынц алыхуызон аивадон мадзæлтты фæрцы. Мидæмбырдгонды (мæхи термин, – Х.Б.) ис æртæ хицæн циклы (*«Америкæ, ма ерры кæ», «Рагфыдæлты зæххыл», «Араббаг хъарæг»*), номарæнты æнæхъæн рæгъ (*«Дзуццаты Хадзы-Муратæн», «Гафезæн», «Хаджеты Таймуразæн», «Приднестрови», «Словени», «Араббаг хъарæг»*). Æрмæст сæ нымадæй дæр бæрæг у, поэт ацы темæйы мидæг куыд уæрæх авнæлдта, уый. Зæгъæм, Хадзы-Муратыл цы номарæн ныффыста, уый у асинтæй арæзт стихамадæй нывæст, Дзуццайы-фырт йæхæдæг куыд фыста, раст афтæ. Номарæг ам дæр разынд оригиналон. Автор иннæ номарæнты дæр нæ ахызт ацы фæткæй æмæ уырнинагæй равдыста æнæхъæн адæмты риссаг сагъæстæ Европæйæ (Приднестрови, Словени) Хæстæг Хурыскæсæнмæ (Араббаг бæстæтæ). Поэты æрхъуыды сын сног кодта сæ хъæдгæмттæ æмæ сын ныфс бавæрдта, уæлахиз уыдоны кæй уыдзæн, уымæй.

Æвдæм хай *«Дуджы æлхынцъытæ»*-йы Мелитон рахуыдта *«æмдзæвгæбыд»*. Иннæты хуызæн уый дæр райдыдта хицæн циклæй (*«Кæроны райдайæн»*). Ис дзы авд æмдзæвгæйы (*«Тыххъазт», «Фыддуджы»,*

*«Кооптдуканты», «Прокрусты сынтæгыл», «Дис», «Райдайæны кæрон»*). Ам дæр та автор оригиналон разынд канд циклы мидисамады нæ, фæлæ формæйы мидæг дæр.

Æмткæй райсгæйæ, Хъазиты Мелитон чиныг *«ЦАТЫР"-ы* тыххæй скæнæн ис ахæм хатдзæгтæ. Фондзсæдæ сыфы цы чиныджы ис, уым автор немæ кæны æргом ныхас. Æмдзæвгæтæ, кадджытæ æмæ аргъæутты иу цъары, иу цатыры бынмæ æрæмбырд кæнгæйæ, Хъазийы-фырт чиныгкæсæгæн æргом кæны йæ зæрдæйы рæбинагдæр сагъæстæ, хъынцъымтæ, бæллицтæ. Цавæр аргъ скæнæн ис стихамайæджы аивадон уынынадæн? Цавæр барæнтæй саргъ кæнæн ис, аивадон æрмæгæй куыд пайда кæны, уымæн? Цыфæнды нывгæнæджы æрмадзы дæр ис хъуыдыты суадон, æмæ, цалынмæ уым нæ бахсидынц, уæдмæ сæ адæмы тæрхонмæ нæ рахæссы. Цы ис ахæмæй Мелитоны хъуыдæджы? Комкоммæ куы дзурæм, уæд бафиппайын хъæуы, аивадон уацмысты хъысмæт умæй аразгæ кæй у, ууыл. Мелитоны сфæлдыстадон мадзæлтты æхсæн, фыццаджыдæр, рахицæн кæнын хъæуы цалдæр аивадон фæрæзы: 1) фæлтæрддзинад; 2) æрмæджы арæнтæ; 3) темæйы равзæрст æмæ йæ нывæфтыддзинад. Мелитоны лирикон, лиро-эпикон, эпикон хъайтартæн сæ сæйраг хъуыды баст у адæмы кад æмæ рад, æгъдау æмæ æфсармимæ. Уымæ, хъауджыдæр нæу, цавæр æрмæгыл (стыр æмæ чысыл) фыст цæуы уацмыс, уый.

Рецензигонд цы чиныг цæуы, уый авторæн сæйрагдæр уыдис æрмæг æвзарыны хъомыс. Цыбыр ныхасæй, ацы уацмысты æмбырдгонды Хъазийы-фырт нæ разы æрлæууыд, иуæрдыгæй, лирикон, иннæрдыгæй, – драмон нывгæнæгæй. Дыууæ сурæты хуызы дæр рахатæн ис дунеæмбарынады мидисамад.

# ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

# ФÆДЗÆХСТЫТÆ

Сæ дыккаг хай сты фæдзæхстытæн, дæлдæр нæм чи уыдзæн, уыдон…

Лæг цыдæр ахъуыды кæны, цины хос ын фæвæййы, мæнæ йæ кæдæй-уæдæй мæ зонд куыд æрцахста, зæгъгæ. Фæлæ цъус рæстæг рауайы, æмæ дæ айрох вæййы. Æмæ-иу уæд, нæ фыдæлтæй зонды къуыбылойтæ чи басгуыхт, уыдон-иу æй куыд бадардтой сæ зæрдыл сæ ахъаззаг хъуыды, науæд цыргъ ныхас, фыссын куынæ зыдтой, уæд?!

Цы арфæйаг сты, цы нымаинаг, цы кады аккаг, ахæм хорз зонды бынтæ нын чи ныууагъта, – царды алы фæзилæнæн дæр йæ миниуæг бæрæггæнæнтæ, – уыцы фыдæлтæ. Æмæ бар-æнæбары дæхицæй фæхъæстаг вæййыс, мæ бон сæ æнæферохгæнгæ зæрдыл дарын цæуылнæ у, зæгъгæ.

Хуыцауæй разы, æмæ Гуытъиаты Хъазыбеджы руаджы джиппы уагъд сты. Æрмæст уыцы чиныг сгæзæмæ, нæй йын æлхæнынмæ ссарæн, гъемæ, бæргæ… Цæй, æмбæрст у мæ тæхуды – кæддæр ма бабæллыдтæн, ацы чиныг – «Ирон æмбисæндтæ», – фæхъæздыгдæр æй кæнгæйæ, афтæмæй йæ ногæй мыхуыры рауадз, зæгъгæ…

Фыццаджы-фыццаг уал æрхæссон мæнæ ацы дыууæ дзырдбасты: рагæй-æрæгмæ мæ дисы ’фтауынц сæ цæхгæр хатдзæгæй, кæй сæр æй ацахста, уымæн та табутæ фæкæнын:

– *Рæстæг ауазын нæ комы.*

– *Дон ничи бадыдагъ кæндзæн.*

Ныр сæ тæккæ рад у фæдзæхстытæн. Æмæ:

– *Миты уæлæ зокъотæ ма агур.*

Ахæм æдылыдзæф ничи уыдаид, æмæ сæ агура, фæлæ, ссарæн цæмæн нæ уыд афæдзы афонмæ гæсгæ, науæд та царды иугæндзон фæткмæ гæсгæ, ахæм цыдæр æрымысыд, æрцагуырдта йæ рохст зæрдæ, æмæ йын уæд, дæ рæсугъд фынтæй райхъал у, зæгъгæ, ахæм ныхæстæ загъдæуыд…

*(Коль, дам, нет цветов среди зимы, то и грустить о них не надо,* – бæрæг чидæр фæдзæхста йе ’мдзæвгæйы, бæрæг чидæр…).

– *Къæссайæн (ома цæрмын голлагæн) цалынмæ йæ ком нæ бабастай, уæдмæ йын йæ хуынкъ бампъуз.* (Китайаг æмбисонд зæрдыл æрæфтыд: *«Цалынмæ не сдойны дæ, уæдмæ цъай скъах»).*

Лæджы маст куы бацæуы – цæугæ та дæ куыд нæ бакæна, куыд нæ, кæд æмæ дæм алырдыгæй лæбурæг у, ныхсæг дæ у маст! – низты ахасты дæр уæд бахауы. Æмæ тæхудиаг, бæллиццаг дæр уымæн у фыдæлтæй нырмæ æнæмаст уавæр:

– *Æнæмастæй дон бануаз æмæ дуры сæр схуысс.*

Нæртон æгъдау – мæнæ ацы фæдзæхст, стæй йæ цыма Санаты Сем дæр амыдта:

– *Кæм дыл бахсæв уа, уым – дæ хæдзар (дæ фысым).*

Цы нæ фиппайдта, цы нæ уыдта рагон цырддзаст æмæ къæрцхъус лæг, цы нæ – æмæ-иу цæмæ нæ фацарæхст йе скæрдынмæ æмæ йæ сфæлгонц кæнынмæ мыггаджы хорау æвзæрст дзырдтæй:

– *Æрфыгæй ма хæц, дæ дзых райхал.*

(Ирон диссаг хъаст дæр куыд нæу мæнæ уый: *«Æрфыгæй надæй сæ рацыдтæн...»*)

Алы ’мбисондæн дæр параллельтæ – ’нгæсæнтæ – вæййы, науæд та суанг æмхалæмдихтæ дæр, стæй ныхмæвæрдтæ дæр – кæмæн нæ куыд у йæ зондахаст, йæ дунембарынад, афтæ дзы равзары йæхион. Фæлæ дзы æппæтæн, алы зондылхæст адæмæн дæр ис, цы райсой сæхицæн æхсызгонæй, уыдæттæ дæр:

– *Судзин куы адавай, уæд, дæ гал цы ’рбауыдзæн, уый зонгæ дæр нал бакæндзынæ.*

Æмæ та вариантгонд зондамынд – иуæй уырыссагау, иннæмæй иронау:

– *Æгæр адджын ма у – æнæзæгъинаг дæ бахæрдзæн.* Уырыс та искæй афтæ хъæууай кæнынц, зæгъгæ, *не будь сладким – тебя проглотят, не будь кислым – тебя выплюнут...*

Уæ Хуыцау! Цытæ нæ домынц нæ разагъды лæгтæ махæй дæр, буцхаст адæмæй:

– *Фидар лæуу – нæ фыдæлтæ-иу стæгсастæй хъæрзгæ нæ кодтой, сауфыды цæф та-иу хъæр нæ кодтой.*

Япойнæгтæм ахæм ныстуан ис, зæгъгæ, *кæй æрцæуыгътой, уый хæдзары бæндæны кой ма кæн!*

Фæлæ уымæй къаддæр æххæстгæнинаг нæу ирон фендджын лæджы ныстуан дæр:

– *Удисæг адæймаджы цур хъарæг ма кæн.*

Ох-хына, гæххæтты фæзуатыл ауæрдгæйæ, цас зонды хæзнатæ фæ-

уадзын фæсран-фæсдуар!.. Кæцыдæр фæдзæхстытæ мæ дисы бафтауынц, уый та куыд, зæгъгæ. Æвæццæгæн, уымæн, æмæ цард фаг хорз, фаг бирæвæрсыгæй нæма базыдтон суанг æстай азы кары æмгъуыдмæ дæр:

*– Дæ мадимæ хъæбысæй ма рахæц, фæлæ иугæр рахæцыдтæ, уæд ма фæбынæй у.*

Арæби-йарæби, иумæйаг зондæй ма-иу сæ равзарæм дывæлдах æмбисæндтæ, зæгъгæ, æрхатын нæ журнал кæсæг адæммæ, фæлæ хъусæй лæууынц… Æндæр уæдæ куыд ис дæ мады сбырсæн?!

Ацы фыдæлтæ, ацы: психологи дæр куыд хорз зыдтой æмæ нæ цынæ рæдыдæй, гуымиры ракæндæй хызтой:

*– Уазæджы цур дæ куыдзы дæр ма ныццæв.*

Цард удæгас у, кæм лæгъз, кæм дзыхъхъ у, æмæ дзы цæмæй цæрынмæ арæхсай, хъæстагæй ма баззайай, æнæзæрдæхудт уай, уыйадыл дын дзырдæуы, амындæуы:

*– Иуы куы хонай, уæд къорды фаг сцæттæ кæн!*

Фæлæ та дзы уæддæр ирон лæджы цæсты хъæбатыр удыскондæн æмбæл нæй, худинагæй та æлгъыстдæр:

*– Лидзгæ-лидзыны дæ худ ма аппар!*

Стæй, дам, *кæрдзын-лымæныл дæр макуы бауууæнд.*

Иннæ – фæдисы уавæр, йе ’ууæлтæ та ахæмтæ сты, æмæ:

*– Фæдис куы хъæр кæнай, уæд дæхæдæг фæдисонты разæй уай!*

Мæнæ Лев Толстой чи уыд, уый та афтæ домдта, æмæ, дам, *хæстмæ сидæг куы уай, уæд уал уырдæм дæхæдæг фæразæй у, науæд та дæ фырты арвит!*

Куыннæ стæй!..

Нал дын ис гæнæн, уæд та:

*– Кæд хауыс, уæд – хорз бæхæй, кæд хыл, уæд – хуызæн.*

Æрвылбон царды дæр дæхицæн æмбæлгæ кад агур:

*– Æмбырды дæлæуæз сбад, æмæ дæ уæлæмæ скæндзысты.*

*– Хуынды афтæ сбад, дæлдæр абад æмæ дын уæлдæр абад дæр цæмæй мачи зæгъа – астæуккагæй фæцæр.*

Хорз уал фæуæд, æцæг искæй кад-намысæй, кæйдæр лæгдзытæй дæхицæн хай ма дом, уазæгуаты та рагон уазæгау айкæй дæр фынгисæггаг уадз…

*Егар*

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

# ЦОМАРТАТЫ ЗЫМ

Цомартатæ цардысты Куырттаты комы. Уыди сæм хорз цуанæттæ, æмæ дзы иу лæппу зым сахуыр кодта æмæ йыл тынг æнувыд уыдис, тынг бирæ йæ уарзта. Куыддæр-иу æрбацыдис, афтæ-иу йæ фыццаг фарст уыдис: мæ зым кæм ис? Афтæ цас рацыди, чи зоны, иу рæстæг зым сыхæгты хуртуанмæ фæцахуыр æмæ йæ сæ лæппутæй иу амардта. Цомартаты лæппу цуанæй æрцыдис æмæ йæ зымы агуыры. Уæд ын бинонтæ загътой, цы йыл æрцыд, уый. Цуанон уыцы лæппуйы амардта æмæ алыгъдис. Уыдис æм хорз бæх, алцы хæцæнгарз, æмæ Уæллаг коммæ бафтыдис æмæ Гæлиаты сæрмæ лæгæты цардис. Уæд иу æхсæв йæ хъустыл чызджы цъæхахст ауадис, æмæ лæгæтæй рагæпп ласта, йæ бæхыл абадтис æмæ чызгыскъæфджыты асырдта, баййæфта сæ, семæ стох æмæ чызджы байста. Бæхыл æй разæй сывæрдта æмæ йæ рахаста. Уалынджы чызджы цыппар æфсымæры йæ размæ фесты, лæбурынц æм. Уæд сæм чызг дзуры, уый, дам, ницы ахосджын у, мæ ирвæзынгæнæг у, зæгъгæ. Æмæ йæ уæд сæхимæ ахуыдтой. Хабар сæ фыдæн радзырдтой, сæ мыггаг уыдис Цæратæй, лæппуйы хорз суазæг кодтой. Фыд æм æркæстытæ кодта: хæрзконд, сæрæн лæппу, бинонты зæрдæмæ дæр фæцыдис, æмæ йын сæ чызджы радтой. Мæй сæм фæцардис. Каистæм цæрын худинаг уыдис, æмæ йын хуссары хъæуы къуыбырыл хæдзар балхæдтой. Уым æрцардис йæ рæсугъд усимæ, мыггаг сбирæ ис, сæ уæлмæрд дæр сæ цуры скодтой, зæхх кæй нæ фаг кодта, уымæ гæсгæ. Стæй къуыбырыл нал цыдысты æмæ сæ фылдæр Дымты æрцардысты, бабирæ та сты, æмæ дзы иу хæдзармæ уыдис гадза куыдз, тынг базæронд ис. Цыппар æфсымæрмæ сæ фыд дзуры: ацы куыдз ницыуал пайда у, æмæ йæ фесафут. Æфсымæртæ йæ куыдзæппарæн былмæ аластой æмæ йæ уырдыгæй аппæрстой. Фæстæмæ куы ’рбацыдысты, уæд кæсынц, æмæ сæ куыдз дуармæ хуыссы, сау рувасы мард йæ разы. Былæй йæ куы аппæрстой, уæд бынæй рувас хуыссыдис æмæ ууыл ныххаудис. Афтæ ма сæм цас фæцардис, чи зоны, фæлæ ма йын дыууæ къæбылайы райгуырдис æмæ сæ диссаджы цуанон куитæ рауадис. Сæхæдæг-иу хохмæ ацыдысты, дзæбидыр-иу æртардтой æмæ-иу æй æфсымæртæ бахъуыддаг кодтой.

Ӕмӕ дзы хъӕу дӕр хайджын уыдысты. Афтӕ куиты кой алырдӕм айхъуыстис, ӕмӕ сӕм хӕлӕг кӕнын байдыдтой. Асыйы иу хъӕздыг лӕг цардис ӕмӕ куиты коймӕ тынг хӕлӕг кӕнын байдыдта. Ӕмӕ иубон йӕхионтимӕ дыууадӕс барӕгӕй рараст сты ӕмӕ Цомартаты дуармӕ ӕрфистӕг сты. Суазӕг сӕ кодтой. Уыдон сын бакой кодтой, уӕ куиты нын рауӕй кӕнут, кӕнӕ та нын сӕ лӕвар раттут. Мӕнӕ, дам, уӕм дыууадӕсӕй ссыдыстӕм, ӕмӕ нын саргъ кӕнут. Уӕд ӕфсымӕртӕ загътой: уыдон ӕрмӕст мах нӕ дарынц, фӕлӕ ӕнӕхъӕн хъӕу, ӕмӕ сын нӕй дӕттӕн дӕр ӕмӕ уӕй кӕнӕн дӕр. Хъӕу дӕр уый куы базыдтой, уӕд уыдон дӕр ӕрбамбырд сты ӕмӕ сӕм дзурынц, мах та цы фӕуыдзыстӕм, зӕгъгӕ. Фӕлӕ алы хъӕздыг лӕг дӕр зыд кӕм нӕу. Ӕмӕ загътой: мах цӕуӕм, уӕ къӕбӕрӕй дӕр уын нал саходдзыстӕм, кӕд нын куиты аргъ нӕ кӕнут, уӕд. Уӕд фыд лӕппутӕм дзуры:

– Худинаг нын уыдзӕн.

Фӕлӕ лӕппутӕ нӕ, загъгӕ, ныллӕууыдысты. Уӕд сӕм фыд дзуры:

– Дыууадӕсӕй нӕм ссыдысты, ӕмӕ уын уӕ хойы куы куриккой, уӕд та цы загъиккат?

– Уӕд сын ӕй раттиккам.

Фыд сӕм рамӕсты ӕмӕ сӕм дзуры:

– Уӕ хойӕ уын уӕ куитӕ зынаргъдӕр сты?

Ӕмӕ уӕд сразы сты ӕмӕ сын загътой: ахсӕв ам лӕуут, махмӕ уазӕгӕн стыр кад кӕнынц, цӕмӕй нӕ хъаст ма ахӕссат, уый тыххӕй разы стӕм. Уӕртӕ фос дуармӕ, ӕмӕ уӕхӕдӕг равзарут, кӕцы уын аргӕвдӕм.

Уӕд куитӕ бауадысты ӕмӕ фосы астӕу иу дынджыр фыс, ӕмӕ йыл бамызтой. Ацы уазджытимӕ иу зонынджын дӕсны лӕг уыдис, ӕмӕ сӕм дзуры:

– Уӕртӕ уыцы бур фыс, ӕрмӕст ӕй нӕхӕдӕг куыд аргӕвдӕм, хӕргӕ дӕр дзы раздӕр нӕхӕдӕг куыд бакӕнӕм, афтӕ.

Фыс аргӕвстой ӕмӕ дзы физонӕг кӕнынц, цӕмӕй дзы сӕхӕдӕг раздӕр саходой. Сывӕллон авдӕны къонайы фарсмӕ хуыссы, ӕмӕ физонӕг фыцын куы байдыдта, уӕд цӕхх никъкъӕрцц кодта ӕмӕ сывӕллоны дзыхы ныххаудис. Сывӕллон куы ныцъцъӕхахст кодта, уӕд сӕм, семӕ цы дӕсны уыдис, уый дзуры:

– Сӕ амонд ӕмӕ сӕ бӕркад сӕхицӕн баззадис…

Афтæ æхсæв-бонмæ фæбадтысты, фæминас кодтой, æмæ сæ райсомæй афæндараст кодтой. Цомартатæм уыдис чызг, йæ лæгæй чи рахицæн, ахæм, æмæ дæсны уыдис. Лæппутæ йын хибарæй хæдзар скодтой, цæмæй æфсин æмæ чындзыты кæрæдзиуыл ма ардауа, уый тыххæй. Асыйы уазджытæ куы ацыдысты, уæд сæ фæсте ралгъыста, Хуыцау уæ рæзгæ хохмæ бауадзæд, зæгъгæ. Асыйы уазджытæ хъæлдзæгæй цыдысты, хъазгæ худгæйæ, æмæ дын иуафон сæ разæй дынджыр дзæбидыр агæпп ласта, куитæ йæ фæсте асырдтой, æлдар та – сæ фæстæ, æмæ сæ дзæбидыр рæзгæ хохы сæрмæ айнæджы цъупмæ асайдта. Æлдар æй уым амардта, фæлæ сын рацæуæн нал уыдис. Йе 'мбæлттæ йæм хъæр кæнынц рацу зæгъгæ, фæлæ фæндаг нал ардта, ссæуæн дæр æм не ссардтой. Афтæ сæхимæ фæхабар кодтой, æнæхъæн хъæуы гобанæй, базæй, хъæццулæй æрæмбырд кодтой æмæ сæ айнæджы бын кæрæдзиуыл самадтой, æмæ йæм дзурынц, рагæпп кæн, зæгъгæ. Фæлæ йæ ныфс нæ бахаста, уæд æм йæ хæзгулы æрбакодтой æмæ йæм уый дзуры:

– Хъæбатыр куы дæ, уæд цæмæй тæрсыс, æнæхъæн хъæуæй иууылдæр ам сты, алчи йæ хæдзары гобанæй, хъæццулæй, базæй ницыуал ныууагътой. Айнæджы бын сæ кæрæдзиуыл самадтой, ма тæрс, æз дæр дæм æнхъæлмæ кæсын.

Уæд лæппу раздæр куиты раппæрста, стæй йæхæдæг дæр сæ фæстæ рагæпп кодта. Фæлæ бынмæ нал æрхæццæ сты – ныппырх сты. Уымæй фæстæмæ Цомартаты Уæллаг комы Куыдзойтæ хонын байдыдтой. Афтæмæй мыггаг равзæрд – Куыдзойтæ.

# АГАТЫ БИБО

Хæхбæсты адæм фосæй цардысты, æмæ сын фæззæджы куыстыты афон иу сахат дæр рæстæг нæ уыдис, уæлдайдæр хосгæрдæнты рæстæг. Афтæ Агаты Бибо хос карста, уис куы æрхаста, уæд былæй ракастис, æмæ йын йæ фарастаздзыд чызг хæринаг æрбахæссы. Бибо йæхицæн загъта, цалынмæ уый хæццæ кæна, уæдмæ ма иу-цалдæр уисы æрхæсдзынæн. Æнæхъæн фæлтæр бакарста, фæлæ чызг нæ зыны. Уæд Бибо, чызджы кæдæм ныууыдта, уырдæм æрцыдис æмæ дæ фыдгул ахæммæ бакæсæд – йæ сæр æмæ ма дзы цыдæр муртæ аззадис, бирæгъ æй ахордта.

Бибо сырды фæдыл цæуын байдыдта, æмæ ма иу диссаг уый уыдис, æмæ, йæ фæд ын куыд ардта, афтæ йæ кæмдæр æфсæстæй хуысгæ сæййæфта, æрцахста йæ, амардта йæ æмæ йæ ракъæртт кодта, йæ чызджы хæрддзæгтæ систа, рахаста сæ, æмæ ма дзы цы баззадис, уыдонимæ сæ иумæ баныгæдтой. Алчи дæр ахæм бæллæхтæй хызт уæд.

# УС БИРÆГЪ

Хъыбысты Басил фыййау уыдис. Доны былмæ хæстæг хызта фос, къæвда дæр-иу рауарыдис, хур дæр-иу ракастис, æмæ иуафон хъæуы ’рдыгæй иу ус æрцæуы æмæ куыроймæ йæ ных саразта. Басил æм кæсы æмæ хъуыды кæны, ссинаг æм куынæ ис, уæд куыройы цы архайы, зæгъгæ. Ус куыроймæ бацыдис æмæ бынæй бирæгъæй рагæпп ласта. Басилы фосы астæу смидæг, фосмæ лæбуры, Басил æй лæдзæгæй хойы, уæддæр дынджыр къæдзилджын фысæн йæ дымæг атыдта æмæ фæстæмæ куыроймæ бацыд, æмæ та куыройæ усæй рахызтис.

Басил æй базыдта, йæ фæстæ бацыдис æмæ йæм дзуры:

– Кло, уый цы ми кæныс?

Уæд ус йæ уæрджытыл алæууыдис æмæ йæм дзуры:

– Курын дæ, макæмæн æй зæгъ, мæхи дæр нæ фæнды, мæ уд мæхи бар нæу, ныххатыр мын кæн.

Къæхтæй сæрмæ лæгæн ног дзаумæттæ бахуыдта. Басил сыл тынг ауæрста, æмæ, дам, куы амарди, уæд дæр æй уыцы дзаумæтты бавæрдтой.

# ЦÆРÆГТЫ БÆДО

Цæрæгты Бæдо фосдарæг лæг уыдис. Къозоты æфцæгыл фос дардта. Æфцæджы рæбын ын уæтæртæ уыдис. Хъæубæсты та – куывд. Бæдо фос бафснæйдта, адæмы зарынмæ йæ зæрдæ нал фæлæууыдис, æмæ хъæумæ æрцыд. Уым æй куывды æрбадын кодтой. Иуафон хъæуы сæрмæ бирæгъ ниуы. Уæд сæм Бæдо дзуры:

– Мах ам минас кæнæм, бирæгъ та уым æххормагæй ниуы, тæригъæд нæу?

Уæд бирæгъмæ дзуры:

– Ацу мæ уæтæрмæ, дуæрттæ æхгæд сты, фæлæ уæле хъæмпæй æмбæрзт у, æмæ ныххиз, æрмæст иу фысæй уæлдай ма бавнал.

Бæдо æхсæв-бонмæ куывды фæбадтис, райсомæй ссыдис, æмæ, уæтæры дуар куы бакодта, уæд фос иу къуымы тымбылæй лæууынц, дуаы цур иу фысы хæрæнтæ, бирæгъ æндæр ницæмæ бавнæлдта.

# ГÆЛИАТЫ КАЛМ

Гæлиаты фæзындис тынг дынджыр калм. Егъау цъынайы бын йæхицæн бынат скодта, цъынайы сæрмæ хуынкъ скъахта æмæ-иу алы уынæрмæ дæр сгæпп ласта. Фосæй, адæмæй никæуыл ауæрста, донмæ рацæуын дæр ничиуал уæндыдис.

Афтæ йæ кой алырдæм айхъуысти, фæлæ йæм йæ ныфс ничи хаста. Уæд Асымæ дæр йæ кой ныхъхъуыстис, æмæ уырдыгæй фæзынд иу лæппу цуанон. Саргъы бæх, хорз топп, æхсаргард, дыууæ куыдзы. Йæ изæр Къæмынтæм æрбахаста æмæ Мыстулатæм йæ фысым æркодта, – уазæгджын бинонтæ уыдысты, кæрдзындæттон.

Æхсæвы йын кусарт акодтой, хорз æй суазæг кодтой, стæй йæм дзурынц, хатыр бакæн, фæлæ уыцы дард фæндагыл цы хъуыддаджы фæдыл сæмбæлдтæ, зæгъгæ. Æмæ сын йæ цыды сæр радзырдта:

– Мæнæ фехъуыстон, ам уæм фæзындис стыр калм, адæмæн тынг знаггад кæны, æмæ мæ хъару бавзарон.

Уæд æм дзурынц:

– Сургæ дæ нæ кæнæм, фæлæ ам дæуæй сæрæндæр лæппутæ бирæ ис, æмæ йын уыдонæн дæр сæ бон ницы у, фæлтау дæ хæдзар бацагур.

Уæд сæм асыйаг уазæг дзуры:

– Фæстæмæ æгады цыдæй нал ацæуыдзынæн.

Æхсæвы схуыссыдис, райсомæй фестадис æмæ та йæм дзурынц, сæфынмæ æгæр æвгъау дæ, дæ хæдзар бацагур, зæгъгæ. Фæлæ нæ бакоммæ каст. Бахордта, йемæ йын æртæ кæрдзыны æмæ иу авг арахъхъ сæвæрдтой, фæндаг ын бацамыдтой, загътой йын, дæхи хъæргæнæг скæндзынæ, æмæ дæм йæхæдæг зындзæнис.

Афтæ ныццыдис Гæлиатæм, цъынайы цур хъæр кæны, фæлæ калм нæ зыны. Цуанон уæддæр ахæм хъуыддæгтыл ахуыр у, æркастис, æмæ калм цъынайæ æрбырыдис, стæй йæ фæд уæлæмæ ацыдис. Лæппу йæ

фæд-йæ фæд уæлæмæ цæуы. Калмы фæд Гæлиаты сæрмæ лæгæтмæ бацыд. Лæгæты дуармæ хъæр кæны, фæлæ калм нæ зыны. Æвæццæгæн, æфсæст уыдис æмæ хуыссыдис. Уæд æй цуанон мидæмæ бахста. Калм рагæпп кодта æмæ йæ йæ хъæлæсы рахаста. Лæппу йæ куы бамбæрста, топпæй ницыуал бакæндзæн, уый, уæд æхсаргард фелвæста æмæ йæ уымæй кæрдын байдыдта. Куитæ дæр æм лæбурынц. Афтæ Гæлиаты доны цурмæ æрхæццæ сты, Фæроны кувæндоны сæрмæ. Æмæ йын уым карст фæцис. Афтæ Гæлиаты, ныр скъола кæм ис, уырдæм куы 'рхæццæ ис, уæд æртæ кæрдзыны систа, авджы дзаг æмæ скуывта. Иу сыкъа банызта, æртæ кæрдзынæй дыууæ куитæн радта, иу та дзы йæхæдæг бахордта. Куитæ кæрдзынтæ бахордтой æмæ хуысгæйæ баззадысты, уæд йæ бæх дæр йæ быны ныгуыпп ласта. Йæ саргъ систа æмæ, кæд мæ фысымтæм уæддæр схæццæ уаин, зæгъгæ, рæвдз уайын байдыдта. Йæ фысымтæм ма бæргæ схæццæ, фæлæ уым ахаудис. Афтæ ма афæдз фæцардис æмæ амардис.

Ныгæнгæ дæр æй Мыстулатæ бакодтой. Абон дæр йæ ингæн бæрæг дары, калм кæм амардта, уым, дам, цалдæр азы кæрдæг дæр не 'рзадис.

Ахæм хорзы бацыдис адæмæн асыйаг лæппу, йæ цард радта адæмы сæрвæлтау. Гæлиаты зондджын адæм цардис, æмæ иубон æрæмбырд сты, æмæ сын уæд сæ хистар дзуры:

– Ацы балхъайраг лæппу нæ сæрыл йæхи цард снывонд кодта, мах нæ ныфс кæмæ нæ хастам, уыцы знагæй нæ фервæзын кодта. Къæмынтæ йæ суазæг кодтой, æмæ йын туджы фынг скæнæм. Туджы фынг ын скодтой, стæй баныхас кодтой – Къæмынтæм зæххытæ нæ уыдис, æмæ сын уæд Гæлиатæ лæвараæн сæ зæххыты 'мбис радтой.

Афтæ Къæмынтæ балхъайраг лæппу æмæ Гæлиаты руаджы зæхджын баисты.

*Радзырдта сæ Байсæнгъуырты Мысаби, 88-аздзыд,*
*ныффыста сæ Езеты Андрей*

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

## СКЪОДТАТИ ЭЛЬБРУС

(1959)

*Поэт, прозаик, драматург, публицист, тæлмацгæнæг. УФ-йы Фысджыты Цæдисы уæнг, УФ-йы Фысджыты Цæдисы правленийы секретарь, литературон-аивадон журнал «Ирæф»-ы сæйраг редактор.*

*1977 азы иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци Сырх-Дыгуры астæуккаг скъола, 1983 азы та – Цæгат Кавказы Хæххон-металлургон институты арæзтадон факультет. Куыста арæзтады алыхуызон объектты æмæ проектон институты.*

*Скъодтаты Эльбрусы уацмыстæ мыхуыргонд цæуынц Цæгат Ирыстоны æмæ Уæрæсейы литературон журналтæ æмæ газетты.*

*Эльбрус у 7 поэтикон æмæ иу прозаикон чиныджы автор. 2018 азы йын мыхуыры рацыд сывæллæтты чиныг «Уодигага». 2019 азы ты йын Мæскуыйы рауагъдад «Российский писатель» ныммыхуыр кодта йе `мдзæвгæты æмбырдгонд «Хруст снега».*

*Мыхуырмæ бацæттæ кодта хицæн авторты 70 чиныгæй фылдæр. Уыдоны `хсæн сты: «Нартæ» (мифологи æмæ эпос дыгурон æвзагыл), «Дигорон адæмон сфæлдистадæ», «Уадзимистæ» (Гарданти Михал), «Зæрди дуар» (Багъæрати Созур), «Искурдиадæ» (Гадати Лазæр), «Камал» (Ходы Камал), «Драмон уацмыстæ» (Ходы Камал), «Сурмей хæдзарæ» (Малити Васо) æмæ æнд.*

*У РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг (2016), Национ преми «Нарты фæткъуы»-йы (2009) æмæ Твардовскийы номыл Патриотон поэзийы æппæтуæрæсеон конкурсы лауреат (2019).*

*2012 азы йын лæвæрд æрцыд Н. Михалковы «Уæрæсейы культурæйы фонд»-ы Кады гæххæтт, 2020 азы та – майдан «Цæгат Ирыстоны кадæн».*

*СКЪОДТАТИ Эльбрус*

# ФÆСОНИРХÆГ. НАДИ ФИЦЦАГ ÆМБЕС

*Радзырд*

Ци æма куд, зæгъгæ, уæхæн фарстатæ дæмæ нури уæнгæ некæдма фæззиндтæй. Цудтæ æма цудтæ æнæмæтæй. Æнæсæр догъ кодтай.

Æваст фæллæудтæ нади бæрæгастæу. Æркастæ дæхемæ. Æрæстæфтæ, бонхуæздæргæнгæ нæ цæуй. Æной ба боз фæуууодзæнæ! Кенæ ба мах фæббоз уодзинан?!

– Бонвуддæргæнгæ ке нæ цæуй, уобæл дин цийнæ кæнгæ 'й! – зæгъгæ, дæмæ исигъусуй кæцæйдæр дæ зæрди рæбунæй.

– Куд нæ, куд! Æндæр ма ци нæ косун! – дæ хъурæй масти æвдулд устурдзурдтæ исхаудтæй.

– Федæнмæ дæ къилдун исхаттай. Фæсонтæ 'рдæмæ имæ ислæудтæ. Е дæмæ раст кæсуй?.. Надбæл ци хед адтæй, е дæ къæхти бунæй дунд-дæлингæ æрбацæй. Устур форди астæу равзурстæ, æма дæмæ донуордæгæй æрбайгъустæй:

– Дони банадтæ, уæд гъæуама аци билгонмæ æрбахъæртай, уæдта дæ над идарддæр дардзæнæ дæлæмæ. Æ тæнгутæмæ дæр ин ма гъавæ, е нецæй лæги бæрæггæнæн æй. Æрфитæбæл æй цæхгæрмæ æрбафадæ!

Дæ бауæр фурадæргæй ниррезæнгæ кодта.

– Ма тæрсæ! Е дæ сæри хъанз æй. Уордæг билгæронмæ дин æй æз баерхафстон, æма дæмæ е седуй, рауай, ци фæддæ, зæгъгæ.

Дæхе нæуæгæй рæстæрдæмæ разелун бæргæ гъавтай. Нæ дин бантæстæй. Дæ гурæ нæбал бакумдта. Е 'рух исаразта рагдуйнемæ, æнæвнæлд æрдзæмæ. Бауæрæн, æвæдзи, уоми хуæздæр æй.

Ци кæнай? Куд кæнай? Дæ цæстингас царди медесмæ æррæстæ нæбал æй. Кæрззилд фæккодтай дæ катаййи усми. Дæхебæлти, дæ сæри хъалхъоси хурфæбæлти рауагътай дæ каст усхъунмæ хаттæй. Æви дæ цæститæ нæ разилдтонцæ?! Дæ бæрзæй кæд æрцудæй æздухт?! Е ба уæд куд æй, уотæ карз дæ ка бафхуардта? Дæ гурæн евгъудæрдæмæ хатт е 'рух, дæ сæрæн бабæй фицца-

гау — федæнмæ. Фæндуй дæ фæстæмæ раздæхун, цæун ба дæ размæ гъæуй.

Еци еу адæймаг нæбал дæ. Фæддууех дæ. Дæ дууæ æрдæги дæ фæйнердæмæ ивазунцæ: сæр – размæ, гурæ ба – фæстæмæ. Дууæ билгоней астæу бафтудтæ. Етæ дууæ артемæй фуддæр æнцæ. Ци дин кæнгæ æй, уой нæбал ахæссис.

– Дæ уодмæ игъосæ!

Цæмæдесæй нийгъустай. Дæ уод дæр, цума, дувæндæ кæнуй: нæдæр – еуæрдæмæ, нæдæр – иннердæмæ. «О мæ уод, кæми дæ?!» – зæгъгæ 'й райагурдтай. Не ссердтай æй.

– Ци ма кæнон, мæ уод дæр æй ку нæбал лæдæруй! – дæ кæунгъæлæстæ хъурихатт ме сконди нийййазæлдæй.

– Кæддæр имæ нæ байгъустай, æма дæбæл фæззæрдихудт æй. Нæ дæ, зæгъун, гъæуй дæ уод, кæд æй нæ банимадтай, уæд. Ци амонд дин лæвардтон, уой нæ бакомгæй ибæл гадзирахаттæй рацудтæ. Дæхе медæгæ дин æй ниууагътон. Уой еугур ист ракæнуни бартæ мæнмæ нæййес, фал имæ барæ ба дарун æма ма 'й мæхе ивæрæни дæр ниввардтон. Æррæстæ æй арфдæри бафснайдтон, дæ къох имæ куд не 'рхъæрта, уотæ, æндæра 'й еугур гæлст ракæндзæнæ. Берæ рæстæги дæргъци дууæ цъарей медæгæ æхгæд адтæй: дæу æма мæн. Нура дин æй мæхердигæй игон кæнун. Еугæр де 'зинæмæ, фæстæмæ де 'ргон рахаттай, уæд уомæн дæр æ афонæ æрцудæй. Дарун æй куд базонай, уотæ дæ бадардзæнæй дæ фæндаги дуккаг æмбес цæугæй.

– Нæ, нæ!.. Атемæй исахур дæн ... æнæбари... Ци ма си аразун? Цæмæй мин æй нæуæгæй райсай æма мæ дуккаг мард ракæнай, уой туххæй ма мин æй дæттис?!

– Æз уодесæг нæ дæн, уæдта дин æй рæхги есгæ дæр неке ракæндзæй мæн сæрти. Дæу хабæрттæ æз дæхецæй раздæр базонун. Тухсгæ ма кæнæ, фал дæ нуртæкки куд фæндуй, уой ми ма баримæхсæ, æза дин фенхус кæнон.

– Ду мин æй зæгъæ, ду! Дæхе ку стауис! Æз ба, ци мæ гъæуй, уой ку зонинæ, уæд мæгур дæр нæ уайнæ. Ду тухгиндæр дæ, уой алцæмæй дæр балæдæрдтæн. Кæд мæ къуммæ тæрис, ци мæ фæндуй, зæгъгæ, уæд бал мæ фиццагидæр аци фордæй раефхæссæ. Ци мæбæл æй æртеголæ кодтай! Дæуæй уотæ, дæу куст ке æй, уой нæ зонун! Сухæ надбæл мæ нæуæгæй æррæсадзæ.

– Гъа, мадта, е дин – мæнбæл! Æрмæст дин дæ арæзт нæма 'ййевун. Æрма дæмæ кæститæ кæнон...

Цæстифæнникъулдмæ бабæй нæуæгæй нади хедбæл равзурстæн.
– Нура мин нецибал æй. Уæддæр дони æгадæ ластæй нæбал тæрсун. Нæ дзубандимæ æрæздæхæн. Еугæр мæ æнæуодæй фæццардтай айуæнгити, уæдта мæ нур ба мæлун нæбал фæндуй. Æной дæр æфсæндогæ растадæй, æма лæги цард исæносон уодзæнæй. Ахурадæ ймæ бунтон хæстæгутæ æрцæй.

– Зонун æй. Æрмæст е цард нæ хундзæнæй, фал – уйнадæ. Æнæ уодæй цард нæййес! Кæрæдзебæл баст æнцæ. Уод кæми уа, цард дæр уоми ес, уæдта цард кæми уа, уоми уод дæр ес. Мабал рæдуйæ. Райсæ дæхеуон!

– Есун æй. Фал ма мин уой размæ уæддæр балæдæрун кæнай, куд алцизонæг, уотæ: мæ сæр нæуæгæй æ раздæриккон æргон цæмæ райста, федæнбæл ку нæбал æууæндтæн æма ймæ сунтæрдæмæ ку слæудтæн, уæд? Ести æнгъæлдзау бабæй имæ иссæй? Мæ гурæн ба ма надисæри 'рдæмæ хаттæй цæмæн æй е 'рух? Цæмæ игауй уоцирдæмæ? Ци ин си байзадæй?

– Уарзт! Уой рохс тунтæ дæ æркодтонцæ лæуун дæр тæккæ нади æмбесбæл. Де 'ргон дæр дин е рахатта æхердæмæ федæни æрцæуйнаг дессæгутæй, е ба дæ æ кæунгъæрæй байагайа. Æ мæгури зæрдтæй ма цæбæлдæр æууæндтæй уал анзей фæсте дæр, кæд дæмæ си, зæгъгæ, уæддæр еу ести багъаридæ. Уой дзиназун дæмæ игъусуй абони уæнгæ дæр, – ма мæ, зæгъуй, ниууадзæ, райсæ мæ де 'дард балци дæ хæццæ! Кæсуни барæ ба дæ нæййес уой æрдæмæ. Мархуа дин æй! Дæ цæсгон «æхснад» æй æма фæсмон кæнæ. Æхснæ дæ тæрегъæдтæ кæронмæ. Нуредæгæн бал син сæ фулдæрей де 'нæуоддзийнадæй фæффистай.

– Хъæбæр мæгур дæ, мæн уæхæнттæй ка тæрсун кæнуй! Етæ неци 'нцæ. Еунæг дзиназун дæр не 'гъосун æма еунæг фæсмон дæр нæ кæнун. Æррæстæ мæ гъостæбæл цидæр дув-дув рауайуй, æма мæ зæрдæ уомæй еу минкъий ратухсуй. Фал мин уæддæр дæ еци «Уарзт» фæйййинуни фæрæзнæ исмадзал кæнæ. Исцибæл мæ кодтай дæ нæуæг хабарæй. Æндæра дин æ афони ке нæ бакумдтон, е мæ нур дæр уотæ æхсицгæн нæ гъæуй. Ци 'й, уомæ, зæгъун, уæддæр æркæсон мæ абоний фæлтæрд цæстæй. Ку æй исдессаг кодтай. Цæмæй дæмæ

уотæ уæлйауи æвæрд æй – нади сæри?! Уæдта мæ гурæздухтæй дæр цæмæ дари?!

– Сауæнгæ, дæ гурæздухт – дæ тæрхон æй. Уæхæн карз тæрхон дин мæ тæккæ мæхуæдæг рахастон. Æз дæ низзулун кодтон. Цæмæн?.. Номхундæй – тæккæ еци «Уарзт»-и туххæн. Цæстæй æй раздæр дæр хъæбæр дзæбæх фæууидтай, æма си ци рауадæй! Цума ди зуймон бони армидзаг мет ихæсæй дардтон, уæхæн аргъ искодтай мæ зæрдибунæй лæварæн. Уарзт ба тæносонд æй, минкин. Гæзæмæ йбæл куддæр æнарæхстгомау бамбæлай, уотæ дæ къохти æрбатайдзæнæй; куддæр имæ уазалгомау каст бакæнай, уотæ дæ цæстити цорæй æрбайсæфдзæнæй.

– Кæд рæдуд æруагътон æцæгæй дæр, уæд мин уой исраст кæнуни барæ радтæ. Хуцауæй мин ракорæ, дæ сæрæй ин ниллæг æрковæ. Уой бон æй рæстæги цуд аллирдæмæ исаразун дæр. Æрмæстдæр уой!

– Уой бон дæр нæй – æ дзурд некæд сайуй. Сахат раги исаразта. Æнæрлæугæ цæуй еугуремæн дæр еухузи уагбæл: æрмæстдæр размæ, федæнмæ. Айдагъ дæу номæн куд раййева дуйнейон фæткæ!

– Æной ба дин цæбæл лигъстæ кæнун нур! Цæй рæдуд æруагътон! Æррæстæ дин дæ сау хъаурæй тæрсун, ескæми мæ ку бахъор кæнай, зæгъгæ. Уомæй фæстæмæ ба дæхебæл дæр, дæ «уарзт»-бæл дæр не 'рæхснирсинæ.

– Фæстæмæ мæмæ ма дзорæ! Игъосгæ кæнæ, кенæ ба дæ дзæгъæлæй ниууадздзæнæн æма æносмæ ахæвдæгæй байзайдзæнæ. Фал атемæй мæ еугур дзурдтæ дæр мегъæмæ 'нцæ. Неци син лæдæрис. Æрмæстдæр сæ уоди фæрци банкъардзæнæ. Гъа, райсæ 'й! Дæ уод – дæ барæ!

– Исуадзæ, æма 'й мæ еугур бауæри дæр рацæун кæнæ... Сабийи хузæн исун мæ цæмæдæргæсгæ æрфæндæадтæй: ходагæ, кæуагæ... Еу инсæй анзей дæргъци ми цæстисуг нæбал æрхаудтæй.

– Куд дин æй?

– Мæнæ мин ци 'хцæуæн райаразтай! А ба æндæр цидæр ку æй! Йа, Дуйнескæнæг ди исбоз уа! Мæнæ мæ куд æрцардта! Амæй фæззæгъунцæ, мæ уод мæ медæгæ æрцæй, зæгъгæ.

– Хæлар дин уæд дæ уод, мæ хъазар!

– Тæходуйтæ, аци фæлмæн бони рохсæй ескæд бафсæдæ, æ адгин адæ ин лæдæргæй!

– Ægær мама цийнæ кæнæ. Алкæд фарсбæл нæ ниццæфсуй æма мастмæ рахезуй. Дæхемæ кæсгæ кæнай.

– Уау-уау-уауу! А ци æй! Ци мин рамурхтæ, дзæбæх ку адтæн?! Рамæлгъистай!..

– Æз æлгъетгæ знаги дæр нæ кæнун. Ке батухсуниау адтæ, уой ба развæлгъау зудтон. Ци рауæн дин ресуй?

– Мæ фарс.

– Е дæ уод æй. Неци дин æй. Ресæ, ресæ! Е хуарз æй... Ести игъоси?

– Гъарæнгæ, æрдеуагæ. Сауæнгæ мæ къахи бунтæй райдайæ æма мæ сæри гъунти уалдæнгæ рагъардта ме 'гас бауæри дæр.

Цæмæн ма мæ багъудæй аци гъезæмарæ! Ай бæсти мæ дуйней дæр ку неци фæуузидтайнæ! Мæ бон нæбал æй!

– Бабухсæ. Ести дин æргъуди кæндзæнæн.

– Дæ Хуцауи хатирæй, ци æнæхатир дæ. Мабал мæбæл гириз кæнæ. Мæ уод есун! Еунæг хатт ма мин фæууинун кæнæ еци æнæхаири уарзт, уæдта мæ маргæ дæр кæнæ. Мæ рæдуди фæстауæрцон æма æнауæрдон цæфтæй мæ ратонæ. Æвзонгæй ма гъæла адтæн, ци исафун, уой нæ лæдæрдтæн. Нура уотæ некæдбал бакæндзæнæн. Исмæраст кæнæ...

– Бавдесдзæнæн дæмæ 'й, раст ба дæхуæдæг кæндзæнæ дæхе. Ægær берæ ми ма домæ, цæсгон дæбæл уæд. Раздæр ми гъудæй пайда кæнун, уæдта арæхдæр, æма дæ рæдуйун нæ уагътайнæ. Нур ба, дæ цæстингас нади дæллаг кæронæрдæмæ 'й æма уоцирдæмæ дзæбæх гъæуай кæнæ, æза дин æ сорæт бавдесон. Дæ цæститæ неци фудгин адтæнцæ, 'ма дин уони барæвдауон. Дæ гурæ ба бал гъезæмарæ кæнæд. Кæд еу бони сæри дæ къахи бунтæ иссугъдæг уонцæ, уæд хуарз уодзæнæй. Фулдæр дæхецæй аразгæ 'й. Фæрæзнитæй ма дин æз дæр фæййагъаз кæндзæнæн. Размæ кæсис?

– Кæсун.

– Ести уинис?

– Уинун. Сæнтсурх деденæг, дарикена... Е ци алæмæти дессаг æй? Е ци тæмæс æй?!

– Ци?

– Æ хурфæй гæлæбойау цæйдæр сорæт истахтæй. Уацæрохсæй фæйлауæнтæ кæнуй. Æрбамæбæл уолæнтæ кодта. Мæ уод æрæллау æй. Мæ рист æрбайсавдæй... Барæнæуай, барæнæ! Æ цæсгон мин цидæр зонгæ æй. Кæмидæр ма 'й цума фæууидтон.

– Хуцау дæбæл æ бæлах ку нæ ниввардта, цитæ ин ниммурхтæ уæд, цитæ! Дæ къох кæмæ исистай?

– Мæ къох некæд некæмæ исистон, фал имæ мæ къох даргæ дæр нæ бакодтон. Æхе артæй æй нæ фæйййервæзун кодтон, нæй балæдæрдтæн.

– Устурзæрдæ марæгæй дæр фуддæр æй!

– Нур ма ци мæ бон æй...

– Дæ надмæ дин æривардтон дуйней медæгæ тæккæ рæсугъддæр деденæг – Уарзт. Дæ къохæй дæ бахудтон æ размæ. Дæ цардæй – аргъау, дæхецæй ба – æнайййепп адæймаг исаразунмæ гъавтон уой фæрци, фал фудæнгъæл фæддæн. Нæ ди уайуй...Куд æй, уотæ уæд. Алцидæр æхе бунати 'й. Дуйнескæнæг, æвæдзи, æхуæдæг дæснидæр æй.

– Кæронмæ мин æй æрдзорай, мæ сæр уæд æрра адтæй 'ма ин нецибал гъуди кæнун... Уæхæн уавæри алкедæр ниххатир кæнуй.

– Дæ амондбæл билæскъелæй исевгъудтæ фиццаг. Мæн дæр нæбал бахизтай, гъæладзорæ, дан, ма кæнæ. А ба ма мин ци адтæй, зæгъгæ, фездахтæ æма йбæл, зæгъун æнгъезуй, дæ къæхтæй æрхæттæлтæ ластай. Нийæздухтитæ кодтай дæ къелæй, ниуурстай æй. Сау зæнхæбæл æй нийсарстай. Æрдо дæр ди не сæзмалдæй, уотемæй рандæ дæ. Дæ дзабурти бунтæ дæр нæбал ниссæрфтай. Æ уоди тæрегъæдтæ ин фæххастай дæ къæхти бунтæбæл. Дæ уод дин мæхецæй нимбарзтон, æндæра 'й уони федгæй исистайсæ. Сæ фулдæр хай син мæхемæ райстон дæу бæсти.

– Йа, Хуцау ди ма уа, мæхе ци амалæй исраст кæнон, уой ма мин байамонæ. Размæ куд ледзон, мæ фæсонтæ фæстæмæ хæсгæй. Иннердæмæ дæр куд цæуон, мæ сæр мæкъурæрдæмæ здухтæй. Дзæгъæли фæццудтæн мæ нади растæмбес...

– Æ дуккаг сæйрагдæр æй...

– Ка дæ, уой лæдæрун мæ Фæсонирхæгæй, фал мин дæхе нæма раргон кодтай?!

– Бамæзондзæнæ...

# ФÆСОНИРХÆГ.
# НАДИ ДУККАГ ÆМБЕС

– Йа, гормон, кумæ ледзунмæ гъавис дæхецæй, дæ гурæ дæ бæлдтитæй изолдæргæнгæ ку цæуй: е – размæ, етæ ба – фæстæмæ.

Гæлдзис бабæй дæхе нæуæг æвзарæнтæмæ. Цæуис, ци дæ хезуй, уой нæ зонгæй, ци не 'нгъæл дæ, уонæбæл, цид, æвеппайди æмбæлгæй. Дæ нади фиццаг æмбесбæл фæсмон дæ æнцойнæ нæбал уадзуй. Гъавис дæхе исраст кæнунмæ.

Цæуис, лæгæрдис æнгъæлдзауæй. Æнæфсес дæ уæлцарди, стонг дæ, уæлбилæ ка нæй, зингæ дæмæ ка нæ кæнуй, еци асхъод цæмæдæрти. Фæндуй дæ, ци нæ уинис, уæдта, кай зонуй, уогæ дæр дуйней ци нæ ес, уони дæхе бакæнун, дæ уоди ниввæрун. Нæй дæ бон æрæнцайун. Æмпурсис, – лигъз надбæл рæхцгæ кæнис, рæхцæг ба дæ еминæн уинис. Дæхе уоцихузæнæй нæ уарзис.

Дæ уæрдуни зæронд æфсæнтæли толдзæдæндаг цæлхитæ къузуртæ, хурæ-зурæ, æвецуг рауæнтæбæл æрхунæй марунцæ сæхе. Дæ уоди тæфагæ ниххизтæй дæ еци уæрдуни æма дæхе хузæн иссæй: бæх – сæр, уæрдун –гурæ, цæлхитæ – къæхтæ.

Уонæбæлти 'й батæрис, еци æвæд рауæнтæбæл. Гъæуама дæ уотæ исцæгъда, æма дæ хурфи дзаумæуттæ исæмхæццæ уонцæ: зæрдæ, маст, сæри хъанзи хæлæмулæй ди, зæтъæрай хузæн, еу бауæргъæдæ рауайа, дæ ургбунтæ дин ниххуайа, æма уæд дæ уасæ иссердзæнæ.

– Йа, гормон! Æруодæнсæ, еци кари нæбал дæ! – де 'уони рæбунæй дæ кадæр дæхемæ исдзорун кодта.

– Куд нæбал? Цæрун нур ку райдæдтон, лæдæрун, æнкъарун! Мæнæн зæрондгæнæн нæййес. Зæруæ уогæ дæр ци æй?!

Зæруæ нæййес! Æ кой ин ма кæнæ, – уæд исæфт дæ!

– Йа, гормон! Ци байтамал дæ æма ци æнæрæститæ дзорис... – зæгъгæ, бабæй дæ еци кадæр исрæгозæ-исрæгозæ кæнуй.

– Æз цæрун алли усми, алли цæстиникъулди дæр нæуæгæй райдайун. Алли тæппи, алли стъæлфи дæр мин нæуæг, дзæхъиртт нæуæг, бунтон æндæрхузи дуйне ес. Æрмæстдæр æй райахæссун фæгъгъæуй: цæстæй ибæл фæххуæцун, гъудийæй æргъуди кæнун, байуорамун, аргъ ин искæнун, басиархайун... Æз алли уæхæн стъæлфи хурфи дæр мæхуæдæг æнæкæрон минкъий стъæлфæ ку фестон, уæд ейæ ме стур дуйне уодзæнæй. Зин æй афонæй усмæ райахæссун, уобæл, гæлæбоахæссæнау, гъудий хизæ бахсун, – æма уотемæйти евгъуйунцæ а изæддон царди дессæгутæ: нæ бауарзгæй, нæ балæдæргæй, нæ банкъаргæй, ка æма ци ан, цæхæн исфæлдесæги фæрци æма цæмæн фæззиндтан. Гъæугæ ба куд æхсицгæн кæнунцæ! Æви æгириддæр

нæ?! Æррæстæ, не сконди цæмæдес бафсадунмæ, æндæра нæ некæми гъæунцæ?! Неци нæ гъуддаг ес нæхе æнæзингæ уодтæмæ кизгæвзарæн кастæй кæсунмæ. Æхе неке скодта, æхегæнæг ка нæ уа, е ба æхемæ маци барæ дарæд! Æррæстæ уо! Æррæстæ цæрæ, е ба дин æнцондæр уа. Фал – нæ! Дæу æнцон ку некæд гъудæй, дæу дессаг гъудæй: дессаг хуарз, дессаг лæгъуз, дессаг ести, дессаг дессаг...

– Йа, гормон, байтамал! Цæйбæрцæ рацудтæ, цал ампъези ракодтай зæнхæбæл, цал уафси батар кодтай æма цал уæрдундзалхи бафехсуйун кодтай?! Уæддæр де 'рух размæ 'й, не 'ййевис де 'ргон, хеваст дæ, хецмæрез... Цæуис цæйдæр комкоммæ, цæуис æнæцъаппæй, æндиудæй, кæд мæ æнæзæгъгæ нæбал уадзис, уæдта – «æдзæсгонæй». Нæ уинис, цæхæн къæдзæхти фæрсти бахезис, ци денгизти хурфити банаис. Не стæфис, ци æрттитæй раервæзис æнарудæй... Ци дæ, ка дæ?

– Нæй зонун, мæнæй кæнгæ нæй, æрмæст мæнæн ба кæнгæ 'й мæ кæнуйнаг. Кадæр мæ гъар зæнхæбæл æррæсагъта æма мин æргомæздæхт æрдæмадæ равардта. Аллихузи мæрзæздухт хæнхитæй зæнхи бауæр нæ зиндтæй, уойбæрцæ адтæнцæ. Сæ еуемæ мин ниййамудта, а дæу æй, зæгъгæ. Мæ сæр мæбæл разилдæй, фал мæ еци кадæр хаун нæ бауагъта. Фæстегæй æви разæй лæудтæй, уой дæр нæ фæууидтон, фал мин мæ усхъитæбæл фæхххуæстæй дууæ æфсæн къохемæй æма мæ фездухта, мæнацирдæмæ, зæгъгæ. Идарддæр ба мин амонун нецибал багъудæй. Еууæ-дууæй райдæдтон нæдтæ барун. Мæ сæри хъанзи финст æй мæ алли къахдзæф дæр. Цидæр æнæзонгæ дамугъатæй, цидæр нимæдзитæй. Мегъи фæлмæ сæбæл бадуй, байаргъаун сæ мæ равгæ нæй, фал мин еу æнахур дессаг æнхусгæнæг фæззиндтæй æрæги.

Æхе мæмæ нæ равдиста, æ ном ба загъта: «Æз Фæсонирхæг дæн. Мæ бон берæ ’й!» – Уæдæй ардæмæ мин е алцидæр амонуй, куддæрхузи лæдæрун кæнуй:

– «Ин-нæ ам-пъез у-у-уотæ...»

Еунæг фицдаг дамугъа кенæ нимæдзæ мæмæ равдесуй мæстмæлæнæн. Нæбал мин иской кæнуй, изолдæр ци уодзæй. Цæмæннæ?.. Кæд, æхе мæ зæрди æрæфтаунмæ, «æз ма ами дæн, мæнæ дæн, дæ тæккæ рæбун, дæ хуæдсæрмæ, кæд мæ нæбал уадзис, уæдта – дæ рони», – зæгъгæ, зæгъунмæ? (Фæсонирхæг бостæгæнагæ'й, уой зæрдихудти бацæунæй рæхги исæфтæй игъауги нæййес!) Гъома, ду, дан,

сабур лæууæ, сибиртт дæр ма кæнæ, дæхе ести ма бангъæлæ, æз дæ ку не 'нгъæл кæнун кæнон, уæд. Де 'хæс, зæгъуй, æнхæст кæнæ, де 'хæс цæун æй, æррæстæ дæ къах исæнхуæрсисæ, идарддæр ба дин æй мæ коми тулфæ æхуæдæг хæсдзæнæй:

– Дæ къахбæл исхуæцисæ, зæнхæй æй исцох кæнисæ, – е дæ зиндæр гъуддаг, фал уоми дæр ме 'нхуси хай лæдæрæ. Кæсай, мæнæ атæ: еу, дууæ, æртæ... Ма 'рлæууæ! Уæдта лæугæ дæр не 'ркæндзæнæ, цалинмæ дин дæ бозий æрбалвасон, уæдмæ. Дæ бозий мæ къохти æй!

– Æма æзинæ, бæхуæрдуни бадгæй, бозий мæхе къохти ку адтæй. Нади бæрæгастæу мæхе зæрдтæй ку 'рлæудтæн, дæу ку некæми 'рæстæфтæн, уотемæй?.. Æгæр бауæгæ дæн æма æрлæудтæн.

– Е дæмæ кæсгæ уотæ кæнуй. «Фæлладæй» ци зæгъис, уомæй ба дæ «фæллайун» дæр æз бакодтон. Уæдта, «æрлæуун» ке хонис, уоци гъуди дæр дæ сæри æз бауагътон, æз дæ æруорæдтон.

– Хуцау мæ ку фæууидта дæу хæццæ: фиццаг мæ нецæбæл банимадтай, æма ми е æруагæс кæнун байдæдта, уæдта мæ бустæги гъæлабæл нимайун байдæдтай. Уæддæр сæ сæ бунæттæй раййивтайсæ: гъæла неци нæй, гъæла еу цидæр æй уæддæр...

– Зæгъун ма дин æй еу хатт дæр: фæллайгæ дæр нæ бакодтай, лæугæ дæр не 'ркодтай. Æррæстæ дæ, дуккаг формулæй исцохгæнгæй, æртиккаг формули бæрагæ бакодтон, æма уой æууæлти аккаг иссæй дæ архайд. Æндæр дæр – некуд! Нæй лæдæрис, æвæдзи, нур ке лæдæрис, уой дæр – мæн фæрци! Ду мæн дæ, кæд мæ уотæ хонис, «мæ фæсонирхæг», зæгъгæ, уæддæр. Æрмæст, æз дæу нæфал, ду мæн ке дæ, уой дæр бабæй нæ лæдæрис. Гъенур дин æй фиццаг æма фæстаг хатт зæгъун. Дæлæ дæ къæхти буни еци листæг цъæх дор исесай зæнхæй дæ къохмæ. Гъенур ду уой дæхе не 'нгъæлис? Фæндуй дæ – фехсæ 'й, фæндуй – дæ дзиппи 'й ниввæрæ, фæндуй – æндæр дууæ доремæй æй ниххуайæ! Фал, е дæу куд æй, ду уомæй мæн хъæбæрдæр дæ. Уой дæр дæу къохти æз басагътон: куд бардзурд дин радтон, уотæ ин бакæндзæнæ.

«Æууæндун дæбæл байдæдтон, дæ бæрзонддзийнадæ, Фæсонирхæг!»

«Мадта ди æнзтæй дæр æз хестæр дæн, дзæвгарæ хестæр! Æз дæуæй миллиард анземæй дæр раздæр фæззиндтæн. Фиццагидæр, Хуцау ке хонæн, еци Дуйнескæнæг тухæ æхе саразта, уæдта – æрвон

итигъдадæ, алцигъон ке æй, уомæ гæсгæ. Цæмæй сфæлдиста æхе, уой ба дæу нæ, фал мæн бон дæр нæй зæгъун, – уæлдæр исфæлдесондмæ æхе ивазунмæ неке неци гъуддаг ес, хъæртгæ дæр имæ не скæндзæнæй. Дуккагæй ба, мах изæдтæ 'ма идаугутæ ке хонæн, уони, зæгъуй, æхецæн æнхусгæнгутæн исфæлдиста Хуцау æма сæбæл ихæс ниввардта, дуйне цæмæй аллихузон коми тулфитæй байдзаг кæнонцæ. Етæ дæр, айдагъдæр æндæмæ уолæфун байдæдтонцæ, æнæ медæгмæ уолæфгæй, æма æрвон итигъдадæ æгæрон берæ фæсонирхæгутæй байдзаг æй. Еци хори тунти бæрцæ фæсонирхæгутæ æнцæ фæлдесондти æртиккаг фæлтæр, æма сæбæл цæуй берæ æрзæ æрзи, æнæкæрон берæ минанзонтæ, айдагъдæр Хуцау уæдта изæдтæ 'ма идаугутæй æнцæ кæстæр. Уонæй рахезгæй ба сæхуæдтæ 'нцæ дундуйнети алли-алцæй æвзурæн. Тобæ, тобæ! Хуцау изæдтæ 'ма идаугутæн бардзурд равардта, цæмæй æнæбæрцæ фæсонирхæгутæн уодтæ æма бауæртæ дæтгæ цæуонцæ федæнмæ, нурма ка нæма зиндтæй, еци æрцæуйнаг дзамæнтти, догти хурфæмæ. Уотемæй фæззиндтæнцæ дуйней дессæгутæ: стъалутæ, мæйтæ, зæнхитæ, цæрæгойтæ, ирæзæг хæлттæ, денгизтæ, хуæнхтæ... Ду «дæхе» ци фæсонирхæг хонис, е дæу хузи агъоди, дæ уод æма дæ бауæри цалинмæ нæма бацудæй, уæдмæ ауиндзæгæй лæудтæй уæлæрвти. Æ афонæ ку 'рхъæрттæй, уæдта йбæл, ду дæхе цæхæнæй уинис, уæхæн дарæс конд æрцудæй. Мæ хъæппæл дæ, атæ дзæбæх расагъæсгæнгæй. Хъæппæл ба зæронд дæр кæнуй, фехсуйгæ дæр, æскъунгæ дæр, берæ йбæл ку нæма рацæуа, уæддæр».

«Дæ цагъар, дæ дзаума дæн, арази. Фал дæ цæмæн гъæун? Кæд æнæ мæнæй миллиардгай æнзтæ фæццардтæ, уæд мæнæй ба еци цæсти никъулдмæ, еци цубур усмæмæ ци аразис? Сæнттадæ ми кæд кæнис, уæд мæ æнаййепдæр æма аййевдæр цæмæннæ скодтай? Кæрдæг дæр æма хуйæг дæр дæхуæдæг ку дæ?! Кæд æз неци дæн, мæнæй аразгæ неци 'й, уæд мин уæхæн лæмæгъ, фæлмæн хъумацæй бауæр цæмæн скарстай, ресгæ ка фæккæнуй, æ нос кæмæн не 'ндæ кæнуй, æма мин цæмæн равардтай уæхæн ирд цæститæ, еци нос уинунмæ? Цæмæн ми бакодтай минкин уод, уоци рист æнкъарунмæ? Цæмæн мæбæл æрцудæй сæр сагъд, кæд мæ зунд мæ бæрагæ кенæ æхе бæрагæ нæй, уæд? Цæмæн мæбæл гириз кæнис? Ци мæ хезуй, уой мин рагацау цæмæннæ некæд загътай? Цæмæн ранихъуæрис æрдæгбæл дæ разæгъуйнаг фæстæмæ?»

«Гириз дæбæл нæ кæнун, мæстæй дæр дæ нæ марун. Гъуддаги медæггаг дин нæййес раргомгæнæн. Ærмæстдæр дин зæгъун уой, æма а дуйнеййи гъæугæ кæнис, æнæмæнгæ. Цæмæн? Цæмæй си дæу хузæн уа, номхундæй – дæу хузæн! Дæ тæккæ дæу хузæн! Уæдта… тæккæ уой, уæдта инней хузæн дæр. Дæу нисан æй гурусхитæ кæнун æма фарстатæ æвæрун дæхе размæ, æнæ сæбæл дзуапп ергæй. Куд фулдæр фарстатæй катай кæнай, тухсай, уотæ дæ нисан хуæздæр æнхæст кæнис. Гурусхити ка бафтуйуй, сагъæс дæр е кæнуй. Дæ сагъæстæ раги конд æрцудæнцæ дæ бæсти, игурд ку нæма адтæ, уæд. Дæ фиддæлти фиддæлти, дæ маддæлти маддæлти бауæртæбæл дæ æз недзаманти рауагътон... Уогæ, игургæ дæр раги ракодтай, де 'гурæн бонæй дзæвгарæ раздæр. Фал дæмæ куддæриддæр кæсуй, гъæуама дæмæ æрмæстдæр гъеууотæ кæса. Уотæ гъæуй.»

«Ду мæмæ, цид, сосæггæй ци сдзорай, уомæ мин æнæ игъосæн нæййес!»

«Æгæр беритæ дин фæдздзурдтон, мæнбæл дæр уойбæрцитæ нæ уайуй. Æз – дæуæн куд, уотæ мæнæн дæр хецау ес. Бафхуæрдзæнæй мæ, дæ цъухтæбæл, дан, цæмæннæ хуæцис».

«Хуарз, нецибал мæ гъæуй. Айдагъдæр ма мæмæ, дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр, еунæг курдиадæ ес: цæбæлдæриддæр дзурдтан, уони мин феронх кæнун кæнæ. Нæ мæ гъæунцæ, мæ сæри хъанз рæдовуй æма мин сæ уордигæй фесафæ. Ду уоми ку бадис, ду уоми хецау ку дæ, дæ дамугъатæ 'ма дæ нимæдзитæ, дæ формулити хæццæ... Туй мæбæл райвæрæ...»

– Мæхе «зæрди» дæр уотæ адтæй. Ардигæй фæстæмæ дин дæ сæри бауагътон уæхæн гъуди: фулдæр дæхецæй аразгæ 'й, цо дæ равзурст фæндагбæл, ма кеуæ, рохс кæнæ дæ фалдзостæ! Мæн дæр бустæги иронх ма фæууо, аргъ мин кæнæ. Иннæ фæсонирхæгутæй, ефстæгтæй фæстæмæ, неке неци дзоруй, ци бауæр æма уоди тухт æнцæ, уонæн. Фулдæр бауæр æма уодтæ, фæсонирхæг син ке ес, уой зонгæ дæр нæ бакæнунцæ, уотемæй къудурæнттау рамæлунцæ. Гъенур мæ дуккаг хатт макæдбал ракъахæ. Æнхус кæнун куд хуарз зонун, æфхуæрун дæр – уотæ. Ку гъæуа, уæд. Ærмæстдæр, ку гъæуа, уæд!.. Раст тæрхонæй æфхуæрун.

– Мæн неци гъуддаг ес. Тæрсгæ дæр ди кæнун.

– Мацæмæй ми тæрсæ. Æз дæу хуарзи туххæн дæн. Ци дин бай-

амудтон, уомæй фæстæмæ ма дæ ме 'нхус ку гъæуа, уæд мин уой ба зæгъун нæ гъæуй. Мæхуæдæг, цид, февзурдзæн æма ферттевдзæн дæ сæри хъанзи, дæ уод, дæ бауæри. Ауæхæн æргом дзубанди бæ нæмæ некæдбал уодзæнæй, амæй уоддæр дзубанди цæудзæнæй айдагъдæр еуæрдæмæ: мæнæй – дæумæ. Æма ма дин цæруни нифс дæттун, федар нифс, дæ уæгæ куд нæ мæла, уой туххæн: кæд æз дæуæй дзæвгæрттæ раздæр фæззиндтæн, уæддæр, ка 'й зонуй, æма дæу туххæн фæззиндтæн, æгæрон берæ æнзтæ дæу фæххизтон, цæмæй дæу бауæри бацæуон. Уомæ гæсгæ ба бæрæг нæма'й, нæ дууемæй æцæгæй ка сæйрагдæр æй, е: фæсонирхæг æви адæймаг.

...Уоййадæбæл Фæсонирхæги æнæзингæ сорæт, фæйлауæнтæгæнгæй, мæ цæстити разæй æхе мæ сæрмæ исиста. Цума æгæрон берæ тунтæй конд адтæй, æма си уæзæ н' адтæй, уотæ мæмæ фæккастæй. Мæ сæрти,уагæнгæнгæ, фæстæмæ батахтæй æма, раст, дуйнетæбæл фулдæр-фулдæр ци кизги уарзун, е ме 'уонæн фæлмæн ба ракодта, уомæй дæр æхцæуæндæр зир-зир бакодта мæ бауæр. Иуонæбæл цума рæугутæ фестадæй, уоййау уæлиуон сугъдæг уæлдæфау цидæр исуолæфтæй æхемæ. Уацирохсæй æмидолæ æрбадæн. Æрмæстдæр ма сæри хъанзи байзадæй æрдæгримæхст гъуди, нимайун ке гъæуй, кадæ-радæ 'ма æгъдау кæнун кæмæн гъæуй, уæхæн. Еци гъуди мин мæ зæрдæ агайдта æвæлмæцгæй:

– Царди медæгæ алци дæу фуд нæй, уæдта фудæй дæр ку некæд неци ракодтай, – уоци гъуди райгъосгæй, фæддууæ дæн гурусхи фæрæти цæфæй.

– Бæргæ, фал мин уоййасæбæл хуарзæй дæр ку нецима бантæстæй. Хуарз нæ ракæнун дæр фуд æй.

– Дæ бон уогæй, хуарз фæуунбæл некæд байаурстай.

Уотемæй дууехæй, мæ гури размæцуд нæ уорамгæй, гъудий цуд рагон зæнхæй зæронд арви астæумæ ниййаразтон, мæхе меднимæр никъæттæгæнгæй: «Ами ма кæддæр адтæн, ами дæр, ами дæр…»

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***5 августы*** РЦИ-Аланийы национ музейы байгом УФ-йы сгуыхт нывгæнæг Дзиуаты Батрадзы куыстытæ æмæ йæ чызг, нывгæнæг, хигъæдон куклатæаразæг Земфирæйы куклаты иумæйаг равдыст.

► ***6 августы*** Токиойы XXXII Олимпаг хъæзтыты уæгъдибар хъæбысхæстæй ерысты Сидахъаты Зауырбег 7:0 хыгъдæй фæуæлахиз йæ цыппæрæм ныхмæлæууæг Магомедхабиб Кадимагомедовыл дæр æмæ сси олимпаг чемпион.

► ***8 августы*** Ирыстоны цæрджытæ æрымысыдысты, Хуссар Ирыстоны æртындæс азы размæ уæззау тохы бонты йæ райгуырæн зæхх хъахъхъæнгæйæ хъæбатырæй чи фæмард, уыдоны нæмттæ.

► ***18 августы*** йæ цардæй ахицæн Цæгат Ирыстоны Кинематографистты цæдисы æмæ Цæгат Кавказы Уæрæсейы Федерацийы кинематогафистты иугонды сæргълæууæг, Хетæгаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, кинооператор, режиссер-документалист Гулуты Вячеслав.

► ***23 августы*** зындгонд журналист, æхсæнадон архайæг, РЦИ-Аланийы Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдар Фидараты Юрийыл сæххæст 60 азы.

Республикæйы фылдæрæй-фылдæр кæны коронавирусæй рынчынты нымæц. Суткæйы дæргъы рынчынтыл бафты 50 – 75 адæймаджы. Управленийы пресс-службæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ сæ иумæйаг нымæц ныридæгæн у 20 093 адæймаджы.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ
*Специалист по информационным ресурсам* М. К. МАГАЕВА

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 15.05.2021. Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 374. Цена свободная. Выход из печати 26 мая 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон – 15 майы – Цæгат Ирыстон-Аланийы Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал “Мах дуг” расидтысты**

## “МАХ ДУГ”-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!

*Журналы историйы уый у фыццаг Преми. Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы уавæр фæнывыл дæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног авторты нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*




- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*

*Конкурсы архайджытæ сæ кармæ гæсгæ дихгонд цæуынц 3 къордыл:*

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы преми, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!*

*Конкурсы æмгъуыды къæпхæнтæ:*

*15-æм майæ 30-æм октябрьмæ авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адрисыл:* ***mahdug@mail.ru*** *“Конкурс” дзы фæнысан кæнгæйæ; 1- æм ноябрæй 30-æм ноябрьмæ сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты æрбарвыст уацмыстæн; 10-æм декабры кадджын уавæры уæлахиздзау авортæ цæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Инстаграм æмæ Фейсбукы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды.*

*Фæрнæйдзаг ут! Æнтысæд уын!*




Индекс 73247
12+